

У. Гайсултанов

КАВКАЗАН ЛАЬМНАШКАХЬ

Max 1 с. 80 к.

НОВАЯ ЦЕНА
руб. — коп. 18

В ГОРАХ КАВКАЗА
На чеченском языке

С 722
П 14

У. ГАЙСУЛТАНОВ

КАВКАЗАН ЛАЬМНАШКАХЬ


Повесташший, дийцарший



КУРЧАЛОЕВСКАЯ
детская библиотека
Инв. № 31077

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
1960

Курчалойская Центральная
районная библиотека
Инвентарный № _____



1965-чу ШАРЕ НОХЧ-ГІАЛГІАЙН ЧУХУЛА ЛЕЛАВАХАР

I.

Гоьллелц йогІучу бацалахь хиина Іаш вара кхо кІант. Царех шиннен дейтталгІа шо доладелла. И шиъ ялхалгІачу классехь доьшуш ву. Цхьаннен цІе Салман ю, вукхуьнан Султан ю. КхозлагІниг Ваха жима ву. Иза хьалхарчу классехь доьшуш ву. Амма шен жима хиларе ца хьоьжуш, Ваха даиманна Салманций, Султанций цхьаьна ловзуш хуьлу. Воккхачу шина кІанта терго йо жимачуьнан. Жималлехь массо а хІуманан дуьхе кхиа гІерташ хуьлуш ма хиллара амалш йолуш ву Ваха. Массо а хІума довза, хаа лаам болуш, цуьнан хеттарш цкъа а кхача ца ло. Цуьнан оцу—хІара хІун ду? муха ду? стенна? цунах хІун до?— бохучу хеттаршна дуьхьал дуьззина жоп ло Султаний, Салманий. Ткъа шайна ца хууш дерг хьехархочуьнга а, пионервожате а

хотту, книжкаш тІера а доьшу. Царшиммо книжкаш дукха ешна, кхин тІе а хаддаза керл-керланаш йоьшуш а хуьлу и шиъ.

Салманна истори дукха еза, ткъа Султанна физикал дика цхьа а Іилма ца хета. Шаьш дешнарг вовшашна дийца барт бина цара. Дийнна сахьташ дохуш Іа уьш иштта бай тІехь сакъоьруш, шайца цхьаьна гуттар а Ваха а хуьлуш. Генахь доццу хи тІе а воьдий, ши метр геррга лекхачу бердах айми чу а лелхаш, лийча а луьйчий, тІаккха ІиндагІехь бай тІехь цхьацца дуьйцуш Іа.

ХІинцца а, лийчанчуьра схьа а веана, бай тІехь хиина Іаш вара и кхоъ, йоций кІужалш якъаялаза а йолуш. Баьццара бецахелиг шен кегийчу цергашна юкъа а Іуьттуш, лерина ладоьгІура Вахас Салманий, Султаний дуьйцучуьнга. Ткъа цара дуьйцуш дерг хІара дара. Дукха хан йоццуш йилла йолийнера юьртана юккъехула охьадогІучу хи тІехь керла электростанци. Кест-кеста доьлхура бераш цигахь бечу белхашка хьовса. Мел дукха дийцарх кІорда ца деш, кхача ца лора церан цунах лаьцна долу хабарш. Электроницкъо дахарна тІехь адамашна луш болу пайданаш, аьттонаш буьйцура бераша.

— Ма хаза а хир ду-кх вайн юьртахь станци ток яла йолаелча! Дадас радиоприемник оьцур ю, бохура. ТІаккха массо а гІаланашка ладогІа йиш хир ю!— элира Султана воккхаверца.

— Тхуна а оьцур ю папас радиоприемник!— аьлла дозалла дира жимчу Вахас, жимма хьалахьаьвзина болу мара а кІамбеш.

— Берриге а урамнекъаш дийнахь санна къагор бу лампанаша. Массеран а цІа чохь а хир ю уьш.

— Аса дийцирий шуна, хьалха заманахь вайн

ярташкахь буса латош хIун чиркхаш хилла?— хаьттира Салмана.

Вахас жоп делира:

— ХIан-хIа, дийцахьа.

— Аса дешна цунах лаьцна. Гуттар хьалха цхьа а чиркхаш а я церан тайпана хIума а ца хилла. ЦIа чохь цIенкъа юккъехь цIе ягош хилла, цунна нисса тIехула тхевнах долчу Iуьргах кIур ара а буьйлуш. Оцу цIеран серлонгахь йохуш хилла буьйсанаш. Цул тIаьхьа Iемина адамашна хьакхаран къуьда баго. Жимчу кхийран пхьегIана чу хьакхар а дуттий, машин цуьрг дуьллуш хилла цу чу, цхьа юьхьиг жимма арахьа а юьтуш. И юьхьиг латош, цуьнан серлонгахь йоккхуш хилла хан. Цул тIаьхьа балозах деш долу чиркхаш юкъадевлла. ТIаккха мехкадаьттанан лампанаш яьржина. ХIинца уьш а ширачех дIакхеташ ю, электролампанаша дIалаьцна церан меттиг.

— Ма сирла а хилла хир ю хIетахь цIа чохь!—аьлла велавелира Ваха цавашарца.— ЦIеран серлой, къуьдий!..

— Башха дукха хан а яц уьш лелийна-м. Дадас ма дийццара, вайн махкахь долу хIара дерриге а дикаллаш революци хиллачул тIаьхьа хилла.

— ХIокху шерашкахь динарш а дац, Ваха, кегий гIуллакхаш, амма аса ешначу «ВорхI шаре лелавахар» бохучу берашна арахецначу книжки тIехь дуьйцуш долу, кху ворхI шара чохь ден долу гIуллакхаш ду-кх Iаламаташ!

— Иза бакъ ду,— тIетайра Султан.— Аса а ешна и книжка.

— Сайн аьлларг хилча ма сиха чекхдолуьйтур дара аса и ворхI шо,— элира Вахас.— ТIаккха дерриге а сайн бIаьргашца гур дара суна.

— Туьйранашкахь юьйцуш йолу машина елара вайна.

— ХIун машина? — хаьттира Вахас.

— Заманан машина. ДIаяханчу хенан я тIейогIучу хенан цхьа шераш дага а лаьцна, ахьа тIам хьовзийчхьана оцу шерашка воккху цо.

— Ахьа баккъал а боху? Елара вайна и машина!

Вахас дукха даггара аларна делахь а я цара дуьйцачуьнга ладоьгIуш цхьа бозбуанчалхо волуш, церан лаам кхочуш бан цо дина делахь а, мухха делахь а, гIара-тата доцуш, мичара ели ца хууш, кхаа кIантана юххехь дIахIоьттира стигал басахь, йоккхачу тоьпан шокъалин суьртехь йолу, тамашийна машина.

Бераш чIогIа цецдевлира. Багош а гIаттийна, дерриге а диц а делла, машинна тIе бIаьргаш а боьгIна Iара уьш. Хьалха дагавелира Султан. Шен накъосташка хьаьжира иза, чIоггIа вист а хуьлуш:

— Хьо тамашийна гIуллакх!

Цунна тIаьххье вистхилира Салман:

— Тамашийна хилла а ца Iа!

Кхуьй а, сиха хьала а иккхина, цу хазчу машинна гонаха хьаьвзира. Машинна чохь виъ стаг чу хаа меттиг бара. ТIехуле шерачу ангалин яра, тIехьахьа дIатеттича дIа а еллалуш, юха тIе а чIагалуш, неI санна. Ангалина тIехь Iуьллуш цIен кехат дара, жимма а мох баьлча дIадада кечделла.

— И хIун кехат ду? — хаьттира Вахас.

Султана схьаийцира кехат. Цунна тIехьожжушехьа хьалха чул а чIогIа цецвелира иза. Цуьнан горгий, коканаш санна долу, Iаьржа бIаьргаш кхин а горгделча санна хеталора. Цунна тIе а веана, кехатана тIе хьаьжна Салман гIадвахана велавелира, горгийчу беснеш тIехь жима ши кIаг а хIуттуш.

— Вайга яздина ду хIара-м! — бохуш.

Кехат зорбанан элпашца яздина дара.

— Суна а го хIара вайга яздина хилар. Амма хьан яздина хIара вайн цIераш а, вайн дагара а сел нийса хууш? И ду-кхи аса тамаша бийриг.

— Вайн дагара хуучо яздина! — элира Салмана.

— ХIун ду иза? Дешахьа, — дийхира Вахас, кога буьхьар а хIуьттуш кехата тIехь дерг ган лууш.

— ЛадогIал, доьшу аса. «Дика кIентий, Султан, Салман, Ваха! Шун дагара хууш, аша дика дешарна, харцахьара ца леларна, шайн да-наношна гIо деш, бакхийчаьрга ладугIуш шу хиларна, замане леладаха шуна хIара машина ло аса. Шайна муьлхачу шара чохь хила лаьа хьаьжжина, хьалхарчу куьзгана кIелхьара терахьашна юххерчу нодарчашна тIе пIелгаш а таIийна, горга тIам хьовзийчхьана бIаьрган негIар тухучу сохьтана оцу шара чохь хир ду шу.

Машина муха лело еза дуьйцуш йолу бакъенаш юьйцуш книжка машинна чохь карор ю шуна.

Шуна диканиг лууш волу бозбуанчалхо Диканиг».

— Баркалла! Баркалла! Баркалла хьуна, Диканиг! — аьлла маьхьарий туьйхира бераша гуш воцчу бозбуанчалхочо Дикачо шайна и машина елла хазахеташ.

Меллаша тIехьахьа дIатеттира Салмана машинна тIехулара англи. ЦIен бархат тIетоьхна охьахоуьйлуш йолуш, массо а меже къегаш, куьг дIахьакхалушшехьа йоьхна яьржар ю-кх, аьлла хеталуш ховха, исбаьхьаллин говзаллийца йина яра. Книжка ца гуш дIасхьа хьоьжура Султанний, Салманний. Султанна юххехула кога буьхьар ийалуш чухьоьжучу Вахина массарел а хьалха гира иза. Цо чIоггIа элира:

— ДIо ю бакъенаш юьйцу книжка!

— Мичахь? — сиха хаьттира Султана.

— ДIогахь. Охьахоийлана тIехь. ЦIен мужалт а йолуш, жима книжка. Гой шуна, дIо!

Султана машинна чу а кхевдина схьаийцира сирнакийн баттал жимма йоккха хир йолуш, цен мужалт йолу книжка. Кхуьй а книжкина тIевогIавелира. Юха Салмана билгалдаьккхира:

— Кху тIехь дерг ма дарра Iамо деза вай новкъа довлале.

Машинна юххе охьахевшира бераш.

Книжки тIехь ерриге а пхи агIу яра. Хьалхарчу агIуна тIехь яздина дара, цу машино кхечу шерашка ваккхарал совнаха и вуьшта хехка а мегаш ю, цунна цхьа а ягориг а оьшуш яц, хьашт доллучу барамехь атоман буьртигашца кхачо йина хиларна. ШозлагIчу агIуна тIехь дийшира бераша, машина лаьттахула санна, хIаваэхула а лелалуш ю, аьлла. Нагахь санна хIаваэхула дIаваха дезча машинна чохь аьрру агIор йолчу цIечу нуьйдана тIе пIелг таIийчхьана, самолетан санна, тIемаш гучудевр ду, бохуш. КхозлагIчу агIуна тIехь дара чехкалла алсамъяккхаррий, лагIъяррий баьццара басар хьаькхначу тIомаца дан деза, и шена тIеозошший, дIатоттушший. ЙоьалгIачу агIуна тIехь гайтина ши нуьйда яра: Iаьржаниг — йолайолуьйтуш ерг, кIайниг — сацош ерг. ТIаьххьарчу пхоьалгIачу агIуна тIехь билгалдаьккхина дара, сихваларрий, машинца забаршбегаш баррий мегарг ца хилар. Дерриге а деш дерг хIунда до а, муха до а хууш дан деза, аьлла.

Книжкин пхи а агIу ешна довллушехьа, геннара схьа шок етта хезира берашна. Кхо кIант вовшашка хьаьжира. Кхийтира уьш и шок етташ верг, бераша Даьндарг аьлла цIе тиллина волу, Рамзан хиларх. Харцахьара вара Даьндарг, цхьана меттехь сацар доцуш, шех тоам бина, шена чул дика цхьана а кIантана хIумма а ца хаьа, аьлла, хеташ. Ткъа шел кегийчаьрца

гуттар цавашарца юкъаметтиг йолуш, кІоршаме вара иза. Цара шега цхьацца хаьттича даима цхьа жоп лора цо:

— И хьан гІуллакх дац. Воккха хилчхьана хуур ду хьуна,— олий.

Цундела иза кегийчарна а ца везара, цунах къехкаш а хуьлура уьш.

— Даьндарг ву и шок еттарг,— элира Вахас, шен дагахь иза кхуза схьаварна а кхоьруш.

— Хилча хІун ду? Гур яй шена вайн машина!

— Ша а ваийта бохур дац цо?

— Гур ду вайна. Ван лууш хилча воуьйтур ву-кх. Меттиг болуш бу,— элира Султана.

Хечийна тІехула хецна коч а йолуш, цхьа хІумма а бен-башха ца хетачу боларехь веана схьакхечира Даьндарг. Даиманна а массо а хІуманна тІехула хьежош болу шен сийна ши бІаьрг охьахьажошшехьа, стигал басахь йолчу машинах цІеххьана бІаьрг кхетта, чІогІа цецвелира иза. Цуьнан коьрта тІера маьІ-маьІІехь ирахІиттина долу хьаьрса чоьш кхин а чІогІа ирахІиттича санна хеталора, оза дегІ хьалхахьа сеттира.

— ХІара хІун ю? — хаьттира цо, цецвалар лачкъа а ца деш.

— Заманан машина ю,— жоп делира Султана.

Ца тешаш ехха шок туьйхира Даьндарга.

Бераш кхийтира Даьндарг цатешарх. ТІаккха цара бозбуанчалхочо Дикачо яздина кехат а, машина муха лело еза дуьйцуш йолу бакъенаш юьйцу книжка а гайтира цунна. Жим-жима йовш Даьндарган шеко яйра. ТІаккха ша а цу машинан декъашхо волуш санна волавелира иза яккхий планаш хІитто:

— Вай хІун дей? ХІинца дуьйна дІа бІе шо даьлча хинйолчу замане даха деза вай! Ма даккхий Іаламаташ

а гур ду-кх вайна. Я кхин дей вай? Эзар шо хьалха хIун хилла хьовса гIо вай?

— Хьалха хилла дIадаханарш вайн историко Салмана Iамор ду. Ткъа вайна хIокху сохьта, кху герггарчу заманахь хин дерг хаа деза. Мехала ду хиндерг хаар,— жоп делира Султана цуьнан къамел хадош. Юха билгалдаьккхира: — ХIара «вай» бохург муха ду хьан? Гой хьуна хIокху меттехь язйина тхо кхааннен цIераш бен яц. «Вай», бохуш хьо юкъа ма веттал ахьа.

Жимчу Вахина къахийтира Даьндаргах. И харцахьара велахь а, кегийчаьрца кIоршаме велахь а, чIогIа лиира цунна иза а шайца вогIийла. Оцу даггара Салман а вара. Амма кехато цIе билгалйоккхуш бакъо елла ца хилча муха вуьгур ву иза лела? Иштта ойланаш йолуш бераш долуш, Даьндарг воьхна дIа-схьа хьаьжира. Дерриге а хаза дIанислуш лаьтташ, цIеххьана яьллачу оцу новкъарлонна дан хIума дацара. Ша мел харцахьара велахь а бакъо йоцуш долу гIуллакх дезаш вацара иза.

Иштта йиш йоьхна бераш лаьтташ, гIа леста хаалуш а мох боццушехьа, Султанан карара кехат дегийра. Цунах тамаша бина бераш кехатана тIедогIаделира. Лакха коьртехь кхаа кIентан цIерашна тIехьа роггIехь элпаш дIахIуьттуш гучуелира Даьндарган цIе. Оцу сохьта хазахетта маьхьарий девлира берийн:

— Уре! Уре! — аьлла.

Кехато бакъо яларна Даьндарг а дIакхийтира кхаа кIантах.

Сацам бира цара кхин хан ца йойуш новкъадовла. Уггар хьалха некъ билгалбаккха безара. Вахийтинчу Вахас карта деара.

— Мичхьара дIадуьйлалур ду вай? — хаьттира Салмана.

— «Мичхьара» стенна оьшу. ХIокху ваьш лаьтта-

чуьра дIадуьйлалур ду-кх. Хаьхкина Украине а, Средни Азе а, Генарчу Малхбале а гIур ду-кх!

— ХIан-хIа,— дуьхьало йира Султана. — Цхьана маьIера дIадуьйладала деза вай. Суна хетарехь вай хьалха Нохч-ГIалгIайн чухула чекхдовла деза. Муха хета шуна?

Йоккхачу штабехь план хIоттош санна, и хIоттош ша декъашхо а хеташ, хIумма а забарийна а доцуш жоп делира жимчу Вахас:

— Нийса ду. Дика хета.

— ЦаI командир харжа веза вай! — элира массо а гIуллакха тIехь низам дезаш волчу Салмана, кегий тIедарчий долу юьхь рогIехь массаьргахьа а ерзош.

— Эш, и-м стенна иэшара. Вай ваьш ду дерриге а командираш,— элира цхьаннен куьйгаллина кIел хилар ца дезачу Даьндарга.

— ХIан-хIа, низам доцуш, командир воцуш гIуллакх дIа ца доьду. Командир хила веза. Суна хетарехь вайн командир Султан хилча бакъхьа ду. Мила ву цунна дуьхьал?

Цхьа а дуьхьал вацара. Бакъдерг аьлча, Даьндарган жимма дог-м кIамделира, командир ша ца харжарна халахетта, делахь а оцу сохьта ша шена синтем бира цо, оццула жоьпаллин гIуллакх тIелоцучул атта ду, гIайгIа йоцуш хилар, бохуш.

— Уггар хьалха суна цаI ала лаьа,— элира Султана.

— ХIун?

— Аша со шайн командир хаьржинехь соьга ладугIуш хир ду шу. Айса аьлларг ца динчунна аса дан доггIу таIазар дийр ду!

— Дика ду,— жоп делира массара а.

— Делахь хIета новкъа довлий вай? Вай вешан

некъ Ножи-Юьртара дIаболор бу. Вайн Республикан дозанехь ю и. Реза дуй шу?

— Ду.

— XIета шайн меттигашка охьаховша! — аьлла, приказ дира Султана.

Массо а шайн-шайн меттигашка охьахевшира. Ангалин тIехуле тIе а оьзна, тIаккха иза дIа а къевлина, шена хьалхарчу куьзгана кIелхьара, хьалха цаI, тIаккха исс, юха ялх, тIаьххьара а пхиъ тIехь долчу терахьашна юххерачу нодарчашна тIе пIелгаш таIийра Султана. Оцу сохьтана куьзгана тIехь къегира.

1965-ГIА ШО

Машино бераш 1965-чу шаре дехира.

II.

Султана, дIа а таьIна, аьрру агIор йолчу цIечу нуьйдана тIе пIелг таIийра, оцу сохьта машинан шина а агIор гучудевлира самолетан санна тIемаш. ТIаккха баьццарчу басахь болу тIам шена тIеозийра цо. Машина чIегIардиг санна хIаваэ хьалахьаьдира.

— XIей-хIей,— бохуш тохавелира кхеравелла Даьндарг. — Со-м вац олхазар санна лакхахула лела дагахь!

— Охьахаий Iе, меттах а ца хьеш,— аьлла, приказ дира Султана. — Хьо кхоьруш хилча цIахь Iен везара хьо.

Кхеравелла боху цIе езаш вацара Даьндарг. Шена юххехь гIадвахана хиина Iачу Вахе хьаьжира иза, гIийла вела а къежаш:

— Лакхахула леларх хIумма а гур доцу дела бохура аса-м,—бохуш бехкала вахана.

Кхин къамел дан кхиаде Султана машина лагIийра. Лакхара охьахьоьжучу лелабаханчарна гира баьцарчу хьуьн юккъехула долчу Iин чухула кIайн къегаш аса. Цунна шина а агIор яккхий гIишлош яра, малхбалехьарчу басех хьала дукха цIенош дара, тIе гериггий, шиферрий йиллина.

— Султан,— кхайкхира Даьндарга.— Вай кхузахь дукха хьийзар дуй? Лаьтта охьадисса вай?

— ХIокху сохьта,—бохуш карти тIе хьоьжура Султан. Юха ша шега бохура цо. — Кхузахь ерг йоккха райцентр а ма ю, суна дадас йийцарехь Ножи-Юрт жима а ма яра. ХIара муха ду?

Султана меллаша иза бохуш хиллехь а Салманна хезира. Цо вела а луш элира:

— Хьо жимма вицвелла моьтту суна. Вай-м 1965-чу шара чохь дай! Мел хийцамаш хилла хир бу аьлла хета хьуна?

Султан велакъежира.

— Со-м вицвеллера.

Меллаша охьайоссийра Султана машина шуьйрачу силам дилланчу некъе тIе. ТIаккха тIемаш къайла а даьхна новкъа хаьхкина юьрта чубуьйлира уьш.

Лакхахь санна тийна воцуш, хецаелла пружина санна, цхьана меттехь ца сацалуш дIа-схьа хьийзара Даьндарг, пхаьрсан ирачу гоьлаца Вахина муьшканаш а еш.

— Ма цец а девр ду-кх кхузара бераш вайн машина шайна гича! — бохуш воккхавера иза.

Амма дукха ца вевира иза оцу ойланаша воккха. Новкъахь дуьхьал кхийтира царна шайчул а тамашийна хаза машина. ГIара-тата доцуш тIех а яьлла дIаяхара иза. Цунна тIаьххье бохург санна кхин цаI а яхара, юха кхин цаI а яхара...

— Керла евлла машинаш ю уьш,— билгалдаьк-

кхира Султана. — ХІара атоман зама ю. Схьахетарехь, и машинаш а ю атомни ницкъаца лелаш, бензин ца оьшуш. ХІумма а гІовгІа йоцуш лела.

Хил дехьахь йина яккхий гІишлош яра. Цигахь зІакардохнан ферма яра. Кіайн халаташ а юьйхина, цаІ-м деш лелаш адамаш дара. Шурула кІайчу котамаший, боргІалший кІаййина дІалаьцнера гонахара майда.

— Хьовса вай цигахь муха хІун ду,— аьлла шуьйрачу аьчган тІай тІе дІаерзийра Султана машина.

Фермана юххе кхаьчча машина саца а йина, чуьра арабевлира лелабаханарш. Царна юххехь вовшах леташ кІайн шиборгІал яра, легаш а дусийна, чу хІуп аьлча санна. Когаш тІе охьа а лахвелла уьш леташ хьежа кечвелира Даьндарг, дерриге а кхин дерг диц а делла.

— ХІай-хІай! Тасалолаш! Тоха зІок! Тоха тІам!

Амма оцу сохьта, машина йогІу гина, цунна дуьхьал веанчу, йоца хеча а, майка а юьйхинчу кІанта дІасхьа къахкийра уьш. Юха Даьндаргехьа а вирзина элира цо:

— Эхь ца хета хьуна, уьш леташ хьежа? Адамашна юккъера харцахьара лелар, летар дІадаккхарна хІорш леташ самукъа долуш воллу хьо? Дуккха а деша деза ахьа культурни, оьзда стаг хила.

Даьндарг цІийвелира. Ткъа жимчу Вахас юккъехула элира:

— Кхуьна-м цІе а ю бераша тиллина Даьндарг, аьлла.

— И бохург хІун ду? И хІун цІе ю?

ТІевеанчу кІантана шаьш мичара даьхкина, муьлаш ду ца хаьийла хиина вистхилира Салман.

— Тхуна бехк ца биллар доьху аса хьоьга тхоьгахьара цхьа тамехь доцург далахь. Тхо 1959-чу шарера

даьхкина шу долчу, шун дахаре хьовса, хIетахь дуьйна схьа хиллачу хийцамашка хьовса. Хьан цIе хIун ю?

— Сан цIе Руслан ю. Ишта делахь-м хIумма а дац. Тхуна школехь ма хьеххара хIокху ворхI шара чохь баккхий хийцамаш хилла вайн махкахь адамийн дахаран хьелашна тIехь хилла ца Iаш, ткъа адамашца шаьшца а.

Ваха шен шеконна жоп доьхуш хаттар даза ца Iавелира:

— Руслан, хьо школехь доьшуш ву?

— Ву те.

— Муьлхачу классехь?

— ШозлагIчу.

— Ткъа кхузахь хIун деш ву хьо? Хьан нана хир ю кхузахь болх беш?

— ХIан-хIа. Со суо ву кхузахь болх беш.

— Хьо ву? — цецваьлла дахдира хаттар Вахас.

— Ву те. Школехь деша а доьшуш, кхузахь болх а беш ву со. Суна зIакардохнца долу гIуллакх деза. Цундела ву со кхузахь. Со санна кхин а дуккха а дешархой бу кхузахь белхаш беш.

— Ткъа аща бийраш хIун белхаш бу?

— Мехала белхаш бу оха бийраш а. Амма дукхаха долчунна тIехь баккхийчара Iамош ду тхо. БархI шеран дешар чекхдолуш берриге а кху фермера белхаш бевзаш говзаллаш йолуш хир ду тхо. Дешна ваьлча кхузахь болх бан сацам бина аса. Кхечарел хIумма а ледара болх бац хIара а. Закардохнан фермо шорта жижиг а, хIоаш а ло колхозана. Дукха йоза-дешар, хаарш дезаш болх бу кхузарниг а.

Даьндарг велакъежира. Цуьнан дагара хааделлачу Руслана цуьнга шегга элира:

— Хьо вела ма вела хьо. ЗIакардаьхни кхио а говзалла, Iилма оьшу. Бен а ца хеташ Iалашъеш хилча ко-

тамаша а кIезиг до хIоаш. Алал, цхьана котамо шарахь маса хIоа до?

Даьндаргана ца хаьара. Мичара хуур дара цунна, цо цкъа а терго йина а, хаьттина а я иза хаа лууш а хилла ца хилча? Кхин ала хIума а ца карийна, иштта жоп делира цо:

— Шена дага мосазза деа до. Вуьшта уьш дагар хьан дина?

—«Дага мосазза деа»,— аьлла цуьнан дешнаш далийра Руслана цавашарца. — Дац хьуна иза иштта. ЗIакардаьхни кхиор, дебор кхин дIа а шордеш дукха Iилманан-талланан учрежденеш ю. Цара дукха керланаш гучудоху. ЗIакардаьхни кхабар Iилманца дIахьош ду. И муха кхобу хаьий хьуна? Кхо-диъ де хан йолчу кIорнешна миллиграмашкахь пиницилин а, биомицин а, минеральни кхача а тухуш кечбина болу межарг а ло. Ткъа дийнера дуьйна дIа кегийра жарж баабо. Бутт кхаьчча кхехкийна картолаш а яайо. Цамгарш ца хилийта даош долу молханаш бутт хан кхаьчча сацадо. Дийнан кхача вовшахтохар зоотехникан куьйгаллийца дIахьош ду, и баор шен йиллинчу рожехь деш ду. ХIор котамо 200—220 хIоа до шарахь. Ткъа хIоккхула йолчу котамаша мел пайда бахьа колхозана шарахь, ларал. ТIаккха хуур ду хьуна, хIара мел оьшуш гIуллакх ду.

— Важа дешархой ма бац гуш? — хаьттира Салмана дIа-схьа хьежарх кхин бераш а ца гина.

— Шайн сахьаташкахь болх бина а бевлла колхозан клуберчу майдана бахана уьш кино хьовса.

— Муха бохура ахьа? — элира Даьндарга. — Сона-м хьехамаш бора ахьа сол жима велахь а, амма хьайна ницца мотт бийца а ца хаьа хьуна.

— Хьанна, суний?

— ХIаъ, хьуний. «Клуберчу майдана бахана уьш

кино хьовса». Кино майданахь дийна делккъехь гойтушшух ца хуьлий! Клубе бахана ала дезачохь, клуберачу майдана ма боху ахьа?

— Боху-кх бахана дела. Ца гина хьуна дийнахь гойтуш йолу кино?

— А... м... и дара и,— элира Даьндарга воьхна. Ю бохуш юьйцу хазар бен цкъа а ца гинера цунна дийнахь гойтуш йолу кино, амма хIинца яхь ца яла лачкъийра.

ХIинццалца ладоьгIуш лаьтташ волу Султанний, Салманний вовшашка а хьаьжна велакъежира, Даьндарга тIаьххьара дешнаш аьлча.

— Со а ву кестта майдана гIур волуш,— элира жимчу Руслана.

Аьчган серех юьйцинчу кертал дехьа хьоьжуш лаьттара лелабаханарш. Куйн лаьтта божа меттиг йоцуш йоккха, еха керт юьзна яра котамех, боргIалех. ЦIарула цIен тIилдигаш егош ежара уьш. Дехьохьо ехий, яккхий гIишлош яра, кIайн кир тоьхна, тIе шифер йиллина, даккхий, шуьйрий, чохь шорта серло хилийта, кораш а долуш. ЦIаьлдигашна санна, лахахь йитинчу кегийчу неIаршкахула (Iуьргашкахула) чуй, арий юьйлуш а яра дукха котамаш.

Юххерачу ломаца хьала, стигала хьалакхаччалца бохург санна, луьста хьун яра. ЦIеххьана цу хьуьна юкъара гучуделира куьйра. ХIаваъ цоьстуш, чIу санна, охьахьаьдира иза. Цунах бIаьрг кхеттачу боргIалший, котамаший, къаьхкина йоккха гIовгIа яькхира.

Руслана мохь туьйхира:

— Ва, Амад! Куьйра! Куьйра! — аьлла.

Мох санна чухьаьддачу куьйрано, бераш кхин дагадовлале, мIараш юккъе а Iаьвдина хьалададийра цхьа меъ. Дехьохьо волчу Амада, воккхачу стага, бегIаган кIайн куйн сихха хьала а тоттуш хьажош топ кхоьссира

Курчалойская Центральная районная библиотека
Инвентарный № _____

КУРЧАЛОЕВСКАЯ детская библиотека
Инв. № 31077

куьйрана тІаьхьа. БІаьрса ледара долуш хиларна делахь а, я нийса тоха ца хууш делахь а Амада кхоьссина топ ца кхийтира.

— НаьІалт хиларг! Хьан дегІах тоьпан хІоъ кхетахьара кхин дацара тхан котамашна тІелета куьйра.

— Же, кІентий шайн меттигашка охьаховша! — аьлла, приказ а деш, машинехьа ведира Султан.

Оцу сохьта вуьш а кхийтира цуьнан дагарчух. Къуьна таІазар дан дезара! Меъ а эцна куьйра хьаладаьлла минот ялале шок тухуш, мох хадош хІаваэ хьалахьаьдира машина. Хьуьн чу долале схьалаца дезаш дара куьйра. Ша тІема лелаш санна чехка дацара цуьнан меаца дІадахар, сих-сиха ца деттара цо шен шуьйра тІемаш. ХІор секундаца герга гІертара машина.

Куьйрана дукха оьгІазвахана, дерриге а диц а делла, тІехлара ангали дІа а теттина, хьалаайавелира Даьндарг, юххе нислушшехьа катоьхна куьйра-къу схьалаца дог долуш. Амма дукха чехка йоьдучу машино цоьстучу мохо юханехьа саттийна цу чуьра маьІІаргона аракхуссура иза, Салманий, Вахассий цхьацца кор а лаьцна юха чу ца такхийнехьара.

— Кечлолаш къу тІеэца! — команда дира Султана.

Оцу сохьта куьйрана нисса кІел нисбелира уьш. ТІаккха Султана хьалахьадийтира машина. Куьйра аьрру агІор хьаьдира, амма тІаьхьа дара. КІел лаьцначу куйнна чу южу лакхара охьайогІу буьрка санна, ангалин тІехуле дІайиллинчухула Даьндарганий, Вахиний юккъе машин чу нисделира куьйра-къу, мІарашца къевлина меъ а долуш. Катоьхна цуьнан ши тІам схьалецира Вахас, ткъа Даьндарга оцу сохьта мІараш юккъера меъ паргІатдаькхира.

— ХІай мисканиг хьо яІ! Лазийна-кх хьо кху боьхачу хІумано, — бохуш.

Го а тесна зIакардохнан фермана юххехь охьайоьссира машина. Деза жовхIар санна, меъ лардеш чуьра аравелира Даьндарг. Ведда тIевеанчу Руслане дIакховдийра цо иза.

— ДIаэца, боккхачу балех кIелхьара дели хIара меъ. Со дика ца тохавеллехьара... — аьлла гуттар санна дозаллаш дан а волавелла, юха ша шех а эхь а хетта дIатийра иза.

— Руслан, хIокху куьйрана хIун до? — хаьттира Вахас.

— Далаза дуй иза?

— Ду.

— Тхан школехь Iаламан уголок ю, цига дIалур ду аса иза, шуьгара совгIат хилар хоуьйтуш гурана тIе табличка а тухуш. Доккха баркалла ду шуна тхоьгара массаьргара а. Амад ша кхоьссина топ кхунна ца кхетарна ийзалуш тIе ца вогIу, амма даггара шуна резаволуш, шу хестош вара иза.

Кхин а кхача дезаш дукха меттигаш хиларна цигахь кхин хан ца йойуш новкъа бовла сацийра лелабаханчара.

— Iодика хуьлда хьан, Руслан, — аьлла, баккхийчара санна, куьг делира Вахас.

— Некъ дика хуьлда шун! — элира Руслана даггара.

Шерачу новкъа машина йоуьйтуш массанхьа а бIаьрг тухуш райцентрехула меллаша чекхбевлира лелабаханарш. Дукха бераш дара айма йолчохь хи чохь луьйчуш. Церан ирсен аьзнаш декаш даьржара, бIарийн даккхийчу дитташна, ламанан хьаннашна тIехула хьалаоьхура. Баккхий нах бара IиндагIашкахь кегийчу стоьлашна хьалха охьахевшина, цхьаберш шашканех, шахматех ловзуш, кхиберш газеташ, журналаш йоьшуш. ДIанехьо йолчу йоккхачу школана хьалхара

схьахезара лоькху яккхий зурманаш. Массанхьахь а бохург санна кхозуш плакаташ яра жаIуй, даьхнилелорхой, хьелиозархой, белхалой, гIуллакххой декъалбеш, кхин а дикачу кхиамашка, коммунизман дIайиллинчу неIсагIехь ца совцаш онддачу боларца чоьхьадовларга кхойкхуш.

— ЛадогIал, — элира Салмана. — Суна цхьа хIума дагадеана. Вай хIор районехь юьртан бахаман цхьацца декъе хьовсуш чекхдевлча дика хета суна. Кхузахь зIакардохнан ферме хьаьвси вай, кхечанхьа уьстагIий лелочу ферме, кхозлагIчохь шурин-товарни ферме иштта тайп-тайпанчу дакъошка хьовсар шуна муха хета?

— Дика хета. Реза ду.

— ХIета, Султан, хIинца мича доьлху вай?

— Сесана!

Ши тIам дIа-схьа бахийтина хьалахьаьдира стигал басахь машина. ХIинцале вола а воьлла, лакхенах ца кхоьруш, илли бохуш, лаьтта охьахоьжуш вара Даьндарг. Иштта самукъадаьлла вуьш а бара.

Йоккха хан ялале лелабаханарш тIехь болчу машинна лахахь шера аре яра. Кегий тIадамаш гора царна лаьттахь. Уьш меттахъхьеш санна хетта, Вахас хаьттира:

— Жа-м дац и гуш дерг?

Цуьнан хаттарна цхьаммо а жоп далале, малхбалехьа агIор дукха маса цхьа мокха тIадам бедира. Генна цунна тIаьхьа бедира Iаьржа боккха ши тIадам а.

— ЖIаьла ду дIо хьалха дедда доьдург! — элира Даьндарга.

Машина лаха охьаяийтира. Къаьстташ шера гира лелабаханчарна едда йоьду жIаьлех тера хIума а, цунна тIаьхьа говраш хаьхкина вогIу ши стаг а.

— ХІан-хІа, — билгалдаьккхира Салмана. — И жІаьла дац, борз ю. Цунна тІаьхьа говраш хаьхкина богІурш жаІуй бу.

— ГІо де вай царна? — хаьттира Султана накъосташка.

— Де! — жоп делира массара а цхьабосса.

Машина, кхин а лаха охьа а яийтина, барзана дуьхьал хаьхкира цара. Борз къаьхкина кхечу агІор хьаьдира. Амма машина оцу сохьта цигахь а дуьхьалъелира. Борз хьалхалерачу агІор дІахьаьдира. Юха а машина дуьхьалъелира. ТІаккха йоха а йоьхна, говрашкахь шена тІаьхьа вогІучу шина беречунна дуьхьал хьаьдира иза. ЖаІуша оцу сохьта юххе кхоччушехьа тоьпаш туьйхира. Борз охьаюьйжира.

Машинах хІумма а тамаша ца беш, берашка куьйгаш лестадора жаІуша. Султана лаьтта охьайоссийра машина.

ЖаІуй дейтта-пхийтта шо хан хир йолуш кхиина догІу бераш дара. Цхьаннен коьрта тІера месаш кІайн, вукхуьнан, кІора санна Іаьржа яра. Йоккха башхалла яра цу шиннен догІмашна юккъехь а. Іаьржаниг вуткъа лекха вара, кІайниг, бута санна, жима, лоха вара.

Маршалла хаттарца цхьаьна доккха баркалла элира жаІуша берашна.

— Шу ца хиллихьара тахана а ер яра и тхоьгара. Доккха гІо ди аша тхуна. Кест-кеста хаалора иза жана гонаха гезъеш.

— И-м доккха гІуллакх дацара. Тхоьга-м цул а... — аьлла, шен накъосташка а хьаьжна дІатийра Даьндарг, дозаллаш дан чІогІа са кІамлушшехьа.

ЖаІуша берзан цІока а яьккхина, жа долчу бахара уьш.

Бухахь вара воккха стаг жаІу, бацалахь даржийначу вертана тІехь хиина Іаш. Жана гонаха хевшина

Iаш жIалеш а дара, и дIа-схьа ца доржуьйтуш лардеш. Воккхачу стаге маршалла хаьттинчул тIаьхьа ша тамаша бечунна жоп доьхуш хаттар дира Султана:

— ХIара муха ду? УьстагI бадо дагахь еанчу барзана тIаьхьа ма ца девлла жIаьлеш?

Воккхачу стага жоп делира:

— Оха иштта Iамийна хIорш. Барзана тIаьхьа идарх и атта схьалацалур яц. Цундела борз хааелча жIаьлеша лета а леташ орца доккху, амма шаьш цунна тIаьхьа ца довдуш, жа лардеш Iа, шайн меттиг дIа а ца тосуш. Кхин цаI а ду цуьнца дозуш. ЖIаьла тIаьхьа а кхиина барзах тасаделча чов ца хуьлуш дуьсур дац. Ткъа чов хилча шен гIуллакх а далур дац цуьнга. Цундела Iамийна оха хIорш иштта.

Вовшашка цхьацца хаьттинчул тIаьхьа, дуккха а шераш хьалха дуьйна вовшийн девзаш долуш санна юкъаметтиг дIахIоьттира берашна юккъехь.

ЖаIуша дозалла а деш дуьйцура шайн балхах лаьцна.

— Кхин цхьа шо даьлча бархI классан дешар чекхдолу тхойшиннен. Амма, бакъду, цу тIехь саца дагахь а вац. Заочно доьшур ду. Тхоьца доьшуш долу бераш цхьа дерш цхьайтта шеран дешаран школе даха дагахь сацам бина а ду. Уьш а ду шайн деган безам болччу белхаш тIехь говзаллаш Iамош. Ткъа сой, Васий уьстагIий лелочу фермехь болчу балхе безам болуш, тхешан дахар цу гIуллакхана тIедерзийна чекхдаккха дагахь ву. Дика хьехархо а ву тхойшиннен,— аьлла, йистехьо лаьттачу воккхачу стагехьа корта тесира кIанта. — Советски Союзан къинхьегаман Турпалхо Газалиев Висарсолта! ГIараваьлла жаIу ву иза. Цо Iамош ву тхойшиъ.

— ЖаIу хила хIун говзалла оьшу? — хаьттира Даьндарга цавашарца. — Боккхачу кхура кIел охьа а

хиъна, шедиг а лоькхуш де дайичхьана кхочуш хуьлуш дац жа дажор?



Массо а даггара белабелира.

— ХIокхо бохурш хьалхалера, хIинца туьйранашкахь буьйцуш болу жаIуй бу, — билгалдаьккхира Васяс, — Уьш дац хIинца. Кху заманахьлерчу дахарца дозуш хIумма а дац царех. ДIахьажал тхан уьстагIашка.

УьстагIий хаьржина, къастийна вовшахтоьхча санна дара, дерриге а цхьана басахь, беха буткъа тIаргIа болуш, дерстина, буьрканаш санна горгий.

— Дикачу хIух лоруш советски меринос олуш долу уьстагIий ду хIорш. Иштта дикачу хIух долу уьстагIий кхиалур дац кхура кIелахь Iиндагlехь шедиг лоькхуш Iийча! — аьлла, Даьндарге хьаьжира Вася. Юха шен накъосте элира цо: — Нийса бохий аса, Iела?

— ХIор бIе жийгара 150 Iахар кхиор хIинца хIумма а хала гIуллакх лоруш дац,— элира Iелас. — Тохура 110—120 кхиор а доккха гIуллакх дара. УьстагIашна юкъара бруцеллезан а, некробациллезан а цамгарш дIаяьхна. УьстагIашна тIехь даиманна хаддаза таллам маш латтабо. Кхабар шен раж йолуш, Iилмано ма бохура дIахьо. Дешна, говзалла йолуш хила веза жаIу а.

— Тохара хьалха уьстагIашна хи малоран гIуллакх а башха лоруш дацара. Ткъа цхьамогIа шерашкахь динчу зераша гучудаьккхина уьстагIашна Iаббалца дийнахь шозза, кхузза хи малор чIогIа пайдехь хилар. Масалана, аьр вай, и бахьана долуш тIергIан дикалла хьалайолу — тIаргIа кIеда хуьлу, устагIий дерстина хуьлу.

— Дийначу кан терзанан барам 130 килограмме кхочу.

— Жийн терзанан барам 80 килограмме кхочу.

Гобаькхина люцерна йийна шера аре яра, геннахь гуш хьаннаш а йолуш. Кхин бIаьрг беттарх цхьанхьа а хи а ца гина, Вахас хаьттира:

— Хи мало мичхьа дуьгу аша жа?

— Цхьанхьа а ца дуьгу. Кхузахь, дежийлашкахь мала до.

«Уьш-м аьшпаш бара. Гуш цхьанхьа а хи а доцуш, кхузахь муха мала до?» — бохуш ойланаш йора Даьндарга.

Даьндарг санна шекваьллера Салман а.

— И муха ду ткъа? — хаьттира цо.

Хаттарна дуьхьал жоп ца луш къилбехьа дIахьаьжира Вася.

— ХIинца схьакхочу хан ма ю церан. Уьш хIунда хьеела хьовха? — аьлла иза воллушехьа, генна хьуьна юкъара схьа гучуелира тIаьхьий-хьалхий кхо машина. — ЙогIуш ю. Хьовсал, дIо схьайогIу кирлело машинаш гой шуна? Царна тIехь якккхий цистернаш ю. Иштта дохьу кхуза хи.

«ХIа, иштта хилла-кх хIара. Дагахь а дацара суна оцу тайпана кхуза хи дан там бу бохург»,— элира Даьндарга шен дагахь.

— ТIаргIа ларгар муха ду шун фермехь? — хаьттира Султана.

— Дукха дика дIахIоттийна ду. Берриге а белхаш электроницкъаца бо. Схьалоцучу тIома чохь кегий мотораш а йолуш машинкаш ю. Цаьрца лоргу. Нийса, цхьабосса бухера схьалоцуш, цIена лоргу тIаргIа машинкашца. ХIор уьстагIера 8—9 килограмм лоргу.

— Кхин цхьа дикалла а ю машинкашца,— элира Iелас. Хьалха тIаргIа лоргуш тукарш леладора. ХIор уьстагI лоргуш эзарза гергга тукар Iовдуш, лахара эвсаралла йолуш хилла. Цхьана дийнахь 18—20 уьстагI

бен ларга луш ца хилла. ХIинца 150—180 уьстагI лоргу цхьана стага! УьстагIий лоргу цункташ лаборатореш санна цIена ю. Цигара белхалой берриге а кIайн халаташ юьйхина, лоьраш санна, цIена кечбелла бу.

— Лергинчул тIаьхьа уьстагIий мелачу хи чохь лийчадо, тIаккха дежийлашка дIалохку. Iаьнан заманна а дика кечам бо колхозаша: хьаьжкIийн силос а, люцернан йол а, хIоъ-докъар а кечдо уьстагIашна. ГIотанаш а ю яккхий, сирла, йовха.

Схьакхечира хи дохьуш йогIу машинаш. Кабинкаш чуьра арабуьйлура шоферш а, хIор шоферца цхьацца Iемаш волу кIант-дешархо а. Шайн балхах, дахарх баккхий беш, бекхабелла бара уьш берриге а.

— Хьаг-м ца делла шу? — бохуш, забарш еш тIебаьхкира уьш.

Кхин а цхьацца дуьйцуш, жимма жаIушца хан а яькхина новкъабевлира лелабаханарш.

Сесанан райцентрехула чекхбевлира уьш меллаша машина йоуьйтуш. Цигахь а гира царна лекха, кIайн кир тоьхна, шуьйра даккхий кораш долу цIенош, тIекIел дина районан дворецан цIенош, цхьанхьа футболах ловзуш кегий нах, кхечанхьа мехкаршца цхьаьна волейболах ловзуш кхиина богIу кегий кIентий. БIаьстенан сийначу бацалахь лепа зезагаш санна, бес-бесара кIайн, цIен, сийнан чилланан майканаш юьйхина, каде, тIахъаьлла хьийзаш бара кегийрхой. Церан ирсен аьзнаш, кхорбIелиган эшарш санна, декара.

— Цхьаберш садоIуш, ловзуш самукъадоккхуш бу, вуьш белхаш беш бу,— элира Даьндарга. — Шайн белхан хан дIаяьлча, мукъа бевлча вуьш а схьакхетар бу кхарех.

— ТIаккха ткъа! Иштта хила а деза,— элира Салмана.

Генна хьалхахь некъ хадош урамнекъан вукху

агIор довлуш дара детсадера кегийра бераш. Царна тIекхачайоьлча Султана машина сацийра. Iаьржа трусикаш а, доций пхьуьйшаш долу кучамаш а юьйхина, кIайн шляпканаш а техкина, дерриге а цхьана тайпана бедар юьйхина, вовшийн куьйгаш лаьцна догIура бераш. Царна юххебевлла бара церан воспитательницаш, кIайн халаташ а юьйхина. Илли дара бераша бохуш. Цхьабосса мукъам балош дацахь а, даггара бохуш дара цара иза.

Детсадехь кхуьу тхо,
Школе деша даха.
Ирсе дахар ду тхан,
Да-нанош делла.

ЧIогIа хазахеташ хьоьжура жима Ваха берашка. Шера дагаеара цунна ша детсадехь яьккхина хан. ХIара бераш санна, Ваха хиллачу детсадера бераш а долхара кест-кеста экскурсе. Ма хаза а, самукъане а хуьлур-кх цигахь!

Ваха санна, берех баккхий беш хьоьжура цаьрга цуьнан накъостий а, иштта берашна некъ буьтуш некъан дехьай, сехьай севцца нах а. Бераш дерриге а некъан вукху агIор девллачул тIаьхьа дIайолаялийтира Султана машина. Дуьхьал схьайогIуш севцца хилла машинаш а йолаелира.

Райцентрера арадевлча хIаваэ хьалаелира машина. Дикка некъ бира цара. Лаьтта охьахьоьжуш вогIучу Даьндарга мохь туьйхира:

— Султан, дIо Iин чохь ерг электростанци ю моьтта суна. Цуьнга хьовса вай?

Охьахьаьвсинчу вукху берашна а гира электростанцин гIишло. ТIе шифер йиллина болу тхов къаьсташ бара. ДIа-схьа сетташ къегаш хин аса а яра. Цу гIишлошна тIе боьдучу новкъа охьаяийтира Султана машина. Лаьтта кхача ткъех метр йисинчу хенахь мохь белира жимчу Вахин:

— Черчий! Черчий!

— Мичахь? — сиха хаьттира Даьндарга.

— ДIо гIишлошна юххехь!

— Ян а ю. Кхо ча!

— Цхьа чай, ши кIорний,— элира Салмана.

Малхехь йижина Iуьллу боьмаша чай, цуьнан ши кIорний машина ҳааелла, цкъа тIаьхьарчу когашна тIе а хIоьттина хьалахьаьжира, тIаккха харц-бакъ когаш туьйсуш едда юххерачу хьуьна юккъе юьйлира.

Султана машина электростанцина юххе охьайоссийра.

— Ва нах,— элира жимчу Вахас, баккхийчара санна,— кхузахь болх беш верг ма дика ваьхьа аккхаройх кхера а ца кхоьруш Iе?

— Уьш карабIамийна хила мега,— элира Даьндарга.

— КарабIамийна хилча йовдур яцара вайх къаьхкина.

— Царна вай ца девза, цундела евдда уьш.

Иштта хабарш дуьйцуш электростанцина юххе дахара бераш. Хиэ хьийзочу турбинийн цхьанаэшшара гIугI дара лаьтташ. Схьагуш цхьа а адам дацара. Бераш неIарехьа дахара. ЧIогIа цецдевлира уьш неI догIа тоьхна а карийна. ДIа а хьаьвсира, схьа а хьаьвсира, гуш адам дацара.

— ХIе-хIе-хIей! — аьлла мохь туьйхира Даьндарга.

Юххерачу лаьмнаша декийра́ цуьнан аз:

— ХIе-хIе-хIей! — аьлла эхо— «шайтIано мохь» тоьхна. Юха айаделла Iин чухула, лаьмнашна тIехула дIадахара и аз.

— Цхьа а вац,— элира Салмана.

— Корашкахула чухьовса вай? — аьлла доккхачу коре вахара Султан.

Цхьаммо юххе дIа а хIоьттина толлуш, баха ма безза-
ра дIабохуьйтуш санна, шера болх беш хьийзара
турбинашца йозуш йолу чкъургаш, царна тIера дIа ге-
нераторш хьийзош йолу асанаш. Чохь цIена, массо а
хIума къегаш яра. Тайп-тайпана прибораш яра мра-
морни щиташна тIехь цхьацца оьшуш болу гайтамаш
беш. Бес-бесара лампанаш яра йогуш.

— Хьажахь, ма дош дац хIара ккузахь кхин хIумма
а хатта стаг воцуш,— элира Даьндарга. — Цхьа ма-
лонча хир ву хьуна иза, шек а воцуш, догIа а тоьхна,
дIа а вахана, цхьанхьа сакъоьруш Iаш. ХIоккхула бо-
лу мехала гIирсаш шаьш муха буьтур бу! Со вац цуь-
нан хьаьким, аса дан деззарг дийр дара цунна!

Дехьа агIорара неI йолчуьра схьа мохь туьйхира
Салмана:

— Схьадуьлол ккуза, аса цхьа хIума гайта шуна!

Девдда и волчу даьхкира бераш.

— Дешал! — аьлла, лакха неIарна тIехула хьала
пIелг хьажийра цо.

Бераша дийшира:

**РАЙОНИЙН ЮКЪАРА ТЕЛЕУРХАЛЛИН № 14
ЭЛЕКТРОСТАНЦИ**

Султан вела а велла Даьндарге хьаьжира.

— ТIаккха, муха хета хьуна «малонча»?

Даьндарга кIесаркIаг кIамбира.

— Хьанна хаьара хIара иштта юйла,— элира цо
бехкала вахана, кхин ала хIумма а ца карийна.

ХIинцца вывески тIехь дерг дешна а ваьлла, «те-
леурхалла» бохучух ца кхеташ накъосташка хьаьжира
Ваха.

— И «телеурхалла» бохург хIун ду?— хаьттира цо.

Салмана дийцира:

— Геннара схьа тIехь куьйгалла дар ду. Кхузарчу приборашна тIехь урхалла деш цхьана геннахь йолчу аппараташна хьалха хиина Iаш ву белхахо. Кхузахь беш болу болх берриге а цунна гуш бу.

— Кхета, кхета.

— ХIинца ерриге а станцеш иштта ю. ХIара ... 14-гIниг ю.

— ХIан, дагIо вай? Дуьло машина йолчу.

Ши, кхо гIулч яккхале доьхна севцира бераш. Церан машинна гонаха хьийзаш, хьожа йохуш, тIехьарчу когаш тIе хIуьттуш чухьоьжуш яра чай, цуьнан ши кIорний. Шаьш дан дезарг ца хууш вовшашка хьаьвсира бераш. Хала киртиг техIоьттира царна. Берашна гергахь майраллин цIе яккхар дезаш волу Даьндарг хьалхавелира.



— Цкъа собар делаш, аса хIинца дIалелхор ю уьш,—бохуш, лата кечлуш санна, пхьуьйшаш хьала а деш. Жимма накъостел хьалха а

ваьлла мохь туьйхира цо.—ХIей! Яхийта шайн алаша!

Гома Даьндарге а хьаьжна, буьрса Iаьхира нана-ча. Даьндарг вухаведда, накоъсташна тIехьаиккхира.

— ГIиллакх доцуш хIуманаш ю уьш-м,— бохуш кхеравелла вега а веш.

— Цхьанхьа дIаловчкъа вай уьш дIаяххалц? — элира Вахас.

— ХIан-хIа, цара цхьа хIума талхаяле дIакъахко еза уьш,— элира Салмана.

Хьакхар чохь хилла тиша бидон а, ведарш а гира Султанна.

— Схьадуьлол,— аьлла, чехка царна тIевахара иза.— Же, схьаэца цхьацца. Кхарех тIулгаш детташ йоккха гIовгIа йоккхур ю вай, тIаккха къаьхкар ю уьш.

ШайтIанийн ловзаргахь хила тамехь тайпана гIовгIа яьккхира бераша аьчгех тIулгаш детташ. Церан гIовгIанаш кхин а алсам ехира лаьмнашкахь декачу эхоно. Иштта гIовгIа эккхийтина бераш шайна тIедуьйладелча чан ши кIорни едда юххерачу хьуьна юкъа юьйлира. ТIаккха агIор берашкахьа хьоьжуш, гIам-гIим деш йоккха ча а дIаяхара. Сиха шайн карара бидон а, ведарш а охьа а кхиссина, чехка машинна чу девлира бераш. Юха оцу сохьта хIаваэ хьалахьаьдира машина. Лаха охьа а хьоьжуш, куьйг ластийра Даьндарга.

— Марша Iойла шу, черчий! — аьлла мохь а тухуш.

Султана, карти тIе а хьаьжна, къилбамалхбузехьа яхийтира машина, Ведана йолчу агIор.

Дукха хан ялале чехкачу машино дIакхачийра уьш Ведана. Лакха тIехула хьийзаш массанхьа а бIаьрг тухуш, дерриге а ган лууш дара бераш. Амма даккхийчу дитташна тIехула охьахьежарх башха хIума гойла

дацара. Ведана чу богIучу новкъа охьайоссийра машина.

— Меллаша яхийталахь, Султан, машина,— дийхира Салмана.

Некъан шина а агIор дийгIинчу диттийн генаш лакхахь вовшехъийна IиндагIа долуш туннелана чухула санна генна дIа бара некъ. Яккхий бошмаш стоьмех юьзна яра. Шерра схьахезара эшарш, иллеш. Белхаш беш доцуш, адамаш сакъера бошмашка гулделча санна хетара леладаханчу берашна. Некъан шина а агIор дитташна юккъехула гора цIена бедарш юьйхина адамаш. ТIахъаьлла хьийзара кегийра бераш. МаьIмаьIехь дитташна юккъехь, жимма а паргIато йолчу майданашкахь могIара дIахIиттийна бес-бесара басарш хьаькхна накхарийн яьшканаш яра.

— Цхьана беша дерза вай? — элира Салмана.

— Дирзича бакъахьа ду. Стоьмаш бууш, тIе моз муьйлуш жимма садаIа деза вай! — элира Даьндарга.

Оцу сохьта цхьана беша боьдучу новкъа дIаерзийра Султана машина. Iежийн, кхорийн, туьркийн диттийн каппаш вовшашна юххехь, нийсачу могIаршца йийгIина яра. Диттийн гIаддаш цхьабосса лахенца кIайн кир тоьхна, гонахара Iаьржа латта аьхкина дара. Генашна йина гIорториаш яра стоьмийн йозалле каг ца дайта.

Баккхийнаш болчохь ца сацош, дуккха а кегий бераш долчохь сацийра Султана машина. Лелабаханарш цу чуьра арабовллушехьа тIедаьхкира бераш. Массара а бохург санна цхьабосса маршалла хаьттира. ТIаккха цхьаммо элира:

— Шу муьлхачу школера ду?

Цунна жоп далале кхечо хаьттира:

— Тхоьца йохье яьллачу школера дуй шу?



Йовхарш йина йиш тоеш хьалхахьа велира Даьндарг.

— Тхо талламана араяьлла экспедици ю,— аьлла дозаллаш дан волавелира иза.

Султана пхьарс а лаьцна сацийра Даьндарг, цо кхин а цхьа доьхнарг алале. Оцу сохьта жимчу Вахас элира:

— Тхо 1959-чу шарера ду.

Шега дозаллин къамел ца дайтарна халахетта Даьндарг, дегабаам а бина юьстахвелира. Юха, цхьангге а вист а ца хуьлуш волавелла, дитташна тIера охьаэгна стоьмаш а лехьош дикка гена велира. Ларамаза накхарийн яьшканашна тIеIоттавелира иза.

— ДIаде-кха шайна ма тов къамелаш. Аса-м моз дуур ду. Къамелел мерза а, пайдехь а ду моз,— аьлла цIен басар хьаькхначу цхьана накхаран яьшкана тIеволавелира Даьндарг. Юххе кхочуш гира цунна яьшки чуьра арадуьйлуш а, чуоьхуш а дукха накхармозий. Шерра хезара церан тIома лелаш дека зов.



— ХIуьш! — аьлла, накхармозий дIалелхош куьйг ластийра цо, яьшкана юххе охьа а лахлуш.

Оцу сохьта вагийча санна хьалаиккхира Даьндарг. Накхармозийн вой тIехьаьвзира цунна. Кхин иза дагавалале юнаш етта йолийра цара. Цхьанхьа катухуш, кхечанхьа куьйг хьокхуш дIаиккхина ведира иза. Амма накхармозий тIахъаьлла дара. Уьш цунна тIаьхьара ца довлура. Цуьнан юьхь а, ворта а ю тоьх-тоьхначуьра оцу минотехь естара. Геннахь лаьттачу берашка мохь туьйхира цо ша накхармозаша готте хьовзийча.

— Орца дала! Орца дала! Вуьйш лаьтта со! — аьлла.

Схьахьаьвсинчу берашна гира ведда вогIу Даьндарг а, цунна тIехула хьийза накхармозий а. И цаьргара атта вер воцийла хиинчу Салмана мохь туьйхира:

— Машинна чу а эккхий, сихха тIехулара ангали тIечIагIа.

Шега ма аллара ведда машинна чу иккхира Даьндарг, кхеравелла вега а веш. ТIехлура ангали сихха тIе а оьзна, хьалахьаьжира иза. Ангали тIе охьахуьйшуш, тIехула хьийзаш дара накхармозий. Царех кIелхьараваьлла сапаргIат ваьллачу Даьндарга хьала буй лестабора. Накхармозий, кхин а жимма цунна тIехула а хьийзина дIадахара. Ткъа Даьндарг машинна чуьра аравала ца ваьхьаш, йистинчу меженашна тIе туй хьоькхуш Iара.

Жимма хан яьлча схьадаьхкира бераш. ЧIогIа цецбевлира цуьнан доттагIий Даьндарган меттана машина чохь кхин, шайна ца вевза кIант а гина. Ерриге а юьхь йистинера Даьндарган. БIаьргийн меттана къегаш кегий тIадамаш дара, лакхарчу балдано деста а дистина лахарниг дIахьулдинера, чIишталш юьйсича санна яра.

Доггуха Даьндаргах диэла а дийлина, юххехьо долчу цхьана дитт кIела охьахевшира бераш. Шаьш юкъахдитина къамел юха дIадолош Султана хаьттира:

— Бошмаш талхочу зулуме садолчу хIуманашца къийсам муха латтабо аша?

Цу хаттарна жоп делира цхьана хьаьрсачу кIанта.

— Шен хеннахь, йиллинчу рожехь молханаш тухуш, хаддаза хIор диттана а талламаш беш, цхьайолу садолу хIуманаш хIинцале хIаллакйина оха. Доккха гIо до бошмашна олхазарша а: и садолу хIуманаш церан мерза кхача бу. Олхазарш къехка ца до оха, мелххо а тIекIадо.

— Стоьмаш дукха латабой?

— ХIор дитт тIера 2 эзар а, цул сов а килограммаш стом гул бо. Дукха ду кху бешахь Мичурина кхоьллинчу стоьмийн дитташ. Къаьсттина дукха стом ло цара. Хьалха цхьана шарахь стом латийча, вукху шарахь дитто «садоIура», ткъа хIинца хIор шарахь а латабо дукха стом. Иштта дика кхача дитташна оха а латтабо, минеральни удобренеш ярца.

— Берриге а белхаш Iеминий шуна?

— ХIан-хIа. Денна керланиг хьоьху тхуна бакхийчара, агрономо. Тамаша а бац, хIор денца цхьаца пайдехь долу керланиг гучудоккху цара, берриге а белхаш Iилманца дIахьо. Зерийн дуккхаачу станцешца

зIе латтайо тхан куьйгалхоша. Кхузахь тхан а ду зерийн дакъа а, кегий синтарш кхиош дакъа а. Цигахь а бо оха белхаш. ЧIогIа самукъане болх бу бошмаш лелор. Хьалха цхьаболчарна моьттура дитт дIадоьгIчхьана цо стоьмаш схьабала беза. ХIан-хIа, хьайна стоьмаш безахь, доггуха хьайн болх беза а безаш, и дитт Iалашде. Мичурина дерриге а шен дахар бошмаш кхиор гIуллакхана дIаделла. Тайп-тайпана дукха стоьмийн дитташ, цIазамийн кондарш кхоьллина цо. Цуьнан дитташ а, кондарш а хIинца цкъа а дитт ца хиллачу меттигашкахь а ю. Цундела цкъа а вицлур вац иза халкъана. Тхо а ду къона мичуринцаш. Бошмашца болу берриге а белхаш Iилманца дIабахьа Iамадо тхо. Массо а хьалхалера хала, нуьцкъала белхаш кхузахь машинашца лелош бу: молханаш тохар а, йокъана лаьттачу деношкахь машинашца догIа доуьйтуш хи диллар а, кхин болу белхаш а,— аьлла чекхдаькхира кIанта шен къамел, деза тускар а дохьуш вогIу ши кIант тIекхаьчча.

Тускар стоьмех дуьзна дара. Цу чохь дара Iежаш а, кхораш а, туьркаш а, иштта кхин долу стоьмаш а.

Шина кIантах воккхачо элира:

— ХIорш шуна даийтина бригадиро.

Баркалла а аьлла, стоьмаш чохь долу тускар а эцна машинна тIе вахара Султанний, Салманний. Тийна, гIийла Iаш карийра царна Даьндарг.

— ДIагIо вай кхечанхьа? — аьлла дийхира цо.

Дукха хьо ца луш, берийн Iодика а йина новкъабевлира лелабаханарш.

Бошмашна гена бовлале шурин-товарни фермина тIекхечира уьш.

Дакхий кораш а долуш ехий гIишлош яра кIайн кир тоьхна могIара лаьтташ. Гонаха дийгIина бIогIа-

маш дара, тIехула тийсина аьчган машшаш а долуш. Царех кхозуш кегий вагонеткаш яра. Цхьана агIор генна дIа дара иштта могIанаш. Йоккха уьйтIе, садоIучу паркехь санна, цIена яра.

— Тамаша бу хIара-м ферма елахь,— элира жимчу Вахас.

Цуьнан шеко яйа санна цхьана гIишло чуьра етт Iаьхира меллаша, кхечу чуьра цунна жоп делира эсо.

Лелабаханарш машина чуьра охьа ма бисси царна тIевеара, лоьрийн санна, кIайн халат юьйхина стаг. Маршалла хаьттинчул тIаьхьа, йистехьо йолчу гIишлошна тIе пIелг а хьажош элира цо:

— ДIо чохь бу шун доттагIий.

Цо гайтина гIишлош йолчу дахара бераш. Чоьхьа довллушехьа берийн беларш хезира царна. ХIорш чоьхьадевлча бухарнаш дIатийра. Масех дош аьллачул тIаьхьа, бераллехь тасалуш ма хиллара, сиха гергарло тесира цара. Бухарчу бераша дуьйцура:

— Шу чудахкале Сашех доьлуш дара тхо. Мелла а дозаллаш дан гIерташ вара хIара,— элира царех вокхачо, цIийвелла дIавирзинчу кIантехьа а воьрзуш. — Кхо Iалашдеш долчу эсанан терзанан барам хIор дийнахь 1,4—1,5 килограмм тIекхета. Ткъа тахана 50 грамм шеггара тIетуьйхира кхо.

Цо и аьлча массо а бераш хьалхачул а чIогIа деладелира. Iе а ца велла, Саша а велавелира цаьрца цхьаьна. Юха вистхилира иза:

— Iелас кхобу эса тахана сайчуьнга нисса ду, ткъа цуьначул сайниг жимма а алсам хила лууш элира аса, — аьлла, тIе клетка а хIоттийна лаьттачу доккхачу терзанехьа корта тесира цо.

— Массара а кхобу аша эсий? — хаьттира Салмана.

— ХIаъ. Тхуна хIоранна а тIечIагIдина ду цхьацца эса Iалашдар. И дузош а, хи мала Iамош а, цIан деш а гIуллакх до оха.

— Эш,— элира, хIинццалца вист а ца хуьлуш ладоьгIуш лаьттачу Даьндарга, хьаьъна йогIучу юьхьах куьг а хьоькхуш. — Хи мала а Iамадо тов! Хи мала-м цунна ша дуьнена доллушехьа хаьа.

И дешнаш хезна бераш делакъежира. Царех уггаре а жимчо хаьттира:

— Ахьа мер дарий эсаша санна хи?

— ХIун дара и малар? — хаттарна дуьхьал хаьттира Даьндарга.

— Схьавола хIета,— аьлла цхьана турбанашца болчу кедана тIевигира иза вукху кIанта. — ДIамалал.

Даьндарг кеда чу хьаьжира. Цхьа йоккха нуьйда санна йолу хIума бен гуш хIумма а дацара. Кад бекъа бара.

— ДIачудотта хи! И-м гур ду шуна аса хуртI аьлла дIамолуш! — элира Даьндарга.

Гонаха лаьтта бераш дерриге а деладелира. Массарел а гIадвахана воьлура жима кIант.

— ХуртI, аьлла тов! — бохуш.

Даьндарг воьхна дIа-схьа хьоьжура шен накъосташкара гIо доьхуш. Амма вуьш а бара боьлуш. Юха жимчу кIанта элира:

— Хьажал, хIара нуьйда жимма охьатаIо еза, тIаккха оцу сохьта кеда чу хи хьодур ду. Бежанаша батт тIе а таIайой доуьйту шайна мала хи.

— ХIа,— аьлла, цIеххьана дагавелира Даьндарг. — Автопоилкаш юй хIорш-м. Гина яцара суна хIорш. Юьйцу-м хезнера. Деза а деза эсашна хи мала Iамо,— олуш къера хилира иза.

— Тхан фермехь берриге а белхаш механизировать бина бу. Ган лаьий шуна? Дуьло!



Уьйтlа девлча вагонеткаш а гойтуш элира Сашас:


— Хlокху вагонетканашна чохь яхьа хьелашна оьшурш. Божалш чуьра кхаьлли а кхарна чохь дlахьо генна ара, латтана удобрени ян. Дlо чохь хьелий узу цех ю. Шура яккхар аппараташца кхочуш деш ду. Дуьлол цу чу гlо вай.

Шуьйра доккхачу цlа чу дахара бераш. Лаборатори чохь санна, массо а хlума цlена къегаш яра. Пенаш кафельни — ангали латийна дара. Узуш хlор етт дlохlотточу меттехь шура йоккху электрически аппараташ яра.

Сашина юххехь лаьттачу кlанта дуьйцура:

— «Электрошурайоккхучу аппараташа доккха гlо до дояркашна. Эса декхаш санна бо етт узучу аппарато болх — ховха, са доккхуш санна, са а дoIуш. Етт ишта хиларх боьлла бу. Электрошураяккхаро иттазза лакхайоккху къинхьегаман эвсаралла, шурина дуьззина цlена хилар а латтадо, дояркаш куьйгаш лазарх мукъа а боху. Хаьий шуна, куьйга хьелий узуш хилча доярко 10 эзарза гергга чlоггlа аьттан тlара Iовда безийла? Ткъа кхузахь шурайоккхучу цехехь контрольни ангали чухула, чопа юьйлуш шура муха йогlу хьоьжуш Iийчахьана йолу доярка. Озар автоматически хуьлу. Куьйгашца шура йоккхучу аппаратан стаканаш тlаранашна тlе а доьхкичхьана, озар дlадаьлча и стаканаш

дIа а даьхчхьана чекхдолу озар[1]." Цхьанаметта 50 етт озало. Цу массаьргара а шура турбанаш чухула цхьана яй чу йогIу. ХIор атто 3500 килограмм шура ло. ХIокху цеха чохь хIоъ-докъар ца ло. Хьелий кхобуш, уьш дузош ша чоь ю. Дуьлол цига гIо вай.



ХIоъ-докъар кечдеш йолчу цехе бахара уьш. Тайп-тайпана машинаш, черманаш, боьчканаш, яьшканаш яра цу чохь. Гуш ши стаг бен кхин белхало а вацара.

— ХIокху цеха чохь ду довха хи а, Iаь а, картолашший, свеклашший юьлуш йолу машинаш а, орамашхедориг а, часилосхедориг а, картолаш мадйийриг а, чохь хIоъ-докъар Iаьнарх дулуьйтуш даккхий черманаш а. ХIокху цехо дийнахь-бусий 7—8 бIе бежана дузо хIоъ-докъар кечдо 8 сохьтехь.

— 7—8 бIе! — элира цецваьллачу Даьндарга. — Iелелай, ма дукха белхалой безар бара бежанаш дузо оццул хIоъ-докъар кечда!

— Ткъа кху цехехь болх беш ши стаг бен вац: поварий, слесарь-механиккий.



ЧIогIа цецвелира Даьндарг оццула долчу бежанашна хIоъ-докъар кечдан ши стаг лараваларх тамаша беш.

— Доккха гIо до механи-

[1] В. Карпинский. «Коммунизман хьокъехь къамелаш». АгIо 31.

зацино, — аьлла тIетайра Салман. — Адаман къинхьегам аттачу боккху, белхаш нуьцкъала ца хуьлу.

— Шурин-товарни ферма хилла ца Iаш дийнна завод ю хIара-м! — элира жимчу Вахас.

— Ю те, кIорггера говзаллаш а, хаарш а оьшуш.

Кхин а ах сахьт гергга хан яьлча новкъабовла дагадеара лелабаханчарна. Уьш машинна тIебахча чехкка царна тIевеара Ахьмад цIе йолу кIант.

— Шу центре-м гIур дац? — хаьттира цо.

— Ду, —жоп делира Султана.

— Со а ваийтийша шайца, сиха цIа кхача дезаш ву со.

— Схьа тIе хаа. Жимма готта-м хир ду, делахь а хIумма а дац.

Шайн хан чекхъяларна важа бераш а новкъа девлира. Iодика еш куьйгаш а лестош, царна юххехула а бевлла машинахь богIучарна дикка гена бовллалц хезара хазчу, ирсечу дахарх лаьцна илли бохуш дека церан зевне аьзнаш.

Райцентрана юккъехь бохург санна йолчу даккхийчу пепнийн паркана гена доцуш шозза тIе-кIел дина долу цIеношгойтуш элира Ахьмада:

— Кхузахь Iаш ву со.

Керт юьззина кагийрхой бара волейболах а, баскетболах а, кхин долчу а цхьацца ловзарех ловзуш. Беларшний, маьхьаршний юккъехула схьа нийсо йоьхучу суьдахочуьнан шок а хезара.

— Школах яций хIара? — хаьттира жимчу Вахас.

— Интернатан общежити ю. Хьовса лаьий шуна?

Бераш резахилира. Машина некъан йистехь саца а йина, Ахьмадана тIаьхьахIиттира уьш. Басарш хьаькхна, цIена кираш тоьхна йолчу шуьйрачу сени чухула цIа чуьра чу хьожуш лелара уьш. ХIор цIа чохь биъ-биъ маьнга бара, юххехь тумбачкаш а

йолуш, цIийна юккъехь стоьлаш яра, гонаха гIенташ а долуш. Этажеркаш тIехь могIара хаза дIахIиттийна книжканаш яра, неIарна юххехь шифонъераш, цIенкъахь дорожкаш бара. Йистехьо долчу цхьана цIа чуьра схьа гIовгIанаш хезира.

— Цу чохь красни уголок ю тхан,— элира Ахьмада.

НеI дIа а йиллина чоьхьадевлира бераш. Бухахь дерш кхаьргахьа схьа а ца дирзира. Дерраш а цхьана хIумана го бина Iаш дара. Ахьмада кхетош меллаша элира:

— Телевизорна го бина. ХIокху сахьташкахь Грозненски стадионера футбол гойту. Гуттар а иштта дукха гулло кхузахь бераш. Цхьацца командехьа доглозуш бекъа а лой футбол чекхъяллалц Iа хьоьжуш.

Бераш дIа-схьа а туьттуш, юккъе а вахана телевизоран экранна хьалха хиина Iачу цхьана кIантана юххе охьахиира Даьндарг.

— ХIорш «динамовцаш» бу, вуьш «терековцаш» бу,— элира кIанта меллаша Даьндарге. — Хьо муьлхачаьргахьа ву?

— ХIинцца хуур ду,— жоп делира Даьндарга, шен дагахь «муьлхарш тоьлур бу хьовх?» бохуш ойла а еш. Юха гира цунна буьрка хьалхаерзийна бевдда «динамовцаш». Оцу сохьта сацийра цо «динамовцаш» тоьлур бу, аьлла, хIунда аьлча, динамон цIарах стадионаш а, туьканаш а хуьлу, ткъа «динамовцаш» вон ловзаш хилча царна и цIе туьллур а яцара.

— Со «динамовцашкахьа» ву,— элира цо.

Оцу соьта дуьхьалхьаьвддачу «терековцаша» гатте хьовзийра буьрка ядийна вогIу динамовец. Цхьана терековцо мийра тоьхна юханехьа лаьллира буьрка. И ца тайна Даьндарг хиина Iачуьра хьалаайбавелира бага а гIаттийна. Терековцаша вовш-вовшашка луш керчош ехьна «динамовцийн» кех чутуьйхира буьрка.

Оцу сохьта хазахеттачу цхьадолчу берийн маьхьарий девлира:

— Уре! — аьлла.

Ткъа вуьш кхоьлина дара, вовшашка дист а ца хуьлура. Даьндарг меллаша юккъера схьавелира.

Юха а новкъабевлира лелабаханарш.

Баьццара духар дуьйхинчу хьаннашна, цара дIахьулдинчу лекхачу лаьмнашна тIехула, Элстанжина, МахкатIана, Селимтевзанана, Шара-Орга-хина лакха тIехула Советское юьрта дIакхечира уьш. Карти тIе хьоьжуш волчу Султана доттагIашка элира, къилбехьа агIор Советскоена лаккхахь гуш йолчу жимчу юьртехьа пIелг а хьажош:

— ДIо гуш ерг Шерипов Асланбекан цIарах юрт ю. Кхузахь ду цуьнан каш. Чехкарарчу тIамехь турпалаллица хIаллакьхилча кхуза схьадеана цуьнан дакъа.

— Асланбекана хIоттийна юй Грознера Соьлж-хи юххерчу паркера йоккха памятник? — хаьттира жимчу Вахас.

— Ю-те. Къона турпалхо, революционер-большевик, Советан Iедал доккхуш нохчийн нах шена тIаьхьахIиттина луьрчу тIамехь къийсам латтийна цо. Цуьнан сийнна хIоттийна и памятник.

Орга-хина малхбалехьа агIор йолчу Советское-юьртана тIехула хьаьвзира машина. Кегий цIаьлдигаш санна могIара дIахIиттийначу яьшканаша дIалаьцна йоккха майда гира берашна, юьртана йистехьо. Уьш хIун ю ца хууш къовсам белира церан. Массара а шений-шений хетарг дуьйцура. Эххар а сацийра цара тIе а дахана хьовса. Машина лаьтта охьа а йоссийна цу майдана бахара уьш. Буткъачу аьчган серан сетках йина керт яра яьшканаш лаьттачу майданна гонаха. Чоьхьахь яьшканийн мегIанашна юккъехула цаI-м деш лелаш бераш а, зударий а бара.

Жимчу ринжехула чоьхьабевлира лелабаханарш. Яьшканашна тIекхоччушехьа вий а вовшашка хьаьжира.

— Лаьттапхьагалийн ферма! — элира жимчу Вахас массеран а меттана.

Бераш хааделла царна тIевеара ши кIант. Маршалла хаьттиначул тIаьхьа вовшийн довзийтира цара.

ТIевеанчу шина кIантах воккхачо элира:

— Бакъ даьхкина шу тхо долчу. Дуьло, гойтур ю оха шуна тхешан ферма. Хьалха лаьттапхьагалех мел пайдаэцалур бу ца хууш уьш лелош а яцара тхан колхозехь. ХIинца кхечу юьртабахаман дакъошца цхьаьна хIорш а лелайо. Кхара луш болу пайда хIор шарца алсам буьйлуш бу. ЧIогIа дукха деба лаьттапхьагалш. ХIор нана-лаьттапхьагалера 40—50 лаьттапхьагал тIекхета шарахь. Тхан фермехь ерриге а 300 нана-лаьттапхьагал ю. Ларал мел алсам йовлу уьш шарахь!

— IалелаЙ,— элира цецваьллачу Вахас. — 15 эзар!

— Дукха жижиг а, цIоканаш а хуьлу! Цу кхаа бIе нана-лаьттапхьагало йина сте пхьагалш а ехка оццу шарахь масуьйттузза.

— 24 тонн жижиг! — элира Вахас, 300 нана-лаьттапхьагало хIораммо 40 йича маса хир ю дагахь лара а лерина, цхьана лаьттапхьагалера юкъарчу терзанан барамца 2 килограмм жижиг а лоруш.

— Уьш кхобуш харжаш яккхий ян а ца оьшу. Аьхка бецаш а, жимма хIоъ а ло. Iай, хьалххе хьаькхна йолу йол а, кхехкийна картолаш а, морковкаш а, свекла а, буьртиг ялтин хIоъ а—я овес, я мукх, я кIа ло. Кхечу цхьадолчу декъийл дуккха а пайдехь ду лаьттапхьагалш кхабар.

Яьшка йолчуьра яьшка йолчу дуьйлуш хьийжира бераш цIен бIаьргаш долчу кIайчу лаьттапхьагалшка.

Бераш тIедаьххича лаьттапхьагалша багца беш болу болх саца а бой, дехий лергаш дусадой ладоьгIура, тIаккха юха а дIаболабора шайн болх, мекхийн дехий нилха чоьш меттах а хьедеш.

Лаьттапхьагалийн ферме хьавсинчул тIаьхьа, машина цигахь а йитина райцентре дахара бераш. Орга долчу агIор легIано болчу, шина а агIор могIара дIахIиттийна цхьа этаж а, ши этаж а йолуш цIенош долчу урамновкъа схьадогIура уьш гIаш. ЦIеххьана жимчу Вахас, гонаха дIа-схьа а хьаьжна, хаьттира:

— Даьндарг мича вахана?

Бераш севцира. ДIа-схьа хьежарх гуш вацара Даьндарг. Вовшашка хьаьвсира уьш.

— Цо цхьаьнгге а хIумма а элирий? — хаьттира Султана.

— ХIан-хIа, — цхьабосса жоп делира Салманий, Вахассий.

Жимма ла а доьгIна билгалдаьккхира Султана.

— Машина мичахь ю цунна хууш ду. Кхерста кIордийчхьана цига ша дIавогIур ву.

Советскоена жимма лахахьахьа, Орга-хил дехьахь лам тIехь цхьа лаьтташ лекха шира бIов яра. Хина тIехула тесна стаммий аьчган машшаш дара, царех кхозуш кегий электровагонеткаш а йолуш, адамаш дехьий, сехьий дохуш. Царах бIаьрг кхеттачу Вахас дийхира:

— БIов йолчу дехьа довла вай, цуьнга юххера хьовса.

Массо а тIе а тайна, дахара бераш, иштта ала мегар делахь, бурамча волчу.

ЦIена кир тоьхначу жимачу буткина тIекхечира уьш. Хьалха хиина Iаш вара кIайн маж йолу воккха стаг бурамча. ТIе ма кхаччара маршалла хаьттира бе-

раша. Бурамчо, бIегIига куйн дIа а баькkхина, баьшначу коьртах куьг а хьоькхуш, элира:

— Жимма шу хьалхе схьадаьхкинехьара хIинца дехьахь хир дара. Цхьана жимхачо дукха чIогIа дехарна и дехьа ваькkхи аса хIинцца. Жимма аша собар дахь и сехьа а воккхуш, шу а дехьа дохур ду аса.

Бераш резахилла баьццарчу бай тIе охьахевшира. Хил сехьахь цхьа вагонетка яра, дехьахь важа яра. Ший а вагонетка цхьаьна хеннахь меттахйолура. Дехьарниг сехьа кхаьчча, сехьарниг дехьа кхочура. Воккхачу стага бурамчо электрощитана тIехь йолчу кнопканашца йолайолуьйтура уьш. Дехьарчо схьа сехьаваккхар доьхуш вагонетки чуьрчу кнопкана тIе пIелг таIийча бурамча волчуьра бутки чохь горгали бекара. Уьш дерриге а воккхачу стага дийцира берашна. И дийцина воллушехь, цуьнан дешнаш бакъдан санна горгали бийкира.

— Же, дуьло! — элира бурамчо.

Бераша сиха вагонетки чу а девлла тIечIегIира неI. Меллаша, техка ца техкаш дIайолаелира вагонетка. Юкъаметте кхаьчча ший а вагонетка вовшашца нисъелира. Оцу сохьта Вахас мохь туьйхира.

— Даьндарг ву дIо вагонетки чохь!

Дехьа йоьдачу вагонетки чуьра шен накъостех бIаьрг кхетта Даьндарг дIалечкъаш сиха охьатаьIира. Амма цуьнан хьаьрсачу коьртах бIаьрг тоха кхиавелира Султан а, Салман а.

— Вайх лечкъина ваханийца кхин эхь а ца хеташ!

— Машина йолчу дIагулделчхьана барт хоттур бу вай цуьнгара, — элира Султана.

Вагонетка сецира. Бераш цунна чуьра арадевлла бIовна тIедахара. Цхьана ширачу хенахь сема гIарол латтийна бIов хIинца исторически памятник хилла лаьтташ яра. Культуран Министерствос юхаметтахIот-

тийна тойинера иза. БІовн локхалла итт-шийтта метр гергга яра. Иза лахахь шуьйра а йолуш, лакхахь гатъеш чуузуш биъ са болуш, ломана йисттехь йина яра, дукха кІорга Іин а долуш, бухахула йоккхачу гІовгІанца доьдуш чехка Орга а долуш. БІовне арахула хьоьжуш Салманний, Султанний волуш чуьра схьа мохь туьйхира Вахас:

— Хьовсийша Даьндарга динарг!

Къилбаседехьа йолчу неІарехула чоьхьавелира и шиъ. Вахас пена тІе пІелг хьажийра. Цигахь халла къаьсташ тІулгаца яздина дара: «ГІараваьлла некъбархо Даьндарг. 1959-гІа шо»...

— ХІейт, ма ву-кх хІара ван-м ткъа! — элира Салмана доггуха вела а луш.

— Ву дера-кх гуттар а шен цІе яккхийта гІерташ, наха ца яьккхича ша яьккхина а.

— Ша муьлхачу шарахь хилар а дицделла цунна-м, — элира жимчу Вахас.

— Дика ду кхузахь цхьа а басарш доцуш. Дерриге а пенаш къарздийр дара цо шех лаьцна яздеш,—элира Султана пена тІе а вахана, куьг хьоькхуш Даьндарга йина хьоькхнаш дІа а йохуш.

БІовне хьаьвсинчул тІаьхьа шайн машина йолчу духадаьхкира бераш. Цигахь, машинна уллохь, бацалахь аркъал а ваьлла Іаш вара Даьндарг.

— КІадвелла хьо «гІараваьлла некъбархо»? — элира Султана.

— Дийшарий аша? — сиха хаьттира Даьндарга, шега динчу хаттарна жоп а ца луш.

— Дийшира. Айхьа дийриг ахьа хІумма а ойла ца еш дойла а хиира тхуна.

— И бохург хІун ду? — сакх хилира Даьндарг.

— И бохург ду хьуна, цкъа делахь хьо атта хьайн накъостех дІакъастар, шолгІа делахь хьуна хьо муьл-

хачу шарахь ву дицдалар, кхозлагIа делахь исторически памятникашна тIехь хьоькхнаш яр дика ца хилар.

Даьндарг цIийвелла хьоьжура доттагIашка. ЦаI-м ала дагахь бага гIаттийра цо, юха куьг а ластийна дIавирзира.

— Кхийтин хьо хIинца? — хаьттира Салмана.

— Суо кхузахь хилар хоуьйтуш билгалонна хIумма а дан мегар дац хIинца? — элира Даьндарга схьа а ца воьрзуш.

— Билгалонна дуьтуш дерг диканиг хила деза, дикачу цIарах хьахавайта веза. Пачхьалкхо халкъана юхаметтахIоттош тоеш ю памятникаш, харжаш а еш. Ткъа вай массара а тIехь хьоькхнаш йича хIун памятникаш хир ю царех?

— ХIан, тоьар ду шуна, кхин дийр дац аса и саннарг.

Машинна чу хевшира бераш. ХIуъу дина а шегара баьллачу бехкана тIера доттагIийн дог-ойла хийца дагахь волчу Даьндарга билгалдаькхира:

— Цхьа керла хIума дийца аса шуна. Кхузахь хии суна иза.

— ХIун ду иза? — хаьттира жимчу Вахас.

— Дера ду кIирана чохь ши мукъа де хилар!

— Хьан элира хьоьга иза?

— Со схьавогIуш клуба хьалха цхьана кIанта дийцира суна. Шо сов зама ю бохура цо, шолгIа мукъа де юкъадалийна.

— Чолхечу, муьлхха а болх балучу машинаша кхинхьегаман хало шайна тIелацарца тIаьхь-тIаьхьа аттачу доккху адаман дахар. Хьалха кIиран чохь, баттахь бан безаш хилла болу белхаш хIинца машинаша миноташкахь, сохьтехь бо. Цундела пергIата зама шорта ю.

— Аса а дешна цунах лаьцна, — элира Салмана.

Хьалаелира машина. КІоргачу Іин чухула кІайн къегачу хин асана тІехула къилбаседехьа хьаьдира иза. йоккха хан ялале лаха охьа а хьоьжуш билгалдаьккхира Султана:

— ЧІишкана тІехдовлуш лаьтта вай.

Охьахьевсира бераш. Даккхийчу, дукъа девллачу дитташна юккъехула гуш яра кІайн кир тоьхна гІишлош.

— Санатори ю дІорниг, — элира Салмана.

ЧІишкара охьабевлча лаьмнаш а, хьаннаш а аьрру агІор йолуш дІа некъ бира лелабаханчара.

Цу агІор хьоьжучу Вахина гира мархийн каьрдигаш, кІадвеллачу некъбархочо санна, дика меттиг лоьхуш, маьІ-маьІехь лаьмнаш тІе охьахевшина. Хийла хазнаш хир ю цу лаьмнашца! Кестта, кестта адамо схьайохур ю уьш шен хьашташна пайда эца, бохуш, ойланаш йора Вахас.

Карти тІе а хьаьжна Султана элира:

— Назране гІо вай?

— ГІо, — аьлла цхьабосса жоп делира вукхара.

Хьаннашна, Марта-хина, Доккха Рошний, Жима Рошний хишна, Шалажа-хина, Нетхой-хина, Чож-хина тІехула дІабахара уьш. Шалажа-хина тІехула бовлуш Салмана аьтто агІор генна дІа лаьтта охьа куьг а хьажош элира:

— Пионерски лагерш ю хьуьллахь, Шалажа йолчохь. Дукха исбаьхьа меттигаш ю цигахь.

Аьрро агІор геннахь гуш йоккха юрт яра.

— И хІун юрт ю,— аьлла, хаьттира Даьндарга.

Карти тІе а хьаьжна жоп делира Султана:

— И дера ю Первомайск. Райцентр ю иза.

Кхин а жимма некъ бича хьун чекхъелира. Бухахь боьранаш долуш аре яра. Цецбевлла хьоьжура лелаба-

ханарш. Ерриге а аре дIалаьцна бохург санна гуш нефть доккху вышканаш яра.

— Вай нийсачу новкъа догIий те? — хаьттира Даьндарга.

— ХIунда боху ахьа?

— Дера боху, ахьа вай стари промысле далийна моьттуш.

Султан велакъежира.

— Хьуо муьлхачу шарахь ву дагалацал ахьа. Мел хийцамаш хилла аьлла хета хьуна хIокху вархI шара чохь!

Даьндарг вист а ца хилира, ша вицвелла динчу хаттарна эхь хетта дIатийра.

Дехьай, сехьай Сурхохий, Экажевий, Насар-Кортий цIераш йолу ярташ а юьтуш нисса Назранна тIебахара уьш. Назранна чувуллучохь жимма дIанехьо нефтебазана юххехь лекха водокачка а йолуш цIерпоштнекъан тIай долчохь охьайоссийра цара машина. ТIаккха урамновкъахула меллаша бахара уьш, массанхьа а бIаьрг тухуш. Хьалха царна гинчу райцентрашкахь санна, урамнекъаш цIена, силам диллина, тротуараш долуш, шина а агIор дийгIина дитташ долуш дара. Цхьана урамехула малхбузехьа уьш боьлхуш моггIара дIа якхий гIишлош яра. Жимчу Вахас вывесканаш йийшира: Школа, Райисполком, партин Райком. ДIанехьо дийшира цо: «Инструментальни завод». Кхечанхьа дийшира «Бедарш тоьгу фабрика». Дукха гена йоцуш гуш элеватор а яра, кибарчигийн лекха галеш могIара дIахIоттийна лаьтташ.

Лелабаханчара паркана юххехь сацийра машина. Цунна чуьра охьа а биссина, паркан керта бахара уьш. Чехкачу боларехь царна тIехволуш воллура Вахел воккха хир волуш цхьа кIант. Бераш шайн юьртара доцийла хааделла маршалла хоттуш сецира иза.

— Марша догIалда шо! — аьлла.

— Маршалла хуьлда хьуна а.

— Лаа даьхка дий шо?

— Иштта тхаьш дахкархьама, хьовса даьхкана.

— Бакъахь даьхкад. Оккхуза ловзуш волейбольни командаш а ю, циге хьажа безам бий шун? Цигахь чIогIа хаза хиргда шона.

ЦIеххьана схьахезира хазахеташ детта маьхьарий а, тIараш а. Жима кIант ведда дIавахара гIовгIанаш йолчухьа. Лелабаханарш а бахара цу агIор. Аллеяно голатухучу меттехь гучуелира волейболах ловзу майда. Сийнан, цIен майканаш юьйхина, вовш-вовшашка буьрка етташ каде хьийзара бойнна дехьай, сехьай йолу ши команда. Цхьана лекхачу дегIехь волчу ловзархочо лакха хьала а кхоссавелла сийна майканаш йолчарна чутуьйхира буьрка. Оцу сохьта хазахетта маьхьарий девлира, тIараш туьйхира. Массарел а чIогIа чуьраваьлла хьийзара Даьндарг. Биъ пIелг бага а боьллина, доггуха шок еттара цо.

Салмана, муьшка а йина, хаьттира:

— Хьо муьлхачу командехьа ву? Хьаьнгахьа дог лозуш воккхаве хьо?

Даьндарг оцу сохьта дIатийра. Ша шега хаьттира цо: Баккъалла а муьлхарнаш бу кхарех «Молот» заводерий, Инструментальни заводерий? — бохуш. — Со муьлхачаьргахьа ву?

Шайн кхача дезаш кхин а дукхха а меттигаш хиларна, цигахь дукха хан ца йойуш новкъа бевлира лелабаханарш.

Назранна тIехула хьала а бевлла уьш богIуш лахахь хахкаелла йоьдуш поезд гира царна. Султана шайн машина лаха охьаяийтира.

— Паравозана юххе нисъехьа вайн машина, —

дийхира Даьндарга. — Машинистан Іодика еш куьг ластор дара аса.

Вела а къежна, цуьнан дехар кхочушдира Султана. Амма, лерина паравозана чу хьоьжучу берашна машинист ца гира. Вукху агІор а яьккхира цара шайн машина, амма тІаккха а хІумма а ца гира. Кест-кеста яла йоггІучохь сигнал а луш йогІура поезд.

— ХІара ма тамашийна хІума ду, — элира Салмана.

— Тамашийна хилла а ца Іа, — элира Даьндарга. Суна хетарехь машинист я охьавоьжна цу тІера, я хІара ша дІайолаелла тІехь машинист а воцуш. Вай чехкка юххехь йолччу станце дІахаийта деза кхунах дерг, авари хилале.

Массо а резахилира Даьндаргаца. Машина жимма лакха хьала а яьккхина чехкалла алсам йоккхуш баьцара басар хьаькхна тІам шена тІеозийра Султана. Мохал чехка хьалхахьа хьаьдира жима машина. Поезд тІаьхьайисина гуш а яцара. Лелабаханарш жимчу Барсуки станце кхечира. Вокзалана юххехь машина охьа а йоссийна, тІаьхьий-хьалхий дежурни волчу цІа чу хьаьвдира уьш.

— Накъост дежурни!

— Накъост начальник!

Станцин дежурнис, вела а къежаш, пагІата хаьттира:

— ХІун ду хилларг? Сих а ца луш дийцал.

— Авари, авари, — бохуш хьийзара Даьндарг.

Станцин дежурни сакх хилира.

— Собар дехьа, Даьндарг, — элира Султана, пхьарс а лаьцна, иза вуха а ийзош.

— Соьга дийцийтахьа, — элира Салмана. — Машинахь схьадогІуш цхьана поездана тІаьхьакхиира тхо. Амма цу тІехь машинист вац. Дукха чехка йогІуш а ю

иза. Цо авари ярна кхераделла шуьга хаийта схьадаьхкина тхо, цул хьалха а девлла.

Станцин дежурни доггуха велавелира. И хIунда воьлу ца хууш доьхна вовшашка хьаьвсира бераш.

— ХIай диканаш яI! ХIай диканаш яI! — бохура станцин дежурнис веларна юккъехула.

— Оха забар ца йо хьуна! — элира Iе ца веллачу Даьндарга.

ЦIеххьана воьлучура сецира станцин дежурни.

— Теша со. Дуьлол аса цхьа тамаша гайта шуна,— аьлла, сени чу велира иза. Бераш цунна тIаьхьа дуьйладелира. Луларчу цIийнан неI дIа а йиллина чоьхьа велира станцин дежурни бераш а дуьгуш. Цу чохь лерга тIе йоьхкина наушникаш а йолуш, хиина Iаш вара къона стаг.

— Iалауди, — элира станцин дежурнис. — Гайтал кху кегийрхошна Назранера сехьаяьлла поезд мичхьа кхаьчна.

Iалауди, аьлла цIе яькхинчо цхьа кнопка таIийра. Оцу сохьта цунна хьалхарчу пена тIера экран къегира. Цу тIехь гира берашна шаьш леррина машинист лоьхуш хьийсина поезд.

— И юй и поезд? — хаьттира станцин дежурнис.

— Ю, — элира Салмана.

— Цо авари йийр яц. Ма кхералаш. Иза автопоезд ю. Цо ша лелайо шен сихаллий, лагIъяррий, оьшшучохь саца а ша соцу. Берриге а оьшуш болу автоматически гIирсаш цунна тIаьхь болуш бу. Муьлххачу а дикачу машинисто чул дика лелайо поезд оцу гIирсаша.

Шайна иза дага ца дарна бехкала дахана, эхь хеташ арадевлира бераш, станцин диспетчер волчуьра. Поездах лаьцна юх-юха вовшашка цхьацца дуьйцуш шайн машина йолчу дахара уьш.

Лакха хьалаяьлла йогIура машина.

— Малхбузехьа агIор гуш ерг Хьалха-Мартана ю! — элира Султана.

— Хьовсий вай?

Машина лаха охьа а еана меллаша Мартанна тIехула хьаьвзира. Шуьйра, еха дIа-схьа яьржина яра юрт. Марта-хина юххехула бохург санна дIа бара коьрта урам. ТIехьа-Мартана боьду некъ дIабоьрзучу тIайна жимма лаккахьо шозза тIекIел йина школа яра. Цунна хьалхарчу майданахь дукха бераш хьийзарна евзира иза Вахина. ДIанехьо кхин а яра дуккха а тIекIел йина гIишлош.

Султана машина малхбалехьа ерзийра. Юьртана йистехь бошмаша дIахьулйина яккхий гIишлош яра. Машина кхин а лаха охьа а яийтина хьаьжча и больница хилар хиира царна. Геннахь хьалхахьа гуш кхин цхьа юрт а яра.

— И хIун юрт ю? — хаьттира Даьндарга.

— ГIойтIа ю. 1919-чу шарахь нохчийчуьрчу партизанийн штаб лаьттина юрт ю иза, — элира Салмана.— Дуьххьара цигахь вовшахтоьхна нохчийн ЦIен Эскар Шерипов Асланбекий, Исаев Iабдурашедий. СоьлжгIаларчу белхалошца цхьаьна луьра къийсамаш дIабехьна оцу эскаро Советан Iедал доккхуш. Эрна а ца байна цара латтийна къийсамаш. Советан Iедало делла вайн къомана хIара дерриге а дикаллаш.

ХьаьжкIийн сийначу хIорда тIехула дIабара лелабаханчийн некъ. Ерриге а аре дIалаьцна йийна хьаьжкIаш яра. Царна юккъехула гуш хьийзаш долу некъаш а дара, дIа-схьа баьржаш боцу байн ченан кIур тIаьхьатесча санна, тIехула хахкаелла йоьлхуш машинаш а йолуш маьI-маьIIехь.

— Аса цхьа хаттар де шуьга?

— Дел, — элира Салмана.

— Хьанна хаьа шуна, дуьххьара хьаьжкIаш мичара кхаьчна вайн махка хьовх, Европе а? — хаьттира Султана.

Салманний, Вахий ладоьгIуш вист а ца хилира. Даьндарга цавашарца элира:

— Ма хаттар а ду.

— Жоп лол хьайна хаахь.

— Лур ду-кх делча. ХьаьжкIаш бохучу дашо ша хоуьйту уьш мичара схьаевлла. Диэкъал дош шина декъе: хьаьжа-кIаш.

Султан велакъежира.

— Массарна а моьттург ду хьуна моьттург а. Iаьрбашкара схьаевлла яц уьш, вайн нахана юккъехь олуш хиллехь а, хьаьжцIа баханчу хьаьжоша цигара еана, олий.

— Ткъа мичара схьаевлла уьш?

— 1492-чу шарахь хIордахо Христофор Колумб Америкерачу Куба гIайренна тIекхаьчна. Цигара еана хьаьжкIаш духхьара Европе.

— Куба гIайре ю хьаьжкIаш схьаевлла меттиг?

— Ю-те.

— ХьаьжкIех хIун йо хаьий хьуна, Даьндарг? — юха а хаьттира Султана.

— Царех хIун йо-м жимчу берана а хаьа.

— Алал хIета.

— Ахьар а до, цу а бо, гIодмех силос а йо.

— Кхин хIун йоккху?

Цецваьлла накъосташка хьаьжира Даьндарг. Кхин хIун йоккху царех? — бохуш ойла йора цо. ЦIеххьана цаI дагадеана велавелира иза.

— ХIан, чуьппалгаш а йоху, жарж а боккху, — элира цо.

— КIезиг хаьа хьуна, Даьндарг. ХьаьжкIех спирт а доккху, басарш а, клейш а, мачашна айраш а, саба а, искусственни чилла а, пластмасса а, кинопленкаш а, эккхаш долу молха а, дарбанашна лелош долу молханаш а, шекъанаш а, кехат а, картон а йо. Тоьур дуй оццула хIуманаш ягарйича? Кхин а царех еш дукха хIуманаш ю. ТIеттIа керланаш гучуйохуш а ю.

— Iа-ле-лай! — элира Даьндарга дахдина, цецвалар лачкъа а ца деш. — Дагахь дацар-кх суна хьаьжкIех оццул тайп-тайпана хIуманаш йоху бохург!

Лаха охьахьоьжучу Салмана мохь туьйхира:

— Ферма ю дIо лахахь. Хьовсийша цунна аьтту агIор трактороо алан дийнна ргI текхайойца!

— Охьа а диссий хьовса вай цигахь деш дерг хIун ду, — элира жимчу Вахас.

Машина фермана юххехь охьайоьссира. Бераш тракторна тIедахара.

Еха алан ргI яра йоьттина. Цунна юххехула пхи метр хиллал юкъ юьтуш шолгIа ргI еш яра трактор. Тракторна тIаьхьа тесначу прицепна тIера, трактористо цхьа тIам хьовзийча, прицепан хьалхе шашах хьала а айаелла, тIаккха трактор дIайолаелча прицеп кIелхьара дIа а яхана, ргI лаьттахь йисира. ТIаккха кхин цхьа ргI а еара трактороо иштта.

Ферма йолчуьра схьаеара цхьа жима кант. Бераша тIе а веана леррина цаьрга хьоьжура иза. Юха вовшийн довзийтира цара.

Салмана хаьттира:

— Кхузахь хIун еш ю? Шина регIан юкъаметтиге а йол ма тесна?

— ХьаьжкIийн силос йилла меттиг ю кечъеш.

— Лаьтта тIаьххьий?

— ХIаъ. Алан шина регIан юкъ силосах юза а

юьзна, тракторца хьошуш таIа а йина, тIаккха тIехула тIе йол тосуш шина а регIах цаI йийр ю, цхьабосса дIа а къовлуш .Иштта силос йиллар харжаш кIезиг а оьшуш, дараш данне а доцуш хуьлу. Хьалха лаьтта бухахь йиллара тхан колхозо силос, амма дараш дукха хуьлура, тIе траншеяш йохуш харжаш а йора. Ткъа хIинца иштта йиллина силос схьаелла а, божалшка дIаяхьа а аьттонаш болуш ю.

— Маса тонн силос хир ю кху шина регIана юккъехь?

— 500 тонн гергга хир ю бохура тхан агрономо. 6—7 де даьлча жимма йол охьа а таIийтина, тIаккха йилла йолор ю силос.

— Шун фермехь йиний механизаци? — хаьттира Даьндарга.

Цецваьлла жоп делира кIанта:

— Дера йина. Суна хетарехь механизаци янза цхьа а ферма а хир яц.

Кхин а цхьацца хиттинчул тIаьхьа, Султана элира:

— ХIан, новкъа довлий вай?

— Довла-те. Вайн кхача дезаш дуккха а меттигаш ю, — элира Даьндарга дозаллица.

Бераш шайн машина йолчу дахара.

ГIойтIана, АтагIана тIехула дIа бира некъ лелабаханчара. Шерачу аренашкахь хьийкъина ялташ яйн тулгIеш етташ лаьттара. Наг-наггахь царна юккъехь гуш цхьацца белхаш беш тамашийна машинаш яра. Ялташна тIехула массо а маьIехь дIа-схьа тийсина электрически серий дара. Сацам бира лелабаханчара, Султана дийцарца, и машинаш электроницкъо лелош хила мега, аьлла.

АтагIана тIехлилхичхьана ерриге а аренаш дIалаьцна бохург санна шекаран свеклан плантацеш яра.

ЦIен басар хьаькхна кегий машинаш лелара, цхьаерш тIаьхьатесначу культиваторшца латта самсадоккхуш, вуьш латтана удобренеш еш. Кхечанхьа гуш хиш дохкуш адамаш дара. Лакхара охьахьоьжучарна, баьццарчу кIадина тIера кIайн моханаш санна хетара къегачу татолийн асанаш.

— Шекар доккху завод мичахь ю те? — хаьттира жимчу Вахас.

— Хаац. ДIо хьалхахь гушъерг Шела ю. Цигахь хуур ду вайна.

Дукха хан ялале Шела дIакхечира лелабаханарш. Машина лаьтта охьа а йоссийна, шуьйрачу урамновкъахула юьрта чу буьйлира уьш. Цхьабосса синтарш дийгIина, шина а огIор цIена тротуараш долуш болчу новкъа райцентран юккъе кхечира уьш. Хьалха заманахь кегийра баккхалш юхкуш масех тукна йолуш, хIетахь «туьканаш юкъ» олуш хиллачу майданахь, жима парк яра, юкъаметтехь йоккха «Халкъийн вежараллин» памятник а йолуш. Дехийчу гIаьнташ тIехь IиндагIехь сакъоьруш Iара дукха бахархой. Оцу паркана гонаха дара шуьйра кораш долу лекха цIенош. Цхьана маьIIера схьахезара лоькху яккхий зурманаш. Машинара охьа а биссина парке бахара лелабаханарш. ГIентахь хиина Iаш кIант гира царна книжка а карахь. Цунна тIебахара уьш. Маршалла хаьттинчул тIаьхьа, шега динчу хаттарна дуьхьал хазахетарца жоп делира кIанта:

— Со Сирж-Эвлара ву. Кхузахь интернатехь доьшуш ву со.

— Интернат чекхъяькхича хIун дийр ду ахьа?

— Лоьрийн дешар деша Грозне гIур ву. ХIинцале а цхьацца книжканаш йоьшу аса, лоьрийн дешарх лаьцна. Кхузарчу больницера лоьраша а Iамадо суна

цхьацца дерг. Сайн мукъа хан аса больницехь йоккху лоьрийн белхан тидам беш. Даггара беза суна медицински болх. ХIун ду адамана могашалла юхаяларал мехала? Гуттар хьалха, ширачу хенара дуьйна схьадогIуш ду, шина стага дуьхь-дуьхьал кхетча уггар хьалха могашаллин хьал хаттар. Могашаллел мехала хIумма а дац. И сийлахь гIуллакх дIакхоьхьучу лоьрийн могIара хIоттар доккха дозалла ду. ЧIогIа жоьпаллин гIуллакх а ду иза.

— Хьоьца доьшуш долу важа бераш дуй лоьраллин дешар Iамо лууш?

— Ши-кхоъ ву. Дукхаха дерш механикаш, слесарш, бешахой, агрономаш, даьхнилелорхой хила дагахь ду.

— Инженераш, педагогаш хила деша дагахь долуш данне а дац бераш?

— Дера ду! Дукха ду. Амма массара а барт бина, белхаш а беш, заочно деша. Тхуна бевзаш дукха кегийрхой бу иштта доьшуш.

— ХIара, — элира хIинццалца ладоьгIуш Iийначу жимчу Вахас. — Аса цхьа хаттар де хьоьга. Тхо схьадогIуш дукха майданаш дIалаьцна йийна шекаран свеклаш яра. Ткъа и шекар доккху завод мичахь ю?

— Устради-Эвлахь ю.

— Кхузахь хIун заводаш ю?

— Кирпично-черепичны завод а, шурин завод а, цIерхьер а, бедарш тоьгу фабрика а, дечигах цхьацца гIуллакхаш ден завод а ю. Йоккха-м яц, делахь а районна кхачамбалуш хлебозавод а ю. Промышленность денна шорлуш ю. Дерриге а гIуллакхаш дахаран хьелаш кхин а дикачу бараме кхачо хьовзийна ду. ХIара, — аьлла къамел хадош хаьттира кIанта. — Со цхьана лекце ваха дезаш ву, шу догIур дуй соьца?

— ХIан-хIа. Дика мел дерш догIийла. Тхо новкъа девр ду.

— Делахь, шу марша гIойла, — аьлла, маршалла а делла, дIавахара кIант.

Лелабаханарш шайн машина йолчу бахара.

Шерачу арахь йолчу Гермачигна тIехула, Мескар-Юрт аьтто агIор юьтуш, Устради-Эвла кхечира лела-баханарш. Цигахь, лаьтта охьа а ца буьссуш, тIехула ши-кхо го баькхира цара.

Йоккха майда чулаьцна шекар доккху завод гира царна цIерпоштнекъана гена йоццуш йолу. Заводан корпусана юххехь свеклаш тIеоьцу площадка а яра, кестта хаддаза тIаьхьий-хьалхий хIиттина схьаоьху йолчу машинашна тIера свеклаш тIеэца цIена кечйина.

— Дукха хан ялале дIаболор бу заводо болх, — элира Салмана, — еш чуьра свекла кхачо мосазза юлу «Схьая! Схьая!» бохуш гудок а екош.

— Заводо болх муха бо хаьа хьуна? — хаьттира жимчу Вахас.

— ХIан-хIа. Киргизехь тхо Iаш долуш тхуна юхехь яра шекаран завод. Цо иштта «мохь» тоьхча тхан лулахочо киргизо Кочкорбайс олура, гуттар вела а луш: «Мацъелла. Кхача боьху. Схьая! Схьая! — боху».

— Болх беш елахьара хьовсур дара вай заводе, — элира Султана. — Ткъа хIинца хьаьвсича а башха мехала хIумма а гур дац.

Устради-Эвлана юккъехула чекхболучу шуьйрачу некъана-автострадана тIе охьайоссийра лелабаханчара шайн машина.

— ХIокху некъа тIехь хир яц хьуна цхьа а авари! — элира жимчу Вахас. — Некъ хадош йогIуш цхьа а ма-

шина гур яц. Ерриге а цхьана кху шуьйрачу новкъа лела.

Вахас ма аллара ерриге а машинаш автострадан цхьана асана тIехула лелара, пурх хадош некъ боцуш. Иштта некъ хиларо таро хуьлуьйту машина мелла а чехка яхийта. Лелабаханчара шайн машина Грознехьа хийцира. Орга-хил дехьахь, автострадана шина а агIор йолу аренаш хас-стоьмийн бошмаша дIалаьцнера. Цхьайолчу майданашкахь, парникови раманаш ирахIиттийна, ангалина тIехь маьлхан зIаьнарш лепаш, цхьа ша тайпа гIирсаш цигарнаш болуш санна хеталора. Помидораш йийна майданаш петIимат-зезагийн аре санна къорза яра.

— ЛадогIал, — элира Султана доттагIашка. — ХIорш ю шуна аса цкъа ешначу книжки тIеранаш санна йолу, якхийчу гIаланашна дуьззинчу шарахь — Iай а, бIаьста а, аьхка а, гурахь а — хас-стоьмаш латтош йолу аренаш. Хьовсал, хуьлларчу раманашна кIелахь кхиабо хас-стоьмаш бIаьстий, гураххьий. Ткъа Iай хас-стоьмаш кхиош йовхонан чоьнаш — теплицаш ю.

ГIалина юххехьо уьш кхаьчча, Султана аьлларг бакъ дан санна, гучуевлира пенаш а, тхевнаш а ангали диллинчу раманех дина йолу теплицаш. Маьлхан зIаьнаршлахь жимчу хрустальни гIаланах тера хетара уьш.

— ГIаларчу заводашна, — бохуш дуьйцура Султана, — ца оьшуш эрна йовш хиллачу йовхонах пайда оьцуш ехкина ю теплицаш. Арахь мел шийла хиларх теплицашна чохь цхьана температурехь лаьтта хIо. Хи дуьллуш кранашна чухула догIа а доуьйту, электролампанашца серло а латтайо. Арахь шийла дарц хьоькхуш, мох угIуш, шелонна къорш-къирш бохуш дайн татанашца дечигаш лелхачу хенахь теплицашна чохь наьрсаш йохуш, сийна хохаш бохуш, оччам-буц йокхуш, цIарула цIен помидораш йохуш, хилла ца хилла

хьоьжуш, хуталшна тIехь йолчу хорбазашна тIе пIелг бетташ лела теплицашна чуьра белхалой.

— И ду хьуна гIуллакх! Iаьна юккъехь цIен-мерза хорбазаш!

— Массо агIор а пайда оьцу адамо Iаламера, — элира Салмана.

— ГIараваьллачу Мичурина ма аллара, шен дикаллаш Iаламо ша схьаяларе ца хьоьжуш, цуьнгара уьш схьайоху адамо.

Машина гIалина юххе кхечира.

ГIалин маьI-маьIIера схьагуш яра, хи чуьра чIерийдохургийн санна ехий вортанаш йолуш, дIаяхийтина зIакарш йолуш, башенни кранаш .Заводашна, фабрикашна тIехула, поэташа шайн поэзи тIехь хийла бийцина кIарраш бацара гуш. ХIаваъ цIена дара. Дерриге а урамаш баьццарчу гIаша дIахьулдинера.

Меллаша машина йоуьйтуш, массанхьа а бIаьрг тухуш богIура лелабаханарш. ГIалина юккъехьо кхаьчча, шайн машина краеведчески музейна хьалха а йитина, гIалахула гIаш бахара уьш. Соьлж-хин шуьйрачу тIай тIе кхаьчча лакхара чухьоьжуш севцира. Сирла, хьаьъна догIура хи, хьалха санна цхьана а тайпана хьожа а йоцуш. Хи чухула дIа-схьа гилакеманаш хоьхкуш, хи чохь луьйчуш зевне аьзнаш декош дукха бераш дара.

— Вай а лийчий?

— Ца оьшу, вай хье лур дац, Даьндарг.

Хина дехьа ерзийна Шерипов Асланбекана хIоттийна йоккха памятник яра, тIехьарчу когашна тIе хIоьттина дIакхоссабелла дин болуш. Асланбек когашна тIе вазвелла, куьг лекха хьалаайбина, таханлерачу ирсечу дахаре къинхьегамхошка кхойкхуш вара. Памятникана тIехьахьа яккхий гIишлош яра пхоьазза, ялхазза

тIекIел йина. Гонаха хазъеш тойина, лергина парк яра. Жимма цигахь хьоьжуш а Iийна, тIел дехьа бевлира лелабаханарш. Луьйчуш долчу берашца дог а долуш, накъосташна тIаьхьа дIаволавелира Даьндарг.

Урамнекъана дехьахь цхьана туьканан доккхачу корана хьалха гулделлера дуккха а адамаш. Цигахь дерг хIун ду хьовса сацийра лелабаханчара. Некъ хадош дехьаволийла гойтуш йолу билгало йолчу дIабуьйлабелира уьш. Цигахула вахар гена а хетта Даьндарг, цхьана а хотIе доццчухула некъ хадош дIаволавелира. Оцу сохьта цуьнан хеннара хир волчу цхьана кIанта мохь туьйхира:

— Жима стаг!

Даьндарг вухахьаьжира. КIанта куьг ластош шена тIевийхира иза. Шега цаI хатта воллу хир ву-кх иза, аьлла, дагадеана Даьндарг цунна тIевеара.

— ХIун боху ахьа?

— Кхузаша хIунда волу хьо дехьа?

— Сайна луу дела волу-кх. Хьан хIун бала бу?

ЧIогIа цецвелира кIант.

— И бохург хIун ду? Хьо батта тIера-м ца кхаьчна кхуза?

— Батта тIера кхаьчнарг лара а мегар ду, — элира Даьндарга цавашарца.

— ХIета лело ца догIург хьайн цIахь лелор ахьа хьо цIа вахчахьана. Ткъа кхузахь хьуо некъ хадо дагахь велахь дIо билгалонаш йолччухула хадабе. Цигахула ахьа некъ хадо безаш хиларна тоьшалла хIокхо дийр ду хьуна,— аьлла боьмаша мужалт йолу удостоверени гайтира кIанта, шех важа цавашар а хааделла.

«Юкъараллин порядок ларъяран штабан дружинан член Ахьмадов Мохьмад», — аьлла дийшира Даьндарга.

«ХІан-хІа, дика дац аса порядок йохор», — бохуш ойла а еш, велакъежира иза бехказа волуш. Юха оцу сохьта элира:

— Со-м дуьхьал вац дІогуш дехьавала.

Сих-сиха вуха а хьоьжуш дІаволавелира иза шен накъостий баханчу новкъа.

Доккхачу корехь йолчу экрана тІехь туьканахь долчу товарех лаьцна гойтуш суьрташ дара. Цигахь, туьканара хІумма а эца дагахь ца хиларна дукха ца лаьтташ дІабахара лелабаханарш. Новкъахь Даьндарга шеца хилларг дийцира. Чекхдоккхуш элира цо:

— Тидам барх хІинццалца цхьа а милиционер ца гина вайна. Суна хетарехь юкъараллин порядок Іалашъяран гІуллакхаш дерриге а халкъан караделла.

Даьндарг и аьлла воллушехьа, царна юххехула тІехвелира тохура Даьндарге некъ хадош мичхьахула валавеза баьхна кІант.

— Мохьмад!—аьлла кхайкхира Даьндарга кІанте, цуьнан удостоверени тІехь ша ешна цІе дага а еана.

КІант сецира. Бераша шаьш довзийтира. Цара гергарло тесира. Новкъа цхьаьний дІадуьйладелира уьш. Шега динчу хаттарна жоп луш Мохьмада бакъ дира, юкъараллин порядок ларъяран гІуллакх, Даьндарга ма аллара, халъкан караделла хилар.

— Хьо хІинца стенга воьдуш ву, — хаьттира жимчу Вахас, цхьанхьа дежурить дан воьдуш-х ваций те иза, аьлла дагадеана.

— Со заводе воьдуш ву. Цигахь Іемаш ву со.

— Болх нуьцкъала буй? — хаьттира Даьндарга.

— ХІан-хІа. Хьовса лаьий шуна? Дуьло, цхьаьний гІур ду вай заводе.

ДІакхечира бераш йоккха завод йолчу.

Хьалхарчу цеха чу ваьлча цецваьлла висира Даьндарг. Цунна моьттура хІинцца дуккха а белхалой чохь

болуш, къарвулуьйтур волуш йоккха гIовгIа лаьтташ, чохь йовхо Iеткъаш йолу цех шена гур ю. Амма цех, хIумма а тIаьххьарчийх йоцуш, цIеначу лабораторех тера яра. Чохь йовха а яцара, хIо цIена дара, меллаша гIовгIанца цхьанаэшшара белхаш беш яра станокаш, ерриге а цеха чохь ши-кхо белхало бен вацара. Уьш а, лоьраш санна, кIайн халаташ юьйхина, машинаша беш болу белхаш толлуш бара.

— Берриге а белхаш, — элира Мохьмада, — машинаша шаьш бо. Белхалой говзанчаш бу. Машинийн белхаш толлуш, цаьрга бахьа ма беззара белхаш дIабохьуьйтуш, хьожуш хилар бен кхин белхаш ца бо кхузахь. Амма, цхьабакъду, иштачу машинашка белхаш байта йоккха говзалла еза, дуккха а дешна хила веза. Автоматически могIанаш деш автоматизаци яро доккха гIо до. Цхьа деталь еш иза станокера станоке луш, оьшшучу барамехь ян а йой схьало автомато. Оьш-оьшу инструменташ а шаьш лелайо автоматаша, цаI цхьаьнца хуьйцуш, важа тIехилош, кхин дIайоккхуш.

— Хьо доккха хIума! — элира Даьндарга цецвалар лачкъа а ца деш. — Чохь са долуш санна бо-кх цара болх.

Автоматашка-станокашка хьуьйсуш заводе хьаьвсина бевлча, Мохьмадан Iодика а йина, арабевлира лелабаханарш. Кхин а жимма гIали юккъехула а лелла, шайн машина йолчу юхабаьхкира уьш.

Машинна тIехевшира бераш. Шайн некъ сиха чекхбаларна жимма цатам баьлла вара Даьндарг.

— ХIара, суна цхьа хIума дагадеана. Вай кхузахь совций?

— Мича «кхузахь?»

— ХIокху шара чохь.

Султана корта ластийра, ша реза ца хилар хоуьйтуш. Салмана жоп делира:

— ХIан-хIа, и дан мегар дац.

— ХIунда? — хаьттира жимчу Вахас. — Кхузара дахар-м ялсамане ма ю! Дерриге а дан оьшург машинаша шаьш до. Иза, важа кнопка тIетаIийчхьана хьуна оьшшург машинаша кхочушдо. Кхин хIун дика дахар оьшу?

— Цунах лаьцна хьоьга цхьаммо а хIумма а ца боху. Кхузара дахар дуьйцийла йоцуш сов дика ду. Ткъа оцу дахаре кхача ахьа хIумма а диний?

Даьндарг вист а ца хилира. Жимма хан яьлча жоп делира цо:

— Ца дина,— аьлла.— Вай леладаха арадевлчхьана дукханнах кхийти со. Цундела, суна ишта хета: хIокху дахарехь ваьш сов ца хилийта, дерриге а дан кхуш, и кнопка тIетаIийчхьана тоьуш йолчу машинашка болх байта хууш, и машинаш евзаш, ян хууш кхача деза вай кху дахаре. Мелла а дукха деша деза, говзалаш Iамош белхаш бан беза. ТIаккха хьакъ долуш юкъа гIур ду вай хIокху дахарна. Бакъ лоьй со?

Массара бакъ дира цо бохург.

Султана шена хьалхарчу куьзгана кIеларчу терахьашна юххерачу нодарчашна тIе рогIехь пIелгаш таIийра, 1959-гIа шо къегира куьзганна тIехь. Машино, новкъа довлале хьалха уьш хиллачу бай тIе охьадиссийра бераш. Уьш чуьра арадовллушехь машина ларза яйра.



ДОТТАГIИЙ

Денош шийла лаьттара. Дарц хьоькхура. Дог-ойла таIайой сингаттаме-кула латтайора шелоно. ДIа-схьа ца яьржаш тIетаьIIий лаьттара бодане мархаш. Лаххахула лела малх хьаьжна денош а наг-наггахь бен ца догIура. Амма иштта маьлхан денош даьхкича шело мел карзахе хьийзарх а, бераш шайн хIазарш долу салазаш хоьхкуш, сакъералой, тобанаш йой лелара ловзуш. Делахь а, мелла а шен исбаьхьалла йолуш Iа хиларх а, берашна а лаьара сихха ховха бIаьсте схьакхочийла.

Шийлачу деношкахь суьйрене сатуьйсура жимчу Iимрана. ЧIогIа синкъераме хуьлура церан цIахь, баккхийчеран дийцаршка ладоьгIуш. ХIор сарахь бохург санна, лулахой богIура Iимранан да Халад

волчу сакъера. Халад дуккха а хIуманаш гина, дахар дика девзаш стаг вара. Цо цхьацца дуьйцуш, дуьненахь мел дерг дицлой, берриге а шен тидам тIебохуьйтий, ден бIаьра хьоьжуш Iара Iимран.

Халадан аьрро пхьарс чолакха бара. Соьлж-гIалахь «БIе дийнахь» лаьттинчу тIамехь чов хилла цIа веанера иза биъ бутт гергга хьалха. Шен да тIамехь чов а хилла цIа варах доккха дозалла дора Iимрана. Дас дийцинарг берашна духадуьйцуш Iимран гинчунна моьттур дара цу тIамехь и ша хилла. Буьрса кеп хIоттайой, тур лесто, топ етта сурт хIиттош, бакъду, жимма шегара тIе а тухуш, дуьйцура цо шен ден тIеман хьуьнарш.

Цхьана сарахь гIулгех ловзуш вара Iимран цIенкъа тесначу черта тIехь. Да, баьрччехь болчу, истанг тIетесначу дечиг-маьнги тIехь кора хьалха хиина Iаш вара, кочарчу кIайчу гатана чухула баьккхина чов хилла пхьарс а болуш. Йоккха латийна цIе йогура пеша чохь, шуьйрачу бертигехула схьа йовхо а, серло а луш жимма бодане долчу цIа чу. Топ хьалхахьа хиларна цIеран меттанаш пеша чуьра аракхийда гIерташ санна хеталора. Амма бертиге кхоччушехьа тоьпо хьаладовдадора уьш.

Кертахь жIаьла летира, юха йоккха хан ялале сени чохь когийн татанаш девлира.

— Во Халад! ЦIахь вуй хьо? — хезира сени чуьра схьа.

— Дера ву. Схьачудуьйла! — элира Халада чIоггIа. Юха Iимране вистхилира. — ДIадаха, кIант, гIулгаш.

Iимрана сиха дIагулдира шен гIулгаш. ЦIа чу велира хьалхий-тIаьхьий кхо стаг. Уьш бара лулахой. Морзгалша юьхь аьгна лекха Махьмуддий, Iаьржа

даккхий мекхаш долу Барзий, горга юьхь йолу лоха Салауддий. КІедачу маьхьсешна тІехула юьйхина калош дІа а яьхна, дечиг-маьнги тІе велира Махьмуд, галпеш йолчу хечийн когашна тІехула пасаташ бен йоцу Барзий, Салауддий маьнги йисте охьахиира. Церан калош неІарна юххехь могІара дІанисйира Іимрана, кегий гилакеманаш санна. ТІаккха пеша хьалха лохачу гІента охьахиира иза. Цуьнан аьрро бесни серлаяьккхира пешарчу цІеро. ХІинцца цхьа хаза хІума дуьйцур ду-кх кхара, бохуш, ладогІа кечвелира Іимран. Амма оцу сохьта шега кхойкху хезира цунна. Халад лерриа схьахьаьжча нана йолчу ваха дийзира цуьнан чехкка. Дегаза аравелира иза цІа чуьра, сени чухула сиха луларчу цІа чу иккхира.

— ХІун боху ахьа, нана? — хаьттира цо, нанна тІе баьргаш а бугІуш.

— Охьа а хаий хІума яа боху,— элира нанас, луларчу цІа чуьра санна болчу, дечиг-маьнги тІе жима шаршу а яржош.

— Со меца вац,— элира Іимрана сихха дІаваха дог хилла.

— Суна дика хаьа, хьо меца велахь а, вацахь а хьайга бохург кхочуш дичхьана волу хьо. Охьахаал!

Бехказлонаш лехарх гІуллакх хир дацара. Маьнги тІе а ваьлла, когаш чучча а баьхна охьахиира Іимран. Можа, бутт санна, ах сискал а, дечиган кеда чохь тІуоберам а биллира нанас цунна хьалха. Доллучу хІуманал а дукха безара цунна тІуоберам. Сих-сиха кеда чу сискал а Іуттуш, хІума яа волавелира иза. ЧІенга а, кегий пІелгаш а берамах дуьзнера. Сискал кхаьллина мосазза волу пІелгаш цІубдора цо.

Цуьнан сихалла гинчу нанас элира:

— Кхуьур ву хьо. ПаргІата яа хІума.

Iимрана жоп луш цхьа бур-бур дира. Йоккха хан ялале кад бассабелира. Iимрана чкъап-чкъип деш пIелгаш цIубдира. Цуьнан са луларчу цIа чохь дуьйла хууш нана елакъежира.

— Воло, гIо хьайна хIинца,— аьлла, пурба делира цо кIантана.

Iимране шолгIа хIумма а ала дезаш дацара. Иза, буьхьиг санна, тIахъаьлла маьнги тIера охьа а иккхина, чехкка луларчу цIа чу вахара, гIовгIа ца еш меллаша шен лохачу гIента охьахиира.

Халад цаI-м дуьйцуш вара.

— Цунах дерг ца хаьа суна, амма билггала суна хууш кхин ду,— бохура цо. — Асланбеканний, Iабдурашеданний дог-ойла вайгахьа, къехошкахьа ю. СоьлжгIалара белхалой а бу, вай санна, паччахьан Iедал ца дезаш тIемаш беш. Россехара Ленина ваийтина комиссар Арджакиназ а гира суна.

— Ахьа баккъал боху? — цецваьлла хаьттира Барзас.

Вушта а даккхий долу Iимранан бIаьргаш кхин а шорделира дас Арджакиназ хьахийча. «Мила ву-те иза? Баккъалла а Iаьржа а волуш ву-те иза?» — бохуш ойланаш яьхкира коьрте, дас яьккхина цIе «Iаьржакиназ» санна бохуш хетаелла.

— Боху-те баккъалла а,— жоп делира дас. — Иза гуьржи ву. Цкъа оха говраш хаьхкина тарраш детташ мостагIчун пилимотан цхьа бен бохийча, цо Асланбеке аьлла дешнаш дагара ца довлу суна.

— ХIун элира цо?

— Хьо дог-майра стаг ву, амма кхин иштта пилимотана кIел ма лелхалахь, элира.

— Оцу дешнаша хоуьйту иза дог-дика стаг хилар.

— Массара а и вевзачара а олу иштта.

— ХIара,— хиина Iаччохь меттахъхьайра Махьмуд.— Бакъдуй те, Асланбеккий, Iабдурашеддий Узум-Хьаьжин мурдаш бу, бохург?

— Делора дац. Уьш Узум-Хьаьжас шена лаарна даржийна хабарш ду. Имамаша хIун дика дахьар дара вайна? И ца хууш вац и шиъ а. Вайн некъ Узум-Хьаьжичуьнца ца богIу. Вайна халкъан Iедал деза, массо а къаьмнашна юккъехь цхьа барт беза. Латта шорта ду, адам бертахь дахалур ду.

— Къаьмнашна юккъехь барт хиларал деза хIума дац,— элира Салауддис.

Лерина ладоьгIура Iимрана баккхийчара дуьйцачуьнга. Дукхаха дерг кхеташ дацара. Иза дика кхеташ дерг тIамах лаьцна ден дийцарш дара. Ткъа тховса цунна хIуьттаренна санна уьш ца дуьйцура.

Вехха Iийра иза цу буса пеша хьалха хиина. Эххар а бIаьргийн негIарш ваьштаэха дуьйладелира.

* * *

Дукха бераш дара, салазаш хиккина кIад а делла, зIар кертах баккъаш тоьхна могIара дIахIиттина лаьтташ. Царна юккъехь вара Iимран а. Масийтта тайпана ловзарш дара бераша салазашца деш: хьалхаваларх хахкар а, лохачу берда тIера чулелхар а, пе тохар а. Ша тIехь салазаш а хиккина хIинцца схьакаьчна садоIуш дара уьш.

Гомачу урамехь геннахь гучувелира кхо стаг. Кхуьй а герзашца вара. Царех цхьа а ца вевзара берашна. Шайн маьхьарий а совцийна, цхьабосса дIа а дирзина, уьш хIун адамаш ду хаа лууш, дIахьоьжура бераш.

Цхьаммо ша шега хезаш хаьттира:

— Уьш хIун адамаш ду?

— Массаьргахь а тоьпаш а ю,— элира жимчу ЛомIелас.

— Схьагарехь,— элира Iимрана,—уьш тIемлой бу. Кхо стаг берашца нисвелира. Царех цхьаммо, рогIехь массаьрга а хьажна, хаьттира:

— Халад вевзий шуна, бераш?

— Вевза,— жоп делира Iимрана.— Иза сан да ву.

— Баккъаллий? Хьо-м воккха стаг ву. Дигал тхо шайга. ЦIахь вуй Халад ша?

Ша воккха стаг ву аларна дагана дикка там хиллачу Iимрана, баккхийчарех лен а гIерташ жоп делира:

— Ву. ТIамехь пхьаьрсах чов хилла цIахь Iаш ву иза.

Салазашна тIехь хьалха а ваьлла, шайга вигира Iимрана вевзаш воцу кхо стаг. Шайн кетIа кхоччушехь элира цо жимма раз а воьрзуш:

— ХIоккхузахь Iаш ду тхо.

— Дукха дика ду. Волол, кхайкхал Халаде.

Iимран, ведда керта вахара.

Оцу сохьта аравелира Халад. Цунна тIаьхьа ца висира Iимран а. Шен дена чул чIогIа лаьара цунна и герзаца дерш хIун адамаш ду хаа, тIаккха бераш долчу а вахана, царна дозаллица дийца а.

КетIа а кхачале вевзира Халадана кхааннех цаI. Векхавелла, хазахеташ геннара чIогIа вистхилира иза:

— Ойн, Юсуп, хьо вац хIара! Ма бакъ даьхкинера шу дахка-м ткъа. Схьадуьйла кетIахь а ца лаьтташ!

Юсуп, аьлла, Халада цIе яьккхинарг, хьалхий, важа шиъ тIаьхьий керта бевлира хьеший. Дуьхьал вогIучу Халада тIекхоччушехьа, даггара куьг лоцуш, маршалла хаьттира кхаанге а. Вовшийн юьхь-дуьхьал хьоьжуш белакъежара уьш. Юххехь лаьтта Iимран Юсупца волчу шинга хьоьжура. И шиъ хIинццалца цхьа дош аьлла а вист ца хиллера. «Мотт ца хууш-х ваций те хIара шиъ?» бохуш хаттар дара Iимранан коьрте

хьийзаш. Цу шиннен бедар а яра цхьа тамашийна, Iимран санна долчу берашна хIинццалца ганза. Шинг-гехь а фуражканаш яра месалчу куйнийн меттана, цхьанна тIехь тIаьрсиган тиша тужурка яра, вукхунна тIехь салтийн чоийн тайпа дара, кога юьйхина тиша эткаш яра. Хьешашна юххехула дIахьаьжначу Iимранна зIар керта тIехула схьахьоьжуш кIайн, хьаьрсан, Iаьржан месала куйнаш техкина шен доттагIийн кортош гира. Цаьрга, «дIадовла» олуш санна, къайлаха куьг ластийра цо. Кортош цхьабосса къайладевлира. Оццу юкъанна баккхийчара вовшашка цаI-м элира. Халад, жимма юха а таьIна, леррина цхьана хьеше хьаьжира.

— Ойн, Иван, хьо ма ву хIара-м!

Вуьш берриге а белабелира цунна иза вовзар хазахетта. Халада могаш пхьарс тIехула а боккхуш маравоьллира Иван. «Оьрсий бу» сацам бира Iимрана.

Ивана вон хуучу нохчийн маттахь бохура:

— Со ву, со ву, —юха Халадан пьаьрсехьа корта а тосуш хаьттира цо: — Хо дика ву?

Халад кхийтира цуьнан хаттарх.

— Дика бу сан пхьарс-м,— элира цо.— Вай арахь хIунда лаьтта, дуьло чу гIур ду вай! — аьлла, хьалхахьа куьг тесира цо.

КетIахьа дIавирзинчу Iимранна тохар санна берийн кортош гира зIар керта тIехула схьакъедаш. Да хьешашца цIа чу вахара, ткъа Iимран салазаш схьа а эцна урамновкъа велира, шен доттагIий болчу.

Бераша, оцу сохьта го а беш, хеттарш дира:

— Муьлуш бу уьш?

— ХIун боху цара?

— Герзашца хIунда бу уьш?

Iимрана, массаьрга а хьаьжна, паргIата жоп делира:

— Дадин доттагIий бу уьш. Царех шиъ оьрси ву.

— Оьрси? — цецдевлира бераш.

— Ахьа баккъалла а боху?

Цхьа кIант бIаьргаш а къарзийна вухахилира.

— Оьрси? — элира цо. — Керстанаш бу уьш!

Цуьнан цIе Идрис яра. Иза молла Исламан кIант вара. ХIинцале дуйна а, бархI шо бен хан йоццушехьа, мархин баттахь кхо марха кхаьбнера цо. Иштта «хьуьнаре» гIуллакх хIинццалца вукху берашкара ца даьллера. Бакъду, цаI гIоьртира марха кхаба, амма делкъхенахь хало ла а ца елла, Iетта а веш, корта лаза а баьлла, марха дохош хIума а йиина, метта вижа дийзира цуьнан. Ткъа Идриса, шен дас хьехарца, виц а велла юучуха, хIума а юуш кхебира, ткъа берашна цунах дерг хууш дацара.

— Хилча хIун ду уьш оьрсий? — элира Iимрана, Идрисехьа а воьрзуш.

— Вай санна адамаш ду уьш-м,— элира кхечо Iимранехьа узуш.

Идрис, кхин вист а ца хуьлуш, шен салазашна тIе а ваьлла, цIа вахара.

Молла Ислам ламаз оьцуш когех хи кхорзуш воллура, Идрис чоьхьа ваьлча. КIантехьа дIа а ца вирзира иза, чуьйнан лохачу гIуммагIа чуьра хи а дуьттуш доIа деш. Кхоно ша ламаз эцна ваьлча дIавоьрззушехьа хааделира цунна кIант цаI дахьаш веанийла.

— Схьадийцал, — элира цо гата а карахь, дечигмаьнги тIехь охьа а хууш.

— А... а... — дахдира Идриса стенна тIера дIадолор ду ца хууш.

Молла Ислам оьгIазвахара.

— Аса мосазза аьлла хьоьга, са а ца ийзош дийца?

ТIевазвелла ког хуьйцуш меттах а хьайна, сихха элира Идриса:

— Халадаьрга хьеший баьхкина.

— Баьхкича хIун ду,— элира молла Ислама шена бен а ца хета сурт хIоттош, амма уьш муьлаш бу хаа чIогIа са а тосуш. — ТIаккха?

— Уьш оьрсий бу.

— ХIун? — хаьттира молла Ислама цецвалар лачкъа а ца деш. Гатанца маж схьалаьцначохь дисира куьйгаш.

— Шиъ оьрси ву. Верриге а кхо хьаша ву. Бакъдуй, дада, оьрсий керстанаш хилар?

— Дела цаI хилар санна бакъ ду.

— Халада уьш хIунда битина шайга?

Жимма соцангIа хилира молла Ислам. Юха мелламаша жоп делира цо:

— Ша а керста хиларна битина. Керстанашца цхьана тхов кIел буьйса яькхинчунна жоьжахетин неIарш йиллина хир ю. Кхин церан кIантаца хьо ловзуш ма гайталахь суна!

— Дика ду, дада,— аьлла аравелира Идрис.

Урамновкъахь берийн гIовгIанаш а хезна кетIа велира иза. Цхьа сур бераш дара дIанехьо гулделла. Юкъ-кера схьахезара Идрисана бераша дуьйцург. ХIинцца бухарчарна тIевеана Жели вара дуьйцуш, шайгахь а ши оьрси ву бохуш. «И а гIур ву жоьжахети чу,— ойла йора Идриса. Къа а хетара цунна шен накъостех. — Жоьжахети чохь богур бу-кх уьш».

Берех цхьаммо мохь туьйхира:

— Идрис, схьаволахьа!

— Ца вогIу со! — аьлла жоп делира Идриса. — Керстанаш тIеоьцучийн берашца ловза ца лаьа суна. Жоьжахети ца еза суна! Суна вага ца лаьа.

Бераш вовшашка хьаьвсира. Юха доггуха деладелира. ЧIогIа беламе хийтира царна цуьнан дешнаш. Амма цхьадолчу берийн даг чу шеко юьйжира, ву-

кхаьрца цхьаьна уьш доьлуш хиллехь а. Цхьацца бехказлонаш а карийна шиъ дIавахара. Цу дIаваханчу шиннах цаI Лом-Iела вара.

ЦIахь дех дагавала сацийра Лом-Iелас. Къийлораш хIиттийначу тишчу зIар керташна юххехула а ваьлла, шайн цIа кхечира иза. Лохачу, латта тIетесначу цIеношна хьалха дечиг доккхуш вара Лом-Iелин да. Ден месала Iаьржа куй бIаьштиг тIе охьабеанера, вохвелла юьхьа тIехь наг-наггахь хаалуш хьацаран тIадамаш а дара. Цунна шело ца хаалора. Саццаза хьалийохьий теIаш диг деттара цо. Диг дечигах мосазза кхета «хьахь» олура, цу «хьахьо» гIор алсамдоккхуш санна. Генна дIа-схьа кхийсалора кIайн чIийш. Жимма хан яьлча диг дечигах а доьгIна, садаIа юьстахвелира да, юьхь тIе кучан пхьош а хьоькхуш. ГIулча тIе кхоьссина боьмаша тиша чоа схьа а эцна, и белш тIе а кхоьллина, дечиг тIе охьахиира иза.

— Дада,— аьлла, цунна хьалха дIахIоьттира Лом-Iела. — Iимранаьрга а, ЖелигIаьрга а оьрсий баьхкина.

— ХIун оьрсий? — хаьттира дас, лоьдга юкъа хьарчош йина чIогIачу томкин цигаьрканан юьхьиг куйна йистера схьа а йоккхуш.

— Хаац. Герзашца а бу уьш.

— ТIаккха?

— Уьш шайн ден доттагIий бу, бохура Iимрана.

Цигаьрканан юьхьиг лата а йина, сийна кIур туьйсуш жимма ойла еш а Iийна, хьалагIаьттира да.

— Дада, оьрсий керстанаш хилар бакъ дуй?

— ХIунда боху ахьа?

— Цаьрца доттагIалла лелош верг жоьжахети чохь вогур ву?

— Мичара хезна хьуна и хабарш? Пуьташ бу уьш.

— МоллагIеран Идриса бохура.

Дас корта ластийра.

— Волавелла дІовш тийса.

Лом-Іела ца кхийтира ден тІаьххьарчу дешнех. Царех кхета цуьнан лаам а бацара. Коьрта долчух иза кхийтира: Идрисан дешнаш пуьташ бу. Іимране дІа а дийцина Идрисан кІунс ата беза! Иштта сацам а бина, кех аратилира Лом-Іела. Цунна тІаьххье вахара да а.

Бераш дІа-схьа даханера. Цхьа Іимран вара шайн кетІахь лаьтташ. Чехкка цунна тІевахара Лом-Іела, генара дуьйна мохь а бетташ:

— Пуьташ! Пуьташ! — бохуш.

Іимранна ца хаьара Лом-Іелас бохург стенна ду. Марздаларна кест-кеста меркІела пхьош а хьоькхуш лаьттара иза.

— ХІун пуьташ? — хаьттира цо.

— Идрисан кІунс ата беза вай! Цо баьхнарг бакъ дац. Дадас дийцира суна. Оьрсашца доттагІалла лелориг цхьа цуьрриг а вогур вац жоьжахети чохь.

— И-м суна а хаьа. Дадас цаьрца доттагІалла лелор а дацара и бакъ хилча.

Схьакхечира Лом-Іелин да. Иза, керта а ваьлла, цІа чу вахара. Ши кІант вовшашка хьаьжира, юха Іимрана куьг а ластийна Лом-Іела шена тІаьхьа вийхира.

Хьешан цІа чохь бара баккхийнаш. Халаддий, Юсуппий дечиг-маьнги тІехь хиина Іаш вара когаш чучча а баьхна. Ши оьрсий, Лом-Іелин дай маьнги йистехь охьахиинера. Берел хьалха хІинцца чукхаьчна Лом-Іелин да, хьешашка салам а делла, цхьацца хоьттуш воллура. Ши кІант неІсагІехь сонехь юх-юххе дІахІоьттира.

Лом-Іелин дас динчу хаттарна жоп делира Юсупа:

— Къийсамаш дІахьош бу. ГІала цкъачунна йити оха деникинцашна. ЧІогІа кечбина уьш арахьарчу пачхьалкхаша, вайн махкахь халкъан Іедал дІахІоттарна

кхоьруш. Вайн махкахь санна шайн махкахь а революци хиларна кхоьру уьш. Деникинцашна дуьхьал летта XI арми чIогIа гIелъелла, цундела цхьа кIеззиг дакъа вайн нохчий чохь а дуьсуш, Аштаркхне юхаяьлла иза. Вайн нохчий чохь бисинарш ярташкахула дIа-схьа бекъна. Шун юьртана а кхаьчна царех бархI. ХIара шиъ Халад волчу валийна аса, сайн даггара кхуо хIорш тIеоьцур буйла хууш.

— И хьехо оьшуш дац. Сайн вежарел башха ца хеташ кхобур бу аса хIорш,— элира Халада.

— Сох бIо ца боьлла-кх хьан, Юсуп? — хаьттира Лом-Iелин дас, ша волчу ца балабарна вас хилла.

— Цу тIехь бакъ вац хьо, Зяуди. Хьо волчу бало бIо къажийна ца Iийра со, бакъ дерг ала деза, дуьхьалдIа вицвелира.

Цара и къамелаш деш юххе хиина Iачу оьрсичо цхьа беламе бIаьрг таIийра Iимране. Ши кIант «хихикъ» аьлла велавелира, тIаккха сиха араиккхира. Ехачу учин бIогIам мара а боьллина доггуха воьлура и шиъ вовшашка а хьоьжуш.

* * *

Уча ваьллачу Иванна кетIара схьа гIовгIанаш хезира. Сакх хилла ладоьгIачу цунна шерра къаьстира.

— Тоха! Iойт! — бохуш.

Iе а ца велла кетIа вахара иза цигахь дерг хIун дов ду хьажа, шегахьара гIо оьшуш хIумма а дуй те, бохуш ойла а еш. Доггуха буй-тIара еш леташ бераш гира цунна. Ша тIевоьссинчу хIусамден кIант Iимран а вевзина ведда вахана дIа-схьа къастийра цо уьш, бехкаш а дохуш:

— Дов хIунда ду? Дов дика дац! Лета мегар дац!

Цо вон буьйцачу маттах берашна хиира иза оьрси

хилар. НIаьн-кIорнеш санна, чуьчча гIертачуьра дIатийра уьш, шайна юкъавоьллачуьнгахьа а хьоьжуш. Леташ хилларш бара: Iимранний, Лом-Iелий, Идриссий, церан лулахо Абуй. Оьрсий юьрта кхаьчначу дийнахь дуьйна меттахъхьайна дара дов, таханлерчу дийне кхаччалц схьадеанера буй-тIаре ца долуш, вовшашна геннара яппарш еш. Ткъа тахана урамновкъахь ларамаза дуьхь-дуьхьал нисбелира уьш. Iимрана оцу сохьта элира:

— Алал хIинца, хьо вахьахь!

Идриса майрра элира:

— Керстанашца доттагIалла лелориг ша а керста ву!

Iимрана ластийна буй туьйхира цунна. Идриса юхатуьйхира. ТIехьаша цунна тIекхийтира Лом-Iела, Лом-Iелина тIе тасавелира Абу. Бераш вовшахъхьаьрчира. Эцца цара муьшканаш еш тIекхиира Иван. Шаьш дIасхьа къастийнарг оьрси хилар шена хиича Идрис Абуца сиха дIавахара, кест-кеста вуха а хьоьжуш. Шайн кетIа кхаьчча сецира иза.

— Аса хоуьйтур ду хьуна царна-м! — бохуш кхерамаш тийсара Идриса.

— ХIай, Идрис, и вай дIа-схьа къастийнарг-м дика стаг волчух тера ду, оьрси и велахь а.

— Дадас массо а бу боху уьш иштта тIехула хаза хабар дуьйцуш.

— Хаац,— элира Абус шеконо дог-ойла дIалаьцна. Цунна дагахь ца хилларг дара оьрсичо динарг. Абу ша а вацара девнашна тIера, амма Идрисаца доттагIалла леладарна гIо ца даькхича ца волура. Цундела вахара иза цу девна юкъа а.

Берашна тIекхечира юьртахо. Цунна геннара гина хиллера берийн дов а, уьш дIа-схьа къастор а. Дов берашкара баккхийчаьрга дала а сахьт дац-кх, аьлла,

схьавеанера иза. Идрис а вевзина, и цуьнга вистхила воллуш кетIа велира молла Ислам, хьажойх тарвала гIерташ гуттар а юхуш йолу сийна оба а юьйхина, Iаса а луьйзуш.

Маршалла а хаьттина, юьртахочо элира:

— Молла Ислам, со хIокху берийн дов гина ваьллера схьанехьа. Амма сол хьалха кхечо дIа-схьа къастийра хIорш. Берашна юккъехь делахь а дов дика дац, цунах шура ца йогIу.

— Харц дац, харц дац,— элира молла Ислама. Юха Идрисехьа вирзина, Iаса а Iутуш яйн, хаьттира цо: — ХIун дов дара иза! Дийцал!

Идрис велхаозийра.

— Iимран вара сох леташ...

— ХIунда?

— Аса керстанашца доттагIалла лелориг ша а керста ву, элира.

Молла Ислам вуьйхира. И хабарш кIанте шегахула кхаьчнийла хуур ду-кх юьртахошна, аьлла дагатесира цунна. Велакъежаш, кIеда-мерза вистхилира иза:

— Эш-ше-шей, ма дийцар-кх ахьа. Хила ца луучах цхьаннех а хир вац керста.

Идрис цакхеташ дега хьаьжира. Дукха хан яцара цо нисса бIостанехьа дерг дийцина. Ткъа хIинца дуьйцуш дерг хIун ду? ЧIогIа хала ду баккхийчара дуьйцучун дуьхе кхиа.

Идрис корта а оллийна цIа вахара, кханнехь Iимранца тан чIагIо а йина.

Амма кхана а я лама а цуьнан аьтту ца нисбелира Iимране вистхила. Iимранний, Лом-Iелий берашца а ца хуьлура. И шиъ Iимранаьргахь дIакъовлавеллера. Кех тIехволуш гора Идрисана чоьхьа динчу цIенойн учахь даггара воьлуш, оьрсашца цхьацца деш, ловзуш Iимранний, Лом-Iелий. Вехха лаьттара иза зIар керта

юккъехула цаьрга дIахьоьжуш, хьоьгуш, тIеваха а ца хIуттуш. Дечигах йина тайп-тайпана ловзо дукха хIуманаш гора цунна цаьргахь: секхаIодмаш а, тарраш а, тапчанаш а. Уьш ерриш а оьрсаша царна йинийла а хаьара цунна. ЦIахь ша а гIертара иза ян, амма шена а цхьа безамехь йоцуш, ирча хеталой йохайора — говзалла яцара.

Кест-кеста гуллора юьртахой ХаладгIеран уьйтIахь. Кертарчу дечаган гIулчана тIехь а, учахь а охьа а ховший, боьмаший, Iаьржий гIовталш юьйхина, даккхий кхакханан куйнаш техкина, лоьдга юкъа хьарчийна уьйзачу чIогIачу томкийн лилула сийна кIур туьйсуш Iара уьш. Царна цхьацца дуьйцуш хуьлура я Иван, я кест-кеста вогIий гучуволуш волу Юсуп. Петроний, Иванний юххе хиина Iаш хуьлура даима а Iимранний, Лом-Iелий.

Цкъа Юсуп а веана гулбелира юьртахой. Массара хаьа сатуьйсура гIалахь хIун хьал ду а, большевикийн эскар юха маца догIур ду а. Ивана шен лекха дегI нисдеш хьала а гIаьттина, безамехь йолу юьхь екхаелла юьртахошка а вирзина, берчаш йолчу белхалочун куьйга кIайн кехат ластийра.

— Керла хаамаш! Гикалос яздо, дукха хан-денош ца дисина деникинцаша нохч-гIалгIайчохь латта хьеша. ЦIен Эскар новкъадала кечлуш ду. Кировгарий, Орджоникидзерий хабар кхаьчна Гикалога. Вай хIинццалца ма дийццара, кестта дIадолор ду нохчаший, гIалгIаший керла, сирла, ирсах дуьззина дахар. Дерриге а къаьмнаш вежараллин барт болуш даха охьаховшур ду!

— Нийса боху! — элира Юсупа чIоггIа, кIорула Iаьржа дехий мекхаш а хьовзош. БIоржамаш санна долчу цуьнан цIоцкъамашна кIелахь самукъадаьлла къегара кIоргехь долу бIаьргаш. Лекха дегI а, шуьйра

белш а, даккхий куьйгаш а долуш, даима доьхкарх кхозуш, гІалакх санна еха шаьлта а йолуш волчу цунах юьхьенца ийзалора Іимранний, Лом-Іелий. ТІаьхьо хиира берашна иза чІогІа дог-дика, комаьрша, уьйр йолуш стаг хилар. Вевзачарна массарна а даггара везаш вара иза. Берриге а бохург санна юьртахошна хууш дара Шерипов Асланбека тІедохкуш долу механа гІуллакхаш кхочушдеш и лелаш хилар. ХІинца а цо керла хІун деана те, аьлла, гулбеллера юьртахой. — Тахана кхуза ван новкъаваьлча ГІойтІа штабе вирзира со. Массаьрга а шуьга довха маршалла а даийтира Асланбека, кеста-деникинцаш лелхо кийча хила аьлла шух дІатоха коста а дира цо.

— Тхо-м кийча хьаха ду! — элира Зяудис, ондачу буйнахь шаьлтанан мукъ а къовлуш.

— Тахана гІовтта дезахь а кийча ду! — тІетуьйхира массара а цхьабосса.

Петрона дехьай-сехьай хиина Іара Іимранний, Лом-Іелий. Петрон коьртахь куй бацара. Цуьнан хьалахьаькхна ехий сирла-хьаьрса месаш ловзайора гІийла хьоькхучу шийлачу мохо. Петрона нохчийн мотт ца хаьара, цхьа кІеззиг дешнаш доцург. Амма цунах новкъарло ца хуьлура. Цуьнан дог-ойланашца цхьаьна йогІура гонаха болчу нохчийн дог-ойланаш. Даггара тІеэцначу доттагІашна юккъехь ша вуйла дика хаьара цунна. Ша вина мохк йоккха Росси йолуш, Терка йистерачу къинхьегамхойх-гІалгІазкхийх схьаваьллачу белхалочуьнца Иванца цхьаьна Къилбаседа Кавказера ламанхой болчу кхаьчна, церан йоллу цхьа Іалашо йолуш, халкъан Іедал дІахІотто къийсам дІабахьа араваьлла вара Петро.

Кертарнаш кхин а цхьацца дийцанчул тІаьхьа, дІасхьа баха тохабелча, Петро хьалагІаьттира. Иза лохачу дегІара вара, ханна ткъе диъ шо гергга бен воцуш.

Юьхь тIе хьаьжча и шераш лур а дацара цунна, дуккха а жима хетара. Шага тIулгаш санна кIайн цергаш велавелча гучу а йовлуш, нийса мара а, тIахъаьлла дегI а долуш вара Петро.

Керт яссаелча, шен куьйгаш лаьцна лаьттачу шина кIанте хьаьжира иза, вела а къежаш:

— ТIаккха, хIинца хIун до вай? — хаьттира цо оьрсийн маттахь, Iемина долу цхьацца нохчийн дешнаш юкъа а далош.

— Кхин а цхьацца тапча йийр ю ца элира ахьа? — элира шина кIанта куьйгаш а ийзош.

— Дика ду, — аьлла рагIу кIел дIаволавелира Петро.

* * *

Хьалххе схьакхечира бIаьсте. Довха маьлхан денош лаьттара. Шелонах дIахьулъелла лаьтта кIелахь Iа а даькккхина, хIинца малхе хьалаяьлча мегар дуй те, бохуш санна, схьакъедара, мехий санна, бецан ира юьхьигаш. ХIинцале шайн кегий кетарш охьакхийсина, хьаьвддий, девддий хьийзара бераш, цхьацца ловзарш вовшахдетташ: чкъургех ловзуш, кердиган буьрка етташ уьдаргех ловзуш, кхин долу ловзарш деш.

Цхьана дийнахь кетIа ваьлча беридн йоккха тоба гира Идрисана. Царна юккъехь вара Абу а.

— Абу,— аьлла кхайкхира цо. — Шу стенга доьлху?

— Хьуьнха, Iаьн кIел дисина эгна бIараш лахьо!— жоп делира Абус. — Хьо вогIий?

ЧIогIа лаара цунна ваха, амма дас пурба лур дац. Ца хоттуш вахча еттар ю. ХIун дича бакъахьа ду те? Идрис ойланаш еш лаьтташ бераш гомачу урамехь къайладевлира. Дукха ойланаш кирчира Идрисан коьртехь. Эххар а ваха сацийра цо. Цкъа, шозза кер-

та а хьаьжна, ког ма-боллу чехка дIаиккхира иза бераш даханчу агIор. Нехан керташкара жIаьлеш летара цунна тIаьхьа, ма гIо бохуш санна. Юьртах аратилира Идрис кхин берашна тIаьхьа ца кхуьуш. Шерачу арахь а гуш дацара уьш. Хьун гена яцара. «Уьш ма чехка дахана», бохуш, ойланаш еш, хьун йолчухьа дIахьаьдира иза варданийн кIедачу новкъа. Цунна дагахь а дацара, бераш цхьана кIентан цIа дерзар а, цигахь уьш хьедалар а.

Иванний, Петроний тIаьхьахIоьттина вогIура Iимранний, Лом-Iелий. Массаьргахь а тоьпаш яра. Бакъду, берашкахь ерш дечигах йина яра. Юькъачу хьуьна юккъехула меллаша хьалхахьа дIаоьхура уьш. Иванан доьхкарх кхозура йийна къорза ши акха котам. БIаьстенан юьххьехь уьш яйар дика доцийла хаьара царна, амма кхача оьшуш хиларо цуьнан ойла ца йойтура.

Дитташ гIа далаза чIанадевлла лаьттара, церан баххьашна юккъехула гуш яра сийна стигал. Когаш кIелара латта тIуьна дара, гурахь охьаэгначу гIаша дIахьулдинера, куз баржийча санна. Баккхийчех цхьаммо наггахь тIе ког боккхий якъаелла дечиг каглой, «ткъорш» олий тата долура хьуьнан тийналлехь. Талларна дукха шовкъе хилла вогIура ши кIант. Дерриге а церан гIуллакх Ивана я Петрос йийна хIума хьаьдда тIе а вахана схьаэцар дара. Иза а шен исбаьхьалла йолуш, дог ира-кара хIоттош гIуллакх ду, кхин дерг дерриге а диц а деш.

Петрос балдаш тIе пIелг биллира, гIовгIанаш ма йиэ, олуш. ТIаккха тиэбаш жимма хьалхахьа вахара иза. Боккхачу, муьстачу кхура тIехьа а лечкъина топ хьажийра цо. Оцу сохьта, иза лаг озо кхиале, шийла мохь хезира схьа.

— Да-да! — аьлла.

Петрос топ хьажийна жима экха кондаршна юкъа-

иккхира. Таллархой мохь схьабеанчу агIор хьаьвсира, ладоьгIуш. ШолгIа а хезира хьалхачул ирча мохь.

— На-на!

— Цхьа бохам баьлла цигахь! — аьлла малхбузехьа дIахьаьдира Иван. Цунна тIаьхьа вуьш а бевдира. Хала дара хьуьна юккъехула чехка вада. ДегIах, когех, куьйгех детталора лохачу диттийн, кондарийн генаш. Куьйгашца юьхь ларъеш, некъ ца хоьржуш бевда бахара уьш, юх-юха схьа мохь хезачу агIор.

ЦIеххьана хьун чекхъелира, кIоргачу Iин юххехула дIабоьдучу новкъа лилхира уьш. ХIинца юххера схьахезара мохь. Некъо гола тухучу меттехь Iин йисте хьаьдира Иван. Чухьаьжначу цунна жима кIант гира, цхьа кондар схьа а лаьцна, Iин чу кхозуш. Сиха шегара топпий, юкъах дихкина доьхкий охьа а тесна, йистехь йолу хьаьмцан кол аьрру куьйга схьа а лаьцна Iин чу шершира иза. ТIаккха кондар къуьйлучу беран куьг схьалецира.

— ДIахеца кондар! — аьлла мохь туьйхира цо.

Бос бахана, воьхна шега бохучух цакхетачу кIанта кхин а чIогIа къуьйлура буйнаш.

Лакха тIехь волчу Петрос Иванан пхьарс схьалецира. Ивана хьала мохь туьйхира:

— ДIаозаве!

Хьаьмцах ког а гIортийна доггуха хьалаозийра Петрос Иван. Вукхо шена тIаьххье хьалатакхийра кIант, тIаккха кондар дIахийцира цо.

КIант хьала ма ваькккхинехь цхьабосса мохь белира Iимраней, Лом-Iелей:

— Идрис! — аьлла.

Идрис берашка хьаьжира, баккхийчаьрга хьаьжира. Иза воьхна, кхеравелла вара, цуьнан хьажар цхьа акха дара.

Эцца царна тIекхиира Iимранеран лулахо Салауд-

ди а. Ведда варна хьуьхьвоьлла вара иза. Дечиге веана, варда йоьттина а ваьлла, цIа ваха новкъа волуш хезира цунна кIентан мохь. Жимма гено хиларна тIаьхьа кхиира иза схьа.

— Хьо муха кхаьчна кхуза? — хаьттира Салауддис. Дерриге а хиллачух цIеххьана кхетта Идрис меллаша когаш тIе охьалахвелира, тIаккха атабеллачу жагIана тIе охьахиира, цуьнан чIишталш тIехула охьахьаьвдира бIаьрхин тачанаш. Дерриге а дегI дегош вилхира иза. Цуьнан дог эца гIерташ юххе охьалахвелира ши кIант.

Иван, некъан йисте а ваьлла, Iин чу хьаьжира. Оцу сохьта вухахилира иза, хьаьмцах ка а тухуш. Велакъежаш вуха а хьаьжна элира цо:

— Тамашийна кхоьллина ду адам. Пхи минот хьалха Iин кIоргалла а, сайна бохам бала мега бохург а дагахь а дацара суна, и бер цу чу кхозучуьра схьадаккхар бен. Ткъа хIинца чухьаьжча бIагор беа.

— И бер бен хIума ца гуш ахьа айхьа хьо вицвинера.

Жим-жима меттавера Идрис. Iимрана цунна шен дечиган тапча а елира. Кхуьй а кIант хIинца сакъераделла вара. Идриса дийцира ша Iин юххерачу кол кIелара охьаэгна бIараш лехьош ког а шершина охьакхетарх а, кондар караеана орца дохуш мохь хьекхарх а лаьцна.

— Хьо тIе ца кIинехьара вон хир дара кIентан хьал,— элира Салауддис Иване. — Делла дIадаллац хьуна корта бетта декхарийлахь ду кхуьнан да-нана. ХIаллакьхиллачуьра вухавели ахьа царна кIант. — Юха тIетуьйхира цо бовхачу безамца даггара: — Дика стаг ву хьо, Иван!

— Массеран а декхар ду вайн кхечунна бохам баьлча орцахдовла,— элира Ивана.

Юьртахула даьржира Ивана молла Исламан кIант кIелхьарваккхар. Массара а, массанхьа а дуьйцуш дерг и бен дацара. Дикачу цIарца хьехавора Иван. Молла Исламана а, цуьнан зудчунна а дийцира веанчу Салауддис, дерриге а ма хиллара. Цуьнан дийцар чекхдоллушехьа, кхераелла а, дерриге а дика дIадерзарна йоккхаеш а йолчу нанас маравоьллира Идрис, и шех валарна кхоьруш санна. Ткъа молла Ислама кIанте а хьоьжуш корта лестабора, ша цунна реза вацар хоуьйтуш. Салаудди дукха ца Iаш дIавахара. И араваьлча молла Ислама, тIе а вахана, Идрисан лерг озийра.

— Хьо хIунда даханера хьуьнха, шайтIа? — аьлла.

Идрис вилхира, ненан шуьйрачу куча юккъехь юьхь дIа а лачкъош.

— Хьо цIормаIа бахьанехь хIинца цу делана а, паччахьана а дуьхьал бевллачу керстанашна баркалла баха ваха деза-кх сан .НаьIалат хуьлда хьуна а, царна а!

КIантехьа гIо даькккхира нанас.

— Вахача хIун ду? Ахьа царна наьIалт кхайкхадахь а, уьш ца хиллехьара кертахь тезет хир дара хьан. Далла хастам бу уьш цига нисбелла. Дала хан яхйойла церан!

— Сацае хьайн бага! — оьгIазе тIечевхира молла Ислам.

Нана, Идрисан пхьарс а лаьцна, луларчу цIа чу яхара.

Вехха Iийра молла Ислам ойланашка ваьлла. Ца вахча хIун дара те? Нахала дер ду. Иштта хьал тIехIоьттича милла а гIур вара. ХIан-хIа, ваха веза. «Ца вахча сий довр ду. Мелла а шуьйра нахана юккъехь даржа а деш вахавеза». Сиха хьала а гIаьттина, шен сийна оба а юьйхина, Iаса кара а лаьцна, аравелира иза.

МаьркIажа хан хиллера. Урамновкъахь деса дара. Гонаха долчу лохачу цIеноЙн корашкахула маьI-маьI-Iехь гора гIийла серло. Ша арадаькхинарг дийца стаг воцуш, дIа-схьа бIаьрг бетташ, дагахь цатам болуш вогIура молла Ислам меллаша. ЧIогIа лаара цунна ерриге а юьртана а дIахаийта ша оьрсашна дуьхьал ца хилар, уьш керстанаш белахь а.

Дукха хан йоццуш Узум-Хьаьжера кехат кхаьчнера молла Исламе. Кехат тIехь имама яздора керстанаш вовшахлеташ хIаллакьхуьлуш лаьтта, ерриге а ДегIастаний, Нохчийчоьй цхьаьна а кхетта шемалан хан юха дIахIотто дукха зама ца йисна, ма хуьллу керстанашна дуьхьал юьртахойн дог-ойла гIиттае, бохуш. Ткъа и болх ларлуш дIабахьа безара, тешаме доллучу адамашкахула. Масех цIа дIакъастийчхьана, вуьш гIаларчу белхалоша дIахьочу къийсамехьа са лаьтташ хилар хаьара молла Исламана, царна цара шайн хуьлу гIо дийриг хиларх тешна а вара иза. Мел боккхачу безамца, хьошаллийца эцна цара тIе юьрта дIабекъна керстанаш а! Массанхьа а пхьоьгIа вовшахкхеттачохь церан догдикаллий, церан революцин хьокъеххьий бен дуьйцуш хIумма а дац. Цаьргахьа а ваьлла, бусалба адам карзахдаькхина хьийзаш Шерпан Асланбек а, Iисан Iабдурашед а ву. Доккха хIума ду хIара-м!

Цхьана кех араволучу стагах бIаьрг кхийтира молла Исламан. Ша вовзийта йовхарш туьйхира цо. Стаг сецира. Молла Ислам тIекхоччушехьа маршалла хаьттира цо. Иза Лом-Iелин да Зяуди вара.

Схьа хIума хаттале, молла Ислама элира:

— Со-м Халадаьрга воьдуш вара. Велла дIавалалц суна дицлур доцу гIуллакх ду цуьнан хьешаша динарг. Хезний хьуна?

— Хезна те. Тхан Лом-Iела а хилла цигахь.

— Дера ваькккхина-кх, пхьид санна, цу чу кхозучуьра схьа-м! Доккха хьуьнар дац иза? Кхин верг юххе гIорта а ваьхьар вацара, — бохуш дуьйцура молла Ислама ша цигахь хилча санна. — Далла хастам бу уьш цига нисбелла! Доккха баркалла ду царна. Цаьрга вистхила воьдуш вара со.

Молла Ислам шен новкъа дIавахара. Вехха лаьттира Зяуди цунна тIаьхьаьхьоьжуш. ХIун хийцамаш хуьлуш лаьтта хьов моллица? Тамаша бу-кх кхана ши малх ца кхетахь.

* * *

Соьлж-гIала деникинцийн карахь яра. Белогвардейцийн дарбеллачу инарлаша къиза таIазарш даржийра гIаларчу белхалошна, къаьсттина большевикашна тIехь: тоьпаш етташ, ирах ухкуш. Шайна дуьхьало йина ярташ цIераш тесна ягийна дIаехира. Вукха ярташна тIе такхарна гIуда а, хIор цхьайтта цIенна тIе цхьацца салти валар а дожийра. Ерриге а ярташна тIедиллира оьрсий салтий шайга дIабалар.

Молла Ислама кхайкхарца маьждиган майдана гулбелира юьртахой. Шайга кхайкхаран бахьана ца хууш, вовш-вовшашка хеттарш деш, кхин цхьаммо а хIара-иза аьлла луш жоп а доцуш, лаьттара юьртахой. Массанхьа а кхуьуш долу бераш а дара цигахь хьийзаш.

Молла Ислам гучуволлушехьа, массо а дIатийра. Маршалла хаьттинчул тIаьхьа, цо чIоггIа элира:

— Шуна массарна а ма хаъара, вайн юьртахь санна, кхечу ярташкахь а бу наха тIеэцна оьрсийн салтий. Со шуна ма хаъара, царна дуьхьал а вац, цара — вайн юьртахь болчарех шиммо — суна мел дика дина шуна а хууш ду. Амма вайна тIе Iедало декхар диллина. Iедало уьш дIабалар тIедожийна вайна.

— Муьлхачу Iедало? — мохь туьйхира цхьаммо.

— ХIокху сохьта долуш долчо, — жоп делира молла Ислама.

— Вайн Iедал вай ваьш ду! — мохь туьйхира хьалхалерачу озо.

Месала куйнаш техкинчу кортошна юккъехула дIахьаьжча Халадана гира Зяуди. «Бакъ боху, Зяуди!»— элира цо цунна резахилла, шен дагахь.

— Цхьа Iедал доцуш муха мегар ду? Дика ойла ел аша, — элира молла Ислама юха а.

— Тхан Iедал большевикаш бу. Уьш кестта юхабогIур бу, тIаккха цаьрга дIалур бу вай вешан юьртан хьеший.

Молла Ислам воьхна дIа-схьа хьаьжира.

— Сихдалар дика дац. Сихалло са даькккхина. Массарна а уьш кхобуш болчарна дика хаа деза шаьш дийнна юьртана тIе бохам ийзабойла!

— Цкъа собар дел, молла Ислам, — аьлла хьалхахьа велира къена воккха стаг, деггец йогIуш къежъелла маж а йолуш. Шен еха Iаса хьала а айъина, хIаваэхь и ега а еш, мохь туьйхира цо: — Мила ву вайх, вайн дайх дисина хьаша лараран, тIеэцаран гIиллакх дохор долуш?

Цхьана минотехь гергга тийна лаьттира. ТIаккха схьа мохь хезира:

— Цхьа а вац! — аьлла.

И хазаре хьоьжуш Iийча санна, цIеххьана гIугI делира:

— Цхьа а вац!

— Лур бац вай уьш дIа!

— Дохор дац вай вешан хьошаллин гIиллакхаш!

Жимма юьртахой дIатийча юха а вистхилира молла Ислам:

— Луларчу ярташкара бахархоша дІабелча вай хІунда ца ло? Дийнна къомана дуьхьал вай муха девр ду? Шун корта хьаьвзина, ойла а яй гІуллакх де! Луларчу ярташкара бахархой а бац Іовдала. Цара дийрриг дан деза вай а.

— Нийса боху, молла! — аьлла мохь хезира юьртахошна юккъера схьа. И мила ву те, бохуш, кога буьхьар ийалуш дІахьоьжура Халад. Вуьш а бара цецбевлла, мила ву те и молла Исламаца резаверг, бохуш. Мохь тоьхнарг хьалхахьа велира. — Луларчу ярташкахь бехаш болчу нохчаша бинна сацам бан беза шун юьрто а, — элира цо, реза хилла корта теІочу моллегахьа а хьоьжуш. Иза шайн юьртара воцийла хиина Халад сакх хилира. Вукхо кхин дІа а дуьйцура. — Барт хиларца бен чІагІо хир яц. Мел онда хиларх, чуьрчу бахархойн барт бацахь цхьана а гІопо шашах дуьхьало йийр яц. Селхана тхан юьртахь а хилира иштта гулам, моллас кхайкха а кхайкхина. Тхан юьртахоша а бина сацам. ХІун сацам бина хаа лаьий шуна?

— Лаьа!

— Лаьа!

— Дийца! — бохуш маьхьарий девлира.

— Тхан юьртахь, цхьаммо санна, массара а элира: дІалур бац!

Даггара хазахеташ тІеийцира юьртахоша и тІаьхьара дешнаш. ХІинццалца воьхна лаьтташ волу Іимранний, Лом-Іелий, Идрис а цаьрца цхьаьна гІадвахара. Доза доцуш даккхийдера бераш. Церан кегийчу дегнашна тусаделлера, нагахь санна салтий дІабелча царна бохам бериг хилар. ЧІогІа къахетара берашна салтех.

— Нийса аьлла!

— Вай а лур бац! — маьхьарий деттара юьртахоша.

Чехкачу боларехь цIа вахара молла Ислам, юьртахошца кхин къийса а ца ваьхьна. «Шайн хьашт дерриг дахьара аша-м. Со-м ваьхьар вац халкъаца къийса. Сан сий довр ду цуьнца къийсахь», — бохуш ойланаш еш вогIура иза. И «шайн хьашт дерриг дахьара аша-м», — бохург сийсара пхьуьйра хенахь ша волчу веанчу шина стаге бохуш дара цуьнан шен дагахь. Цу шиннах цаI луларчу юьртара, кест-кеста молла Ислам цхьацца ннах дагавала оьхуш волу молла Хьасан вара, важа дукха хьал долуш волу Жабраил вара. Къуй санна, лечкъина схьа а веана молла Исламана тIедожийра цу шиммо юьртахошка онда дош а олуш, оьрсий-салтий дIабалийта Iедале, аьлла.

Молла Хьасана бохура:

— Деникинцашца барт хила беза вайн. Тхов-кхерч а боцуш болчу большевикаша вайна диканиг дахьар дац, мохк хIаллакбийр бу цара. Шайн шортта хьал а долуш, бахам лело хуучушка бен Iедал лелалур дац.

Молла Хьасанан къамел хадош вистхилира Жабраил:

— Уьш-м хIунда хьехадора. Уьш ца хаъала молла Ислам жима а вац. Доллучул, жимма а яхь йолчу стагана Iеткъаш дерг, большевикаша латта а, заводаш а, фабрикаш а, доцца аьлча, массо а хIума а юкъара хила деза бохург ду. Цара-м схьа цабахарх хIумма а дуьтур дац цхьаннен а долахь.

— Мичара бехи те уьш дала вайна балена? — кIоргга садаькхира молла Хьасана.

— Кхана тхешан юьртахь гуламехь оха хаддош тIедожор ду оьрсий дIабалар. Хьайн юьртахошна тIе ахьа а дожаде,— элира Жабраила, тахана хиллачу шайн юьртахойн гуламехь шаьш иэшар лачкъа а деш.

Церан юьртахоша цхьабосса дуьхьало йира. ТIак-

кха сацийра молла Хьасаний, Жабраилий луларчу юьртахошка хьалха дIа а балийтина, юха «гой шуна, цара ма бели юьрто тIеэцна салтий дIа», бохуш, шайн юьртахой а тIеберзо.

ДIавоьдуш шаьшшиъ веана-варах дерг хьахор дихкира цара шиммо.

Шен кех чоьхьаволуш а вара молла Ислам «шайн хьашт дерриг дахьара аша-м», бохуш, бур-бур деш.

Иванний, Петроний кхаъ бадийна веара Iимранний, Лом-Iелий. Воккхавеш ког лаьттах ца хьакхалора шина кIентан.

* * *

1919-чу шеран 7 мартехь нохчийн ярташна тIедоладелира кIайн эскар Терско-Дагестански крайн инарла Ляховн командица. Гуьмсера дIа малхбузехьа гIалгIайн махка кхаччалц дIайиллинера фронт. Деа дийнахь хаддаза тIемаш лаьттира нохчийн чоьхьарчу ярташкахь. Ницкъаш цхьабосса бацара. Цхьана агIор, Iамийна, тайп-тайпанчу герзаца кечдина эскар дара, вукху агIор шайн-шайн ярташ ларъян гIаьттина, карадеъанчу герзаца кечделла халкъ дара.

Уггар хьалха, революционни центр йолчу, ГIойтIа тIелетира деникинцаш. Амма гIойтIархоша, шайн могIаршкахь Соьлж-гIалара белхалой а, цIеэскархой а болуш, дера лоьмаш санна леташ йохийра тIелетта деникинцийн цхьа тоба.

Шуьйтахь партизански отрядийн центр яра. Чоьхьара ярташ деникинцаша дIалецча дукхаха болу партизанаш Шуьйта лам чу бахара, цигахь керла ницкъаш вовшахтоха, Советан Iедалехьа къийсам дIабахьа.

Дукха эскар, тIеман ницкъ дуьхьал баккхарх ца кагъяелира деникинцашка нохчаша еш йолу дуьхьало.

Юха а меттахьхьайра партизанийн отрядаш. XI-гIа арми ю йогIуш деникинцаш хьаьшна дIабаха, бохуш хабар а дара даьржина. Ярташкахула дIа-схьа бекъна болу салтий Шуьйта партизански отрядашка дIагуллуш бара.

Шайгахь сецца волчу Иванций, Петроций къамелаш деш вара Халад. Кхана Iуьйранна цаьрца новкъа валар а сацийна, и шиъ Шуьйта дIакхето.

Халада динчу хаттарна жоп луш Ивана дуьйцура:

— Со XI-чу арме тIаьхьо язвелира. Хьалха хьуна дуьххьала гинчу хенахь белхалошца вара со. Сан кхин некъ бац большевикашца бен. Большевикийн Iедал белхалойн, ахархойн Iедал ду. Шун ахархойн дахар а дац мерза, амма тхоьгахь хьоладайша гуттар чIогIа Iазап далладора. Дийнахь 12—14 сохьтехь балхахь валла дезара. СадаIанний, самукъадаккханний хан ян а яцара тхан. XIинца хийцалур ду дерриге а. Большевикаш а вай санна белхалой, ахархой бу. Царна дика девза вайн дахаран хьелаш.

— Доьзал дукха буй хьан? Бераш дуй хьан? — хаьттира Халада.

— Ду. Цхьа йоI а, цхьа кIант а ву. TIом дIаболлушехьа ший а деша дохуьйтур ду аса и шиъ. КIант инженеррий, йоI лоррий хуьлийла лаьа суна. Ахьа хьайниг вохуьйтур вуй деша? ИссалгIа шо доладелла цуьнан?

— XIаъ. Хьуьжаре деша вохуьйтур ву аса сайниг.

— Хьуьжаре? XIунда? — хаттар деш, ша резавацар хоуьйтуш корта ластийра Ивана. — Молла ван воллу хьо цунах?

XIинццалца кIорггера ойла ца йинера Халада хьуьжарера дешна ваьлча шен кIанта дан дезачух лаьцна. Ткъа хIинца Ивана динчу хаттаро цIеххьана дагадаий-

тира цунна, хьуьжаре чекхъяккхича хIун дийр ду Iимрана, бохург.

Цуьнан ойланаш хадош Ивана элира:

— Халад, кIанте гIалахь дешийта деза ахьа. ТIаьхьо ярташкахь а хир ю шорта школаш, ткъа хIетале, хан эрна ца ялийта гIалахь дешийта деза ахьа Iимране. Вайна шортта инженераш оьшур бу. Iимранах а хир ву инженер, йоккхачу заводана, фабрикана тIехь куьйгалла а деш, массара а лара а лоруш, сийдеш. ХIара тIемаш дIабовллушшехьа гIала дIавалаве Iимран, сан доьзалца цхьаьна ваха а вехаш, сан берашца цхьаьна доьшур ду кхо, — элира Ивана чуваьлла ладоьгIучу Iимранехьа а хьожуш. — Реза вуй хьо, Iимран?

Iимран цIийвелира. Реза хилар хоуьйтуш, хаттарна жоп луш корта таIийра цо.

Халадана дагахь а дацара кIант гIала деша вохуьйтур ву бохург. Иванан дешнийн ойла еш вара иза.

— Ижинер, бохура ахьа? — хаьттира цо.

Ивана вела а къежаш, Халадан дагара хууш корта таIийра. Юха элира цо:

— Дукха ойланаш а ма йиэ ахьа, Халад. Ахьа сайна дина дика диц лур долуш вац со цкъа а. Iимран аса сайн кIант санна кхобур ву. Доцца олуш цхьа барт бер вай. Хара тIемаш со дийна а вуьсуш дIаберзахь, хууш хилалахь, Iимран гIала дIавига вогIур ву хьуна со.

Халад вист а ца хуьлуш, вела а къежна, кIанте хьаьжира.

— Цунна-м, Халад, хIинцале а элпаш яздан а хаьа, — элира Петрос. — Мичахь ду, Iимран, ахьа элпаш яздина кехат?

Iимрана киснара схьадаьккхира, чIогIа мехала лоруш лелош долу, тIе элпаш яздина долу кехат. Халад

велакъежира. Эрна ца яйъина кIанта-м хан. «Элпаш Iамош хилла ванийца хIара даиманна а кхарех хьерчаш», бохуш ойла а еш ладогIа кечвелира иза.

Жимма бос хийцабелла долу кехат даржа а деш Петрос хаьттира:

— Гайтал, Iимран, муьлхарниг ду о элп?

Iимрана кехатана тIе а хьаьжна, горга хIоз санна долчу элпана тIе пIелг Iоьттира.

— Дика ду, хIинца гайтал с элп.

Iимрана пIелг Iоьттира беттан хьалхарчу денош-кахь хуьлуш болчу юханехьа берзийна бутт санна долчу элпана тIе.

— Дика кIант ву! ХIинца гайтал х элп.

Кехат тIехула хьалий, охьий хьоьжура Iимран. Цкъа кехатана тIе а хьаьжна, юха кIанте хьаьжира Халад. Шега хоьттуш долу элп сихха цо дIа ца гойтуш хала садеттара Халада. Бакъ долуш ду, нагахь шена хууш хилча, кIант юьхьIаьржа ца хIоттийта, хоьттуш долчу эпана тIе сиха пIелг Iуттур болуш вара иза. Оццул чIогIа лаара цунна хоьттуш долу элп кIантана девзийла. Эххар а Iимрана, жIаран суьртехь долчу, элпана тIе пIелг Iоьттира.

— Диканиг! — элира Петрос.

Юьртана арахьахь гулбелира дукха нах. Уьш бара шаьш тIеэцна оьрсий новкъабаха баьхкина юьртахой— хIусамдай а, оьрсашца доттагIалла теснарш а. Бераш а даьхкинера цига. Оьрсашна тIедуьйхина барзакъ юьртахойчух къастам болуш дацара. Таро йол-йолчо царна куйнаш а, гIовталш а еллера.

Баккхийчара вовшийн Iодика йира, вежарий дIасхьа къаьстачул башха ца хеташ, вовшийн мара а лелхаш.

Ерриге а юьртана хьалхара ваха велира Халад,

оьрсий Шуьйта Гикалон отрядах дIакхето. Цхьацца агIор лаьттачу шина кIентан куьйгаш лаьцна лаьтташ вара Иван, кIайн месала куйн а тиллина. Ца лаара шина кIантана шайн воккхаха волчу доттагIах дIакъаста, чIогIа тасаделлера церан доттагалла. Iимранна синтем бора Ивана ша тIом да ма белли вухавогIур ву, бахаро. Ткъа Лом-Iела а вара шен дагахь жимма воккха хилча гIала деша гIур ву ша, бохуш.

Ивана, баккхийчеран санна, Iодика йира шина кIентан а. Iимранан куьг лоцуш цо юха а элира:

— Iимран, виц ма лолахь, со вогIур ву хьуна хьо гIала вига.

— Вицлур вац со, — элира Iимрана, бIаьргех охьахьовда дохку хиш лачкъо а гIерташ.

* * *

ХIордан тулгIено хьалхаяькхина айъина ядийна хьо чIешалг санна лаьхкира ЦIечу Эскаро деникинцаш. Гикаловцашца йолчу отрядера нохчийн тоьлла къоьнахий а бахара ЦIечу Эскарх дIаийна деникинцийн гIера эккхийна. 1920-чу шеран апрель баттахь нохч-гIалгIайчохь Советан Iедал дIахIоьттира. Доладелира керла дахар.

ДIаделира шо. Аьхкенан хьалхара бутт бара.

Жимчу кIезанца ловзуш вара Iимран. Кхуссий генна дIайохуьйтура цо йоца гIаж. КIезано тIаьхьа а додий, бага а юллий ядайой схьайохьура. Iимрана юха а дIакхуссура, кIезано юхаяхьара. Iимран гIаж дIа ца кхуссуш жимма соцунгIа хилча, корта а саттабой, хьекъалечу бIаьргашца цуьнга хьалахьоьжуш лаьттара кIеза.

Урамновкъара схьа берийн маьхьарий хезира. Iимран ведда кетIа вахара. Идрис а, Абу а, кхин ши-кхо

кIант а вара хьуьжаре воьдуш. Церан гIовгIанаш яра Iимранна хезнарш.

— Хьо хIинца а дог диллаза ву, Iимран? — хаьттира Абус. — Тхоьца хьуьжаре ихча-м тоьла хьуна.

Iимрана, шена тIаьхьа араиккхина кIеза керта а эккхийна, жоп делира:

— Дог ца диллина аса.

— Цунна-м хьо тоххура вицвелла хир ву,— элира Идриса, шен дагахь и иштта хиларх тешна воккха а веш.

— ХIан-хIа, цо шен дош дохор дац, — хадош онда жоп делира Iимрана.

— Дуьло!

Бераш дIадахара. Вехха лаьттира Iимран царна тIаьхьахьоьжуш. Хийла ойланаш керчара коьртехь. — ХIаллакьхилла те Иван? ХIан-хIа, иза майра а, тIахъаьлла а стаг ву. Иза даьндарго лоцур вац. Цо шен дош а дохор дац. Схьакхачаза вуьсур вац. Мацца а схьакхочур ву! Сихха кхаьчча дика дара.

Бераш хьуьжаре дIакхечира. ТIехь да воцуш йисанчу тишчу гIишлош чохь яра хьуьжар. Ладарш ца эхийта тхов жимма тобинера юьртахоша шайн бераш-ка дешийтархьама. Кхин дина хIумма а дацара. ТIехь да воцуш хиларе терра, цIенош лоха а, гIайгIане а хетара. Кир тохаза дукха хан йолу пенаш къарздинера хотташий, кир охьаэгначу меттигашкарчу хьоькхнаший; чохь лакха сонешкахь а, тховх а тIе чан лаьцна гезгамашеш кхозура, цIенкъа латта тесна яра. ЦIийнан пенийн дохалла аннаш дохкуш йина яра охьаховшийлаш.

Бераш неIаре кхаьчча чуьра схьа йоккха гIовгIа хезира. Уьш вовшашка а хьаьвсина севцира.

— ХIинца а леташ бу, — элира Абус, элпаш тIехь долу кехат тIелатийна у пхьаьрса кIел а Iуьйдаш.

— Молла схьаваза хир ву, — элира кхечо.

— ТIехIоттийнарг царех кхера ца кхерахьара летар бацара, — билгалдаьккхира Идриса, цIахь иштта олуш шена хазар дага а деана.

НеI а йиллина меллаша чоьхьа гIоьртира бераш. Оцу сохьта гира царна цаI бен кор доццчу боданечу цIа чохь цIенкъа юккъехь хьерчаш дохку даккхий, пхийтта, ялхийтта шераш хир долуш бераш. Цхьаммо тIехьашха тIе а веана, тIекхетта, хIинцца схьакхаьчнарш вукхарна тIедовдийра, мохь а тухуш:

— Оьла! Оьла! — аьлла.

ХIинцалца хевшина Iаш хилларш а хьалалилхира шайн къорIанаш а, жайнаш а охьа а кхийсина. Муьлхачуьнан ког, куьг мичахь ду хууш дацара, вовшашна тIедетталуш цIенкъахь йоккха оьла йира цара. Буха нисделлачу кегийчу берийн маьхьарий оьхура лазийна. Амма баккхийнаш ладугIуш бацара, уьш тIаьхь-тIаьхьа чуьрабуьйлура. Чохь ченан кIур гIаьттинера.

ЦIеххьана мохь хезира неIарера схьа.

— Молла вогIу!

Бераш бIаьрган негIар тухучу сохьтана хьалалилхира, шайн-шайн меттигашка охьахевшира, жайнаш, къорIанаш, элпаш тIехь долу кехаташ тIелетийна аннашший, мужалташший караийцира. Лазийначу жимчу шина кIентан бIаьргех хиш оьхура. Баккхийчара царна хичаш йора, бIаьрхиш дIадаха бохуш. Кехатех дина къоламаш тIе а Iуьттуш чIоггIа шен-шениг деша дуьйладелира бераш: цхьаммо къорIан, вукхо жайна, кхечара юккъера, керла даьхкинчара юьххьера элпаш доьшура. Оцу хьере гIовгIанехь къаьсташ хIума дацара. Буткъа сараг кара а эцна чухула волавелира тIехIоттийнарг. Даккхийчаьрга вистхила ца вахьара иза, амма кегийнаш харц-бакъ а элпаш доьшучура сев-

цича ластабой сараг тохара я коьртах, я белшах букъ а лоцуш.

— Деша! — олий мохь а тухуш.

Лазийна бер, чIечкъашка а доьдий, дуьхьал дистхила а ца даьхьаш, мохь бетташ, элпаш деша долалора.

Чувелира молла Ислам. Дегаза чухула дIа-схьа а хьаьжна элира цо:

— Аша хIокху чохь эккхийтинарг!

Баьрче ваьлла охьахиира иза. Можах куьг хьокхуш дIа-схьа а хьаьжна, кегийчу берех цхьаьнга-шинга тIекхайкхира цо. Цу шиннах цаI Абу вара. Кхеравелла бос а бахана лаьттара иза. ТIехIоттийначо моллина хьалха охьабиллира сараг. Моллас хаьттира:

— Iамийний ахьа элпаш?

— XI-хI-хIаъ, — элира Абус халла.

У-на тIе пIелг а Iоьттина хаьттира моллас:

— ХIара хIун элп ду?

Воьхна вист ца хилалора Абу. Даккхий бераш, вовшашка кIелдIахула бIаьргаш теIош доьлура.

— Iамийнехь схьадийца!

Абуна шена хуург а дицделлера. Иза вист а ца хуьлуш лаьттара.

— Куьг! — омра дира моллас.

Дегош дIакховдийра Абус жима куьг, бIаьргаш хих а бузуш. Моллас кераюккъе сараг туьйхира. Абу вон лазийна лестира, кераюккъехь моха хIоьттира.

— Юха Iамор ду ахьа изза элпаш. Хьада охьахаа.

Абу у схьа а эцна шен метта охьахиира.

Кхин а цхьаьнга-шинга тIекхайкхира моллас. Царна а иштта сараг кхийтира. Цул тIаьхьа, тIехIоттийначуьнга, «Дика дешийталахь», — аьлла молла дIавахара. Бераш шайн лаамехь дисира. ТIехIоттийнарг сараг буйнахь а къуьйлуш кегийчарна хьалхахула волавелира.

* * *

Юьрта йистехула догIучу хи чохь лийча а лийчина схьадогIуш дара бераш. Ши кIант къовсавелира шайшай чехка воду, аьлла. И къовсам массаьрга а белира. Некъана пурх могIара дIахIиттира уьш. Цхьаммо мохь туьйхира:

— ХIа-хIане! — аьлла.

Цхьабосса дIалилхира бераш. Ченан мокха хIур гIаьттира некъа тIехула. Массарел а хьалхаваьлла ведда вогIура Iимран. Боллу ницкъ тIетаIийна, яхь ца яла, массарел а хьалхавала сацам болуш вара иза. Шовзткъа метр гергга бен юкъ ца йисинера йиллинчу метте кхача. Некъан йистошца дIа-схьа оьху адамаш а ца гора берашна. ЦIеххьана мохь хезира:

— Iимран!

Ведда вогIучу Iимранна шен цIе йоккху хезира. Аз девзина, вагийча санна, юьстах а иккхина сецира иза. ДIа-схьа хьаьжначу цунна жима тIоьрмиг а карахь, тIапа куйн а тиллина лаьтташ стаг гира.

— Иван! — аьлла цунна тIехьаьдира иза.

Ивана къевллина маравоьллира шен жима доттагI.

Берийн ловзар дуьйхира. Совца а севцца, юххе тIе а ца догIуш хьоьжуш лаьттара уьш, Iимранах чIогIа хьоьгуш. Мелла а зама яьллехь а схьакхачаза ца виси Иван. Хинца цуьнца гIала гIур ву Iимран, цо ша ма дийццара. Ирс яI! Деша а доьшуш гIалахь Iийр ву-кх иза!

Iимрана куьг а лаьцна шайга дIавигира Иван. Бераш а дахара лаамаза цу шинна тIаьхьа. Тамаша бора цара Иванан бедарх: тIапа куйнах а, шуьйра ког болчу хечех а, когарчу къегачу ботинкех а.

— ГIалахь Iимрана а лелор ю те иштта бедар? — хаьттира цхьана кIанта.

— Дера ю, — жоп делира Идриса.

Iимранний, Иванний керта вахара. Воккхавечу Iимранан аз дийкира кертахь, урамновкъа схьа берашна а хезаш.

— Дада! Дада! Иван веана! Иван, Иван веана!


ЗIар керта юккъехула дIахьоьжучу берашна гира цIа чуьра сиха араваьлла Халад Иванна мараоькхуш. Юха уьш цIа чу бахара, цIога лестош долу жима кIеза неIарна хьалха а дуьсуш.

ШолгIачу дийнахь гIала боьдучу новкъа араелира говрварда. Цу тIехь вара ялкханашна тIе хиъна Иванний, Халаддий, чу тесначу ала тIехь Iаш Iимранний. Варда юьртах араяллалц Лом-Iела а веара шен доттагI новкъаваккха.

Юьртал арахь варданара охьа а воьссина некъа йистехь сецира Лом-Iела. Варда дIайолаелча тIаьхьа мохь туьйхира цо:

— Со а вогIур ву хьуна, Iимран, кеста гIала деша!

Вехха лаьттира иза байн ченан хIур гIиттош шуьйрачу новкъа дIайоьдучу варданна тIаьхьахьоьжуш.



ВУХАВЕРЗА ЙИШ ЯЦ

Сийна автобус юьрта чу юьйлира. Диллинчу доккхачу корехь хиина Iаш волчу кIентан цIен галстук ловзайора мохо. КIант воккха вуьш дIа-схьа хьоьжура. ТIехлелхара цIена кир тоьхна даккхий цIенош. Некъан шина а агIор шера тротуараш дара, могIара дийгIина цхьабосса тIе гIа даьлла синтарш а долуш. Шена девзачу берех милла а цаI ган лууш вара кIант. Баккхий нах а, бераш а дара шайн гIуллакхашка дIа-схьа лелаш. Амма, схьагарехь, кIантана вевзачех цхьа а вацара. Цхьана урамнекъан маьIигехь йолчу йоккхачу туькана чувоьдучу кIентан букъ гина цуьнга мохь тоха дог хилира цуьнан и шена вевзаш волчух тарвелла. Юха оцу сохьта хьаьрса месаш а гина сацавелира. Да-

гадеара цунна шена вевзаш волчуьнан месаш Iаьржа хилар.

Машина юьрта юккъехь йолчу майданахь автостанцина хьалхахь сецира. Чуьра арабевлира пассажираш. КIант а велира ара, шен боьмаша жима чамда а карахь. Кхин цхьанхьа а ца соцуш чехкачу боларехь дIавахара иза шуьйрачу урамехула, шина а агIор долчу даккхийчу диттийн баххьийн дуькъачу IиндагIехула. Наг-наггахь кешна юххехь IиндагIехь лаьтташ чарманаш дара, дIа-схьа воьдучунна мала хи чохь долуш, тIехуларчу аннаш тIехь куршканаш а йолуш.

Цхьана доккхачу ке юххехь саца а сецна, черми чу Iоьттина куршка юьззина шийла хи мелира кIанта. Цо куршка охьа ма йиллинехь кех аравелира цхьа жима кIант. Чамда карахь кIант а гина, леррина цуьнга а хьаьжна, хаьттира цо:

— Iаьрби ву хьо?

— Ву,— аьлла жоп луш сецира кIант.

— Хьо маца веана?

— ХIинцца веана. Собар делахь, хьо Рамзан вуй? Хьажахь, ма воккха а хилла!

Жима кIант ша воккха хиларх дагана там хилла велакъежира.

— Руслан цIахь вац,— элира цо.

Руслан Iаьрбин шича ву. Цаьрга вогIуш вара Iаьрби, аьхкенан каникулаш йолчу ханна.

— ХIумма а дац. ВогIур ву цIа, — аьлла, дIаволавелира Iаьрби, Рамзан шел дукха жима хиларна цуьнца кхин къамеле а ца волуш. Рамзана тIаьхьа мохь туьйхира:

— ВагIахь а хенахь-м вогIур вац! — аьлла.

Iаьрбис саца а сецна, вуха а хьожуш хаьттира:

— ХIунда?

— Изий, Махьмуддий жа тIаьхьа вахана тахана хьалххе.

И дешнаш хезна халахийтира Iаьрбина, ша тахана хьалххе я селхана схьа ца кхаьчча. ХIинца иза а хир вара цаьрца цхьаьна. ЭхI, хьо бохам. Дерригенна а бехке йиша ю. Селхана иза Ленинграде новкъа яккха вокзале ваха ца дезнехьара, хIинца доттагIашца цхьаьна ломахь хир вара.

Иштта дог эшна, къаьхьа ойланаш еш дIакхечира иза девешин хIусаме. Цо ринжа дIадоьллушехьа чухьаьдира доккха месала Iаьржа жIаьла.

— Гуьйриг! — аьлла мохь туьйхира Iаьрбис, саца а соцуш. Цунна оцу сохьта дагатесира, виц велла теша цунна, аьлла.

Амма жIаьлина вицвелла ца хиллера. Шен буьрсалла хьастадаларца хийца а хийцина тIедедира иза, ирах кхоссаделира.

— ДIадала, Гуьйриг! ДIадала! — элира Iаьрбис эсала. ЖIаьла, цIога а лестош, гонаха хьийзара.

Ангалин учи чуьра араелира, шуьйра коч а юьйхина, кIайн йовлакх а тиллина, йоккха стаг. БIаьрса ледира хиларна хьаьж тIе куьг а лаьцна, маьлхана дуьхьал лоцуш санна, лерина кIанте хьаьжира иза. Ткъа важа вела а къежаш тIевахара цунна. Юххе кхаьчча вевзира кIант йоккхачу стагана.

— Ватта, Iаьрби вац хIара! Марша ва хьо, сан хьомениг! — бохуш чехка дуьхьал а еана маравоьллира цо иза.

Цкъа хаьттинарг йиц а лой юх-юха хоттуш берриге а гIалара шайн гергарнаш хиттира йоккхачу стага, кIантана хьалха, цо ша меца вац боххушехьа, тIо а, шура а, хьокхамаш а дохкуш.

Iаьрбис цхьа жима кад тIо а биира, стака шура а

мелира, йоккхачу стеган — дененан хаддаза долчу хеттаршна жоьпаш а луш.

ГІалара гергарнаш могаш а, шайн белхаш беш а буйла хиинчул тІаьхьа юьртара керла хаамаш бан йолаелира лерна тІера йолу денана. Іаьрбис цаьрга ла а ца дуьйгІира, цуьнан ойланаш кхечунах лаьцна яра.

— Баба,—аьлла юккъехула хаьттира цо. — Руслан цІа маца вогІур ву?

— Ватта, со-м хьоьга ала йицъеллера. Руслан лома вахана, лама цІа вогІур ву иза. Аса ма гІо боххушехь, вахара иза тахана хьалххе. Вайн комарийн дитт тІера цхьа доккха га хьуна дитина цо, массо а берашна цунна юххе дахар а дихкина. ДІахьажал, корехула а гуш ду иза-м, комарийн йозалло сатта а дина.

Доьхначу дагца корехула керта хьаьжира Іаьрби. Нисса дуьхьал гуш дара лекха, стомма комарийн дитт. Хийла синкъераме сахьташ дохура цара цу тІехь комарш а юуш. Ткъа тахана цхьа цуьрриг а дог ца догІура цуьнан цу дитта тІе вала. Цуьнан ерриге а ойланаш жа тІаьхьа баханчаьрца яра.

Кертахь жІаьла летира. Баба, шен къоьжа месаш йовлакх кІел дІа а лачкъош уьйтІа елира. Цунна тІаьххье аравелира Іаьрби а. Ке юххехь долу жІаьла дІа а эккхийна урамновкъа делира и шиъ.

КетІахь бере вара. Цхьана метта ца соцучу расхачу говран дуьрста юха а уьйзуш, маршалла хаьттира цо. ТІаккха оцу сохьта ша деанарг дийцира:

— Шун кІант цІахь вуй те, аьлла, хьажа веанера со. ЖаІуй болчу вахийта везара тхуна иза.

— Кхин бохаме хІума-м дац?

— ХІан-хІа. Хаам кхаьчна тхоьга шина-кхаа дийнахь догІанан дарц лаьттар ду, аьлла, къаьсттина чІогІа ламанашкахула а лаьтташ.

— Ойн, ткъа чехкка дІахаийта деза-кх жехь бол-

чаьрга,— карзахъелира баба. — ХІинццалца хІун деш дара шу?

— ХІинцца бен ца кхаьчна тхоьга хаам. Кхин вахийта мукъа стаг а ца карийна, шун кІант дагавеана и вохуьйтур аса цига говрахь, аьлла, веара со.

— Руслан цІахь вац,— элира бабас.

— Со вахийтийша! — дийхира Іаьрбис.

Бере хІинцца бен ца хьаьжира цуьнга. ЦІен галстук а йолуш вевзаш воцу кІант вара хьалха лаьтташ.

— ХІара хьенан ву?

— Сан Мусин кІант ву хІара. ГІалара ву хІара, хІинцца схьакхаьчна.

— ГІалара ву. А... м... гІалара...

— Вахийтийша со, — юха а дийхира Іаьрбис.

— Мичара!— элира бабас куьг а ластош. — Хьо нуьйра тІехь а сацалур вац.

— Ву. Аса стохка а хихкина колхозан говраш, денна хи тІе лийчо юьгуш.

Дукха чІогІа кІанта дехарна и вахийта сацам хилира беречун.

Цо хаьттира:

— Маса шо ду хьан?

— Шийтта шо ду.

— Хьуна чан барз мичахь бу хаьий?

— Хаьа. Стохка хилла со цигахь,— аьлла сиха жоп делира Іаьрбис.

— Вайна делкъал тІаьхье ю хІинца. Новкъахь ца соьцуш водахь маьркІажа хан хилале дІакхочур ву хьо. Со реза ву хьо вахийта. Пионеро шена тІедиллина гІуллакх дика кхочуш до. БІо булу сан хьох. Ахьа дика кхочушдийр ду моьтту суна хІара гІуллакх. Же, хІета, хан йойучохь дац хьал,— олуш сиха говрара охьавоьссира бере.

Баба йоьхна дIа-схьа хьаьжира.

— Билггал вахийта воллу-кх хьо хIара?

— ХIаъ. Же, сиха лела.

Iаьрби нуьйрах тасавелира. Стага гIо дира цунна тIевала.

Луьйтанаш дацдира.

— ДIатоха дезарг хаьий хьуна?

— Хаьа те.

— ГIо хIета.

Iаьрбис кIажош меттахъхьадира. Меттара дIаиккхира маса говр. Хьалхахьа охьатаьIина, нуьйрах дIалатийча санна Iара Iаьрби. И цу тIера охьавожарна кхоьруш тIаьхьа хьоьжуш яра баба. Дика тIечIагIаза ринжа хийра долчухула араиккхира Iаьржа жIаьла.

— Ойн, доло цIа! — аьлла мохь туьйхира бабас.

Мичара! Дагахь а дацара жIаьлина цIа даха. Новкъа, говрахь дIаваханчу Iаьрбина тIаьхьахецаделира иза, беха цIен мотт ара а баьккхина.

Юьртана дикка генаваьлча, дуьрста юха а оьзна, меллаша боларехь яхийтира Iаьрбис говр, цуьнга жимма садаIийта. Оцу сохьта хьалхаделира жIаьла. Цецвелира Iаьрби. ХIара мичара кхаьчна кхуза? Хьаха деана, тешна а, тIаьххье дедда. Говр саца а йина мохь туьйхира цо:

— Гуьйриг! Доло цIа! Доло цIа!

ЦIога а хабийна, кхин а хьалха делира жIаьла, сих-сиха духа а хьожуш шен хьекъалечу бIаьргашца.

ХIун дан деза ца хаьара Iаьрбина. Ойла а йина сацам бира цо, ша вар хазахеташ шена тIаьхьадаьлла жIаьла эккхор бакъахьа а ма дац, аьлла. ТIаккха, говр дIа а йолайолуьйтуш, цо хьостуш кхайкхира:

— Гуьйриг! Схьадола! Гуьйриг!

Саца а сецна ца тешаш духахьаьжира жIаьла. Iаьр-

бис шолгIа а шега кхайкхича, цIога а лестош дуьхьал дедира иза. Говр хур деш къаьхкира.

Iин чу буьйлира некъ. Аьтто агIорхула мокхазчу берда юххехула хьийзаш дIа бара некъ. Аьрру агIор лаха чохь, боданехь, кIоргга бухахь цхьанаэшшара гIовгIа еш тулгIеш керчайора ламанан хиэ. Iин чухула дIа-схьа даьржара ленаш тоьхначу говран бергийн татанаш. Кура ойланаш яра Iаьрбин коьрте хьийзаш. Ма цец а бевр бу-кх жехь берш, дагахь а доцуш иза цига дIакхаьчча. ГIаш цига вахана Русланний, Махьмуддий ма хьаьгар а ву-кх говрахь хIара дIакхаьчча! Жолам яI! Ма ваханехьарий бабас ма гIо боххушехьа.

Iин чухула дIабоьдучух схьакхетачу, шина а агIор луьста хьун йолчу новкъа тIе кхечира Iаьрби. Хьалхадаьлла догIу жIаьла цу новкъа дIадирзина лам тIе хьаладала доладелира. ПаргIата, меллаша ца доьдуш, кхиссалуш доьдура иза. Схьагарехь цунна иштта хьаладала аттахо дара. Лома буьххье тIе а даьлла духахьоьжуш сецира иза. Говр меллаша боларехь хьалаелира. ХIинца некъ шерра дIабара.

Малх дIабузуш лаьттара. Лекхачу дитташна тIехьа а баьлла гуш бацара иза. Буьйсанна дIаховша кечлуш тобанашца уьдура олхазарш. Некъа йистехь цхьа ирзо долчу кхечира Iаьрби. ДIахьаьжначу цунна, Iаьржачу буса стиглахь дIа-схьа даьржина къега седарчий санна бацалахь цIарула цIен цIазамаш гира. Муха вер вара иштачу меттигана тIех! ГIалахь хан яькхича бен хуур дац иштачу меттиган хама. Хьалхадаьлла доьдучу жIаьле мохь а тоьхна, говрара охьаиккхира Iаьрби. Цхьана жимчу диттах говр дIа а тесна, когаш тIе охьалахвелира иза цIазамаш лехьош. Шена хьалха дIахIоьттина жIаьла а човхийра цо, цIазамаш ца хьешийта. КIанта дечуьнга хьежна, хьежна, юьстах а даьлла жIаьла а дуьйлира цIазамаш даа.

Муха йолу ца хууш дIаелира хан. ЦIеххьана дагавелира Iаьрби, ша арадаькхина гIуллакх дагадеана. Чехка говрана тIевахара иза. Хала, атта тIе а хиина дIаьхаьхкира цо говр. Малх чубуьзанчул тIаьхьа, сиха тIетеIа бодаш. Iаьрбис кисана куьг Iоьттира — шен меттехь яра фонарик. Цкъа чаболахь, юха боларехь говр йоуьйтуш и вогIуш Iаржъелира. Тохура санна генна хьалха ца уьдура хIинца жIаьла а, говрахь волчунна юххе гIертара. Говр а ца къехкара жIаьлех. Геннара хьуьна юккъера схьахезира буьйсанан таллархочо-бухIано шок етта. Сакх хилла, лергаш дусийна йогIура говр. ЦIеххьана ирча угIар хезира буьйсанан тийналлехь. Говр оцу сохьта йоьгIча санна сецира. Хур деш меттах ца йолура иза. ЖIаьла а юххехьа схьатеIара. «Борз!» — аьлла дагатесира Iаьрбина. Шегара яьллачу ледарлонна ша шена оьгIазвахара иза. Цкъа а цIазамаш ца гинчуха яйъина хан! Амма вухавоьрзийла дац, вухаверза йиш яц. ТIедиллина гIуллакх кхочушдан деза. Пионеран декхар ду иза дика кхочушдан. Кхузара вухавирзича жехь болчарна бохам бала а герга ду. ХIан-хIа, вухаверза йиш яц. Хьалхахьа дIаваха веза, цигахь итт эзар борз елахь а, царна тIех а тилла, жехь болчаьрга дIатоха деза тIедиллинарг.

— Но! — аьлла чIоггIа мохь тухуш, кIажош меттахъхьадира Iаьрбис.

Хур деш дIайолаелира говр. ДIа-схьа хьоьжуш догIура жIаьла. Iаьрбис киснара схьаяьккхира фонарик. Цу чохь цо селхана эцна керла батарея яра. Жима кнопка таIийра Iаьрбис. Серлонан еха аса юьйжира хьалха новкъа. Говро болар сихдира. Фонарик латош, юха дIа йойуш, жимма хан яьлча латош, юха дIайойуш вогIура Iаьрби. Цкъа цо иштта фонарик латийча хьалха новкъахь цхьа экха гира цунна. Цуьнан кIегеш санна къегачу бIаьргех хиира Iаьрбина иза борз хи-

лар. Говр оцу сохьта сецира, юьстах кхоссаелира, ткъа жIаьла чIоггIа летира. Доггуха дуьрста юха а узуш говр сацийра Iаьрбис. Яйна фонарик лата а йина некъ серла баькхира цо. Новкъахь хIумма а дацара. Юьртара араваьлчхьана тоьхна йоцу шед тоьхна хьалхахьа дIайолаялийтира цо говр. Ши лерг дусийна ма яххалу дIаэккха гIертара говр. Чаболахь йоуьйтуш вогIура Iаьрби. ЖIаьла а дара юххе таьIIина догIуш.

Дикка тIехьара схьахезира берзан угIар шолгIа. Шен кхерар лачкъо говран са теда чоггIа мохь туьйхира Iаьрбис:

— Но! Хьалхахьа. — Юха жIаьлега вистхилира. — ТIаьхьа ма дисалахь, Гуьйриг!

Эха сохьтехь гергга некъ бира Iаьрбис кхин а. Гуьйриг тIаьхьа а хьоьжуш гIигI бохуш догIура. Кхийтира Iаьрби борз тIаьхьара яьлла ца хиларх. Хьалхачул а сих-сиха летайора цо фонарик. Цкъа, шозза вухавирзина тIехьара некъ а баькхира цо серла.

Генна хьалхахь, жIаьла летира. Цунна тIаьххье кхин а летира, юха кхин а. Дикка сапаргIат делира Iаьрбин. Ша дIа мохь тоьхча хаза там бу-кх и жIаьлеш долчохь болчарна, аьлла, доггуха мохь туьйхира цо:

— ХIе-хIе-хIей!

Хьалхачул а чIогIа схьахезира жIаьлеш лета. Цигахь хезначух тера дара Iаьрбис тоьхна мохь. Кхин цкъа а туьйхира цо:

— ХIе-хIе-хIей!

Меттигаш башха шера ца йовзарна ша мича кхаьчча ца хаара цунна. Амма жIаьлеш долчохь адамаш хирг хиларна хьанна а цхьанна чехка тIекхача лаьара цунна. Дикка дог ира-кара хIоьттира цуьнан.

— Хьлхахьа таIалахь, Гуьйриг!

Схьахезира чехка йогIучу говрийн бергийн тата а,



цу юккъехула жIаьлийн летар а. Йоккха хан ялале береш вовшахкхийтира. Дуьхьал богIучех хьалхарчо, салам а луш, хаьттира.

— Ассалом-Iалайкум! Мила ву хьо?

— Со ву,— аьлла, беран аз дийкира дукха хазахетарна шега делла салам схьаэца а дицделла. — Со ву хIара, Iаьрби ву со!

ЖIаьлеш Гуьйригна гIигI баха дуьйладелира. Юха, царна вовшийн девзинчух тера дара, церан гIовгIа дIатийра.

— Мила Iаьрби? Ахьа хIун леладо буса хIокху лаьмнашкахула?

Кхин жоп дала Iаьрби кхиале, тIехьахьа говр сацийна бере хьалхахьа велира.

— Iьарби? Хьо мичара ваьлла, — аьлла, жимчу кIентан аз дийкира.

— Руслан! — мохь туьйхира Iаьрбис.

Кхача веззачарна тIекхаьчнера Iаьрби.

Меттамотт болчу дIабахара уьш. Новкъахь Iаьрбис дIахаийтира ша деанарг.

ШолгIачу дийнахь са даьржаш жа лаьхкина новкъа бевлира жаIуй. Дикка лахахь йолчу гIотешка охьадаккха дезара жа. ЖаIушна гIо деш, массанхьа а кхиа гIерташ дара бераш. Воккхаха волу жаIу Халад, Русланан да, Iаьрбин деваша, кест-кеста хьалахьожура Iаьржачу мархаша дIалаьцначу стигала.



ХОЛМАЧ

Къегина хьаьжна малх болуш декхна де дара. Байн хьоькхучу мохо гIийла лестадора луьста дийгIанчу дитташна тIера сийна гIаш. Тхан «москвич», шуьйра кораш долчу, даккхийчу цIеношна хьалха сецира. Сой, Мохьмаддий больница чу вахара: тхан доттагI Салман тахана цIа ваха пурба даьлла, вуьззина товелла, аьлла, лоьраша сацам бина, цIа вига везаш вара. Иза хьалххе кечвелла тхоьга хьоьжуш Iаш хиллера. Хала цамгар текхна азвеллера иза, амма хIинца юьхь тIехь могашаллин бос лепара.

Тхойшиъ чуваьлча хьалагIаьттира коьрта лор Шамхалов Ваха. Маршалла хаьттинчул тIаьхьа иза Салманехьа вирзира.

— ХIокху масех дийнахь цхьа а хала болх ма бе-

лахь. ДегІана ницкъ бан мегар дац,— бохуш хьехамаш бора цо Салманна.

— Дика ду,— жоп делира Салмана.

Шамхаловс кхин а тІетуьйхира:

— Хьайга мел яало а хІума яалахь. Хержа а ца оьшу.

Салман велакъежира.

— Юучунна вас йина соьгара бехк боккхийла хир дац. Мел йиичи а, берзан санна, са меца лаьтта сан.

— Хала цамгар текхна якхвелла хьо, цундела ду иза.

Коьртачу лоьран а, чубаьхкинчу кхечу белхахойн а Іодика а йина арадевлира тхо. Дикка хан меттахь Іуьллуш яьккхинчу стеган санна Салманан кІайн юьхь екхаеллера, массанхьа а дІа-схьа хьоьжура иза Іаламан хазаллех воккхавеш.

«Москвичана» тІехь дІадахара тхо шерачу, силам дилланчу новкъа. Салмана юх-юха дуьйцура тхуна, больницехь цомгашчарна дарбанаш лелорах лаьцна, цигахь болчу гІирсех лаьцна. Къаьсттина довхачу дешнашца хьахавора цо коьрта лор Шамхалов Ваха.

— Кхин буй цигахь вайнахах белхахой? — хаьттира Мохьмада.

— Бу те. Амма йоккха хан ялале кхин а дукха хир бу. Цхьа кІира хьалха практиканташ баьхканера больнице. Дукха мехкарий а бара царна юккъехь.

— Баккхий хийцамаш хилла вайн къоман нахана юккъехь Советан Іедал тІедеачхьана. Шовзткъе цхьана шаре диллича башха дукха хан а яц, амма оцу шераша делларш даккхий Іаламаташ ду,— элира Мохьмада.

— Дагардина цаваллал дукха ду,— тІетайра Салман.

— Кхин дерг ца хьахош, лоьраллин гІуллакх дуь-

стича а, дуьстича боху аса, и дуста хIумма а-м дера ца хилла вайн къомана юккъехь Советан Iедал тIедаллац. Кхин йолчу ярташкахь а хилла хила мега, тхан юьртахь санна, цхьацца дарбанаш леладо, бохуш, бодане адамаш ледеш нах. Тхан эвлахь яра цхьа зуда Ширпату, бохуш, цIе йолуш. Хийла нехан хIуманаш йии цо, ша лелориг хьарама ца хеташ. Теша а тешара цунах-м. Цуьнан дерриге а дарбанаш холмач якхкар дара. ХIуъа цамгийла кхетта стаг хиларх холмач якхкара цо. Цкъа гуча а яьккхира иза, дукха нахана цо лелориг хIумма а доцург дуйла хоуьйтуш.

— Муха яьккхира? — хаьттира аса.

Мохьмада дийцира.

— ГIеметта хIоьттина стаг вара ЯрагIи. Цомгаш хилира иза. Урамнекъехьа долчу кора хьалха хIоттийначу маьнги тIехь назбарна тIе дIа а тевжина цхьаназшшара дIакхоьхьура цо денош, кхин хуьлуш гIоли а йоцуш. Гергарнаш а, дехьа-сехьарнаш а оьхура и волчу, цуьнга хьовса.

Цхьа а воцуш меттиг нисъелча кор дIа а доьллийтий, букъ тIехьа дехкинчу назбаршна тIе а тевжий Iара иза новкъа дIахьоьжуш. Кора хьалхарчу акхтарга тIехь доккха хьовр-зIовр доккхий хьийзачу хьозех самукъадолура цуьнан. Хьалххе Iуьйранна са хуьлуш дIадоладой, суьйранна бода булуш бен ца сацадора хьозаша шайн декар. Оцу дитта тIехь церан базар йолуш санна хеталора. Дукха денош дIаэхарх кхин олхазар, хаза хета а, цу дитта тIе охьахууш ца хаалора.

Иштта ЯрагIи цомгаш Iуьллуш волуш, цкъа цхьана дийнахь дешича, воккха стаг Солса веара и волчу. ЧIогIа гIелвелла вара ЯрагIи, амма цхьана а стаге ца балхабора цо шегахь цамгийло баллош болу бала.

Цхьацца хиттанчул тIаьхьа къеначу Солсас элира:

— Ва ЯрагIи, кхин цхьа а молханаш ца леладо ахьа?

— ХIун молханаш лелор ду аса? Ширпатун Хьаьлима лелош долу молханаш ца леладар санехь долуш санна ма хета суна-м.

Хиина Iачуьра хьалаайавелира къена Солса, цаI-м дагадеана воккхавеш.

— Ма дика дагаяийтира ахьа суна Ширпату. Со ойланаш еш волу дукха хан ю: цхьаммо холмач-х ца йоьлланий те хьуна?

— Уьш-м хабарш дара. Со царех тешаш вац.

— Ойн, хьо хIунда ца теша? Вайн дайшкара дуйна схьадогIуш ма ду иза-м. Ахьа дуьйцург хIун ду? Ца теша тов!

— Ширпатугара дарба даьлла стаг вийцахь суна.

— И-м халадоцург ду, — бохуш, карзахъваьлла хьийзара къена Солса. Цунна халахеттарг холмач яккхарх, цу холмачан ницкъах ЯрагIи ца тешар дара. Цхьана а тайпана Iаламан къайленаш гучуяха ца хIуттуш, церан дуьхе кхиа ца гIерташ, мел хуьлуш дерг а иштта хила догIуш санна тIеоьцуш, боданехь даьлланчу къоман стаг вара къена Солса а. — Вайн Iалауддин Канта дагавогIий хьуна? Ма яьккхира Ширпатус и цомгаш волуш церан цIийнан маьIиг йолчуьра лаьттах схьа холмач. Ткъа Сулиманан Баудина йоьллинарг а ма карийра цунна кертахь! Вицвелла хьо?

ЯрагIи гIийла велакъежира.

— ХIан-хIа, ца вицвелла. Амма царна цхьа а дарба-м ца делира. Ший а оццу шайн цамгарша кIелвитира.

Къена Солса кхин ала хIума а ца карийна воьхна дIа-схьа хьаьжира, шурула кIайчу можах куьг а хьоькхуш. ТIаккха, суна хIетахь хетадаларехь, цунна тамана ЯрагIис элира:

— Делахь, лахийтийша цуьнга и холмач.

Там хиллачу къеначу Солсас, йиш тоеш йовхарш а йина, соьгахьа а вирзина, элира:

— Же, кIант, вало Ширпатуга кхайкха гIо.

Вахара со Ширпатуга кхайкха. Ойланаш йора аса новкъахь. Ва нах, аьлла хетара суна, массо а тешаш хилча бакъ хила а ма мега Ширпатуна холмач яккха хаар. ЯрагIи хIунда ца теша? Хьаха тешар ву цо холмач схьа ма яьккхинехь-м!

Иштта ойланаш еш дIакхечира со. Керта вахале, жIаьла ду-дац хьоьжуш зIар керта юххехь со волуш, цхьа кIоршаме аьзнаш хезира суна.

— Хьайна цхьа са йолучуха кIорда а ца до хьуна-м и кибарчигаш ата.

— Сацае хьайн и кхимар.

— Со яцахьара хIун дийр дара те ахьа?

— Хьо яцахьара аьлча а, сонта адамаш дацахьара, бохий ахьа? Хьан холмачел кIезиг сан кибарчигийн демах а ца ло. Цомгашниш-м шорта бу.

Жима вара со хIетахь. Церан айса ларамаза ладоьгIначу къамелах со кхета а ца кхийтира. ТIаьхьа-м хиира суна дерриге а.

Мохь а тоьхна кхайкхира аса Ширпатуга. Гучуелира шуьйра коч а юьйхина, коьртарчу мокхачу йовлакхан йистошкахула гуш къежъелла месаш а йолуш, туьйранашкахь юьйцуш йолчу жоьрабабех тера, лохачу дегIахь йолу йоккха стаг.

— Хьо вуй кхойкхург? — хаьттира цо соьга.

— Ву. ЯрагIина цхьаммо холмач йоьллина, ца йоьллина хьажа хьоьга кхайкха ваийтина со.

Жимма ойла а йина жоп делира Ширпатус:

— Дика ду. Со тахана ян кхуьур яц. Кхана делкъехь йогIур ю. Ишта дIаала.

Аса вуха а веана сайга цо аьлларг дIадийцира. ШолгIачу дийнахь Ширпатус холмач а яьккхина ЯрагIи цамгарх хьалхавериг хиларх тешна волу къена Солса цIа ца воьдуш буьйса яккха сецира.

Сайн нийсархошца сарахь хи йисте а вахана, цул тIаьхьа сайн цхьа доттагI волчохь сакъоьруш а Iийна, шозлагIа нIаьнеш кхойкхуш цIа а веана, дIавижира со. Кхин ха ца хорцуш наб йира аса, шолгIачу дийнахь малх гIушлакхе баллалц.

Делкъа хан хила герга яхча корехула арахьежа вуьйлира къена Солса. Ткъа ЯрагIи цуьнга цхьа тамашийна хьоьжура: цуьнан чукхетта Iаьржа бIаьргаш доьлура.

— Ойн! — олура Солсас кест-кеста. — И ма хьеелла?

— Дукха хье а ца елла,— олий жоп лора ЯрагIис.

— Ца йогIуш-м Iийриг хир ма яц иза.

— Схьаккочур ю хIинцца. Амма цхьадерг шена хиъча ккуза ца ян дукха мах лур бара цо.

— И бохург хIун ду? — цецвелира Солса.

— Хуур ду хьуна иза-м.

Схьакхечира Ширпату. Маршалла хаьттина, цомгашчунна тIевеача гIиллакхана олуш долу масех дош аьллачул тIаьхьа, Ширпатус элира:

— Аша селхана кIант ваийтича со мукъа яцара, цундела таханенна хан йиллинера аса. ТIаккха, хьовсий вай холмач йоьллина, ца йоьллина?


— Хьовса те, хьовса те,— сихвелира Солса, ЯрагIис дуьхьало ярна кхеравелла.

Лулахой а, дехьа-сехьара керташкара юьртахой а баьхкира Ширпату холмач яккха еана, аьлла, хезна.

— Делахь хIета, кертахь хьовсур вай, — араелира Ширпату.

ЦІа чохь мел верг а цунна тІаьххье уьйтІа велира. ЯрагІи а ца Іевелира чохь. Іасана тІе а тийжаш иза а аравелира.

Массо а Ширпатуна те бІаьргаш а боьгІна лаьттара хІинцца цо дендолчо дог-ойланаш дІалаьцна. Йолаелира Ширпату кертахула. И гиначунна ша «тап» ешап гур дара: цкъа дІа юлий цхьана агІор йолуш, тІаккха вукху агІор йолуш, цхьа а церг йоцу чукхетта бага жимма дІайоьллуш, юха дІахьабъеш, тІаккха



цхьа шабар-шибар деш балдаш меттахъхьедора цо. Эххар а цхьана меттехь саца а сецна лаьттах ког туьйхира.

— ХІокху меттехь ахкал! — аьлла.

Ши жимха белашца латта ахка волавелира. Юьстах туьйсура цара Іаьржа латта, амма схьагучудолуш хІума дацара.

— Тоьар ду,— элира Ширпатус. — Кхин шинхьа а хьожур ю со. Кхаанхьа хьаьжча ца караяхь карор а яц.

Жимма дІа-схьа йолаелла, хьалха аьхканчунна тІера дІа меттиг юстуш сурт а хІоттийна, юха а лаьттах ког туьйхира цо.

— ХІоккхузара ахкал! — аьлла.

Тасавелира ши жимха юха а. Къена Солса а вара белаца дIа мел тосу латта толлуш леррина хьоьжуш, холмач ца гуш йисарна кхоьруш. Ткъа ЯрагIи вела а къежаш лаьттара.

Цигахь а хIумма а ца карийра.

Жимма дIа-схьа а йолаелла кхозлагIа меттиг гайтира Ширпатус. Вукхузхьачул дуккха а кIеда дара кхузара латта, дукха хан йоццуш аьхкина долуш санна. Мел ахкарх цигахь а хIумма а ца карийра. Цхьа йоьхна хьаьвзира Ширпату, кхозлагIа аьхканчу меттера латта юх-юха кегош, леррина хьоьжура иза. ДIатосура, схьатосура цо латта куьйгашца, жимо а гIорзолиг карийча шен декъачу пIелгашца хьуьйра.

ЦIеххьана вистхилира ЯрагIи:

— Ширпату, хьуначул дика холмач яккха суна хаьа. Ахьа йоьллина холмач аса хIинцца гойтур ю хьуна. Схьавоьл ши кIант хIокху меттера ахкал, аьлла, шена хьалхахьо Iаса Iоьттира цо.

Цхьа, ши бел латта дIатоссушехьа дIакерчира бехчалгех хьерчийна йина цхьа горгам. Сиха схьа ийцира иза къеначу Солсас. Цу юккъехь йоцуш хIума яцара: маха а, хьостам а, тай а, дIаьIахк а, бес-бесара бехчалгаш а. Солсас и йостуш массо а цунна тIе а вирзина Ширпату йицъеллера. Юха цIеххьана ЯрагIис гIийла мохь туьйхира:

— Йоьду шуна! Ма яхийталаш Ширпату!

Цхьа юм йира цо аша боху а ца боху а! Массара а тIаьхьа маьхьарий детташ, шакарш етташ, кегийчара гIорзолгаш кхуьйсуш гучура елира иза.

Ткъа къена Солса-м хIетте а ца кхетарийца. ТIакхха ЯрагIис дийцира:

— Наб яйна волуш суо даима ма Iарра садаьржачу хенахь корехула урамновкъа дIахьоьжуш Iара со. ЦIеххьана цхьа адам сиха тIехдолуш санна хийтира

суна. Мила ву те и сел хьалхе араваьлларг, аьлла, кора юххе а хилла дIахьаьжча Ширпату гира суна. Иза хIокху керта йирзира. Сайн ма хуьллу сиха хьала а гIаьттина, кертахьа долчу дIо корехула схьахьаьжира со. Цхьа жима бел Iиттина кIаг а баькххина цу чу цхьа хIума а йиллина, юха кIаг дIа а буькъна дIаяхара иза. Ша кхозлагIа гайтинчу меттехь йоьллира цо и хIума лаьттах. И дIаяхча, ара а ваьлла, схьаяькххира аса хIара холмач .ТIаккха хIокху метте лаьттах йоьллира, Ширпатус хIун до хьажа. ХIинцца шуна ма гарра схьа а яькххи-кх. И ю-кх и холмач, олуш ерг.




ОьгIазвахана вегавора къена Солса. Ткъа юьртахой боьлура.

— ХIай неIалт хуьлда кхунна! Эхь доцу ешап! — бохура Солсас, Ширпату дIаяханчу агIор туйнаш а кхуссуш.

ХIетахь дуйна тешам байра нехан Ширпатух. Иштта лоьраш-м хилла вайн къомана юккъехь Советан Iедал тIедале хьалха.

— Дика ду-кх уьш кхин вайна юккъехь хир боцуш! — элира Салмана даггара.



ЮЬРТА БАЛХА

Сирлачу сени чохь, доккхачу корана юххехь лаьтташ вара цIена бедар юьйхина къона кхо стаг. Царна юххехула чехкачу боларехь шайн-шайн гIуллакхашка дIа-схьа лелара кегий нах а, мехкарий а. Цхьаберш яххьаш екхаелла, массаьрца а тIекаре буьйлура, наггахь хаалора, кхоьлина де санна, самукъане боцуш, уьйр йоцуш, гIайгIане эгнарш а. Амма иштанаш кIезиг бара. Тахана тIаьххьара экзаменаш дIалуш бара студенташ, кестта дипломаш кара а эцна, керлачу ницкъаца, йоза-дешаро шайна деллачу дикачу хаарашца колхозийн, совхозийн, предприятийн белхашна юкъа а бахана, хьунарех буьззина гIуллакх дIадолорга сатесна.

Кора юххехь лаьттачех, хьаьрса месаш а, кIорула

Іаьржа бІаьргаш а долуш волчу ХІарона шовкъе хилла дуьйцура шен доттагІашна:

— Вайн ярташкахь къаьсттина дукха оьшу дешна болу говзанчаш. Даггара болх дІаболорга сатесна со волу дукха хан ю. Дагана еза а езаш говзалла хаьржича хуьлу хир ду стагехь иштта хьал.

— Дагана безаш хьанала болх баре кхочуш хІумма а дац, — билгалдаьккхира лохачу дегІехь волчу Рамзана, шен доттагІчо бохург бакъ деш. — Сан ваша нефтяной техникуме вахара деша, нефтах йогІу хьожа зезагийн аьхна хьожа санна хета шена, нефтаца гІуллакх догІучохь бен шега болх а балур бац, бохуш. Ткъа хІинца нефтепромыслехь гІараваьлла бурильщик ву иза. Шен белхан хан дІаяьлча а хуьлу иза цигахь хьийзаш, цхьацца деш.

— ГІалахь меттиг елахьара вон хир дацара, — элира кхозлагІчо цхьа гІийло.

— ГІалахь чул хІумма а вон хир дац, Руслан, юьртахь а. Хьо вацара Карпинскис язйинчу «Коммунизмах лаьцна къамелаш», бохучу книжки тІера гІаланий, юьртаний, юккъера хаалуш йолу башхаллаш дІаяхарх тхуна дийцинарг? ХІинца шеко-м ца тесна хьан даг чу?

— ХІан-хІа.

— ГІалахь санна киноша, клубаш а, электричество а, радио а, силам диллина некъаш а, автобусаш а, кхин масане ду юьртахь а гІалахь дерриг!

— Аса-м цунна ца бохура. Со-м вухавер волуш вац, со-м реза ву юьрта балха ваха, — бохуш сихвелира Руслан ша хьалха аьлларг дохо.

Дега тІе корта а оллийна тІехволуш воллура цхьа жима стаг. ХІарона пхьарс а лаьцна сацийра иза.

— Ваха, хьуна йитинарш хьан йиина, хьо ма гІийла ву?

Доккха са а даьккхина, жоп делира Вахас:

— Истори тIехь веги со. ДIа ца ялаели соьга.

ДоттагIий леррина хьаьвсира цуьнга.

— Хьенан бехкенна ду иза?

Ваха ца догIучу дагца, гIийла велакъежира.

— Сан сайн бехкенна ду. Хьанна моьттура...

— Дика ду ахьа айхьа цунна мукIарло деш. Кхин цхьана шарахь а хелхавийла йиш ю хьан-м, — элира Рамзана Iоттар еш, европейски хелхарш Вахина дукха дезийла шена дика хаарна. — Мел бехира хьоьга деша, Iамае урокаш?

Ваха, цхьаннен а юьхьа дуьхьал а ца хьожуш, дIавахара.

Ехачу сени чохь, геннахь гучаелира Малика. Сийначу йовлакхана кIелхьара букъ тIехула охьакхозу еха ши чIаба дIа-схьа а лестош, чехкка доттагIашна тIеара иза.

— Декъала бо аса отличникаш! Соьга дийцира аша кхааммо а экзаменаш тIех дика дIаялар. Амма шул тIаьхьа-м со а юьсур яц. Бакъ ду, дешна яла сан кхин а цхьа шо ду, — бохуш лоьра Малика, чIегIардиг санна шера. — Направлениш мичхьа эца сацийна аша?

— Юьрта.

— Бакъ сацийна. Аса а доьхур ду со юьрта яхийтар.

— Малика, — аьлла дийхира ХIарона, вела а къежаш, забар ечуха, — со гIон волчу юьрта ехалахь направлени.

Массо а бийлабелира. Кхин дIахьахийна хIумма а доцуш, Малике безам бахана вара ХIарон. ДоттагIаша хьовзо олура: «Дагахь тIехьийзаш ву хIара Маликина», олий. Маликина а жимма хIуманаш тосаделлера. Амма вовшашна дагара ца хоуьйтура цара шиммо а.

ХIарона ма хаттара забар еш жоп делира Маликас:

— Цунна саготта ма хилалахь, йоьхур ю хьуна аса-м. Амма со цига дIакхаьчча вада ма вадалахь.

Массо а чIоггIа бийлабелира.

Дуьхьал йолчу неIарехула сени чу велира къена хьехархо. Кегийрхой а гина, маршалла хоттуш къежбелла корта таIийра цо. Юха хаьттира:

— ТIаккха ветеринараш, белхаш бийр буй вай ярташкахь? Нийса боху, — аьлла дагана там хилла вела-къежира воккха стаг, кегийрхоша цхьабосса жоп даларна. — Уггар хьалха халкъана юккъехь, юьртахь болх дIаболоро доьшуш карадерзаза дисина хила тарлуш долу дуккха а керланиг довзуьйтур ду шуна. Шух шайх а хила тарло керлахой, шайн болх безаш, шайн хаарш денна алсамдаха а гIерташ аша белхаш бахь. Iилма кхуллурш адамаш ду, еххачу хенахь адамашна зеделларг, цхьацца болчара керла кхоьллинарш вовшах а тухуш, диканиг тIеоьцуш, воних дIатосуш литтарца кхуллуш ду массо а Iилманаш. Цхьана хенахь шух а бевр бу Iилманхой. Дикачу кхиамашца дIаболаболда аша белхаш!

Даггара куьйгаш а лаьцна, кегийрхойн Iодика а йина, дIавахара къена хьехархо.

Кхана направлениш схьаэца вовшахкхета барт а бина дIа-схьа бахара доттагIий.

ДоттагIашка кхин аьлла хIума а доцуш, чIогIа йиш йоьхна вара Руслан. Цуьнан лаамаза цхьаши дош-м делира матта буьххьера «ГIалахь меттиг елахьара...» аьлла, амма кхин хIумма а дийца ца хIоьттира иза. Муха дуьйцур дара, цара вала а, вола а вуьтург ца хилча хьийзош. ЧIогIа инзар бевр бара уьш Руслане цIахь йишассий, нанассий бохург шайна хиича! Йишас дIа а доладой, нана а тIе а йоьрзий тусура цу шиммо Руслан, цо юьрта балха ваха реза хуьлуш направлени схьаэцарна кхоьруш.

Царна хьалхахIоттар мелла а тIаьхьататта дагахь, «Лермонтовн» сквере а вахана, Соьлжа хи йистерчу берда тIехь долчу гIента охьахиира Руслан. Меллаша тулгIеш техкош дIаоьхучу хин бIаьра а хьоьжуш, кIорггерчу ойланашка велира иза. Кест-кеста дагатосура цунна наний, йиший бакълуьйш хила а мега, бохург. «Аса хIун кхечара ца динарг дийр ду юьртахь? Цхьанхьа къорачу юьрта а нисвелла хууш дерг а дицлур ду, культурах а хедар ву, самукъадаккха меттиг ца карош са бIарзлур ду». Цу ойланашна юккъехула схьагIертара кхиерш. «Хьалхалера дIаяхана шира зама-х яций хIара. Юьртахь а ю кино а, радио а, электричество а, клуб а, библиотека а. Самукъадаккхар а стагах шех дозуш ду. Накъостий а карор бу. Ткъа балха тIехь а доза доцуш дукха таронаш хир ю шуьйрра Iилма юкъадало. ХIан-хIа, ваха веза юьрта. Наний йиший дуьхьал яцахьара...»

Суьйранна урам некъашкарчу бIогIамашна тIехь лампанаш леттачу хенахь цIа кхечира Руслан. Йиша луларчу цIа чохь трюмо хьалхахь кечлуш яра. Жимма хийра йолчу неIарехула дIахьаьжча цунах бIаьрг а кхетта дIавирзира ваша. Нанас стоьла тIе яахIума йиллира.

— ДIаелин ахьа игзам? — аьлла хаьттира цо.

— Ели.

— Дика ду-кх хьо дешна ваьлла. ХIинца дикочу балха а вахана хаза вехар ву хьо.

Басаршший, пударшший хьекхна юьхь а къагийна, цIена коч а юьйхина чуеара йиша.

— Марем хьо стенга яха кечъелла? — хаьттира Руслана.

Марема кIоршаме жоп делира:

— Аса мосазза аьлла хьоьга «стенга» ма ала?

— Некъ ца тарна кхоьру хьо? Варлахь, новкъахь Іаьржачу цициго некъ хадор бу хьан, — элира Руслана йиша хьовзош, цу хІуьмалгех иза тешарна.

Марем холчу хІоьттина елха дагахь нене хьаьжира, гІо доьхуш.

— Ва нах, шуьшиъ ма тамашийна ду. ЖІалий, цициггий санна вовшашца тар ца луш.

Вешина Іоттар ян дагадеара Маремана.

— ГІалахь цициго некъ хадо а тарло, амма, юьртахь санна, даьсса ведарш-м кхетар дац дуьхьал, хитІа оьхучу зударшкара.

Юрт хьахийча шек хилира нана.

— Ва Дашо, — элира цо, — реза ма хилалахь юьрта балха ваха. Варлахь. Нахаца а яхь хила еза вайн.

— ХІокхо и дан там а бу, — элира йишас ца яшарца. — Юьртарнаш гІала гІерташ, хІара юьрта гІерта. Кхин хІумма а ца хилча юьртара цхьа хатт тоьур бу цига ца ваха!

Стоьла юххера дІа а хуьлуш хаьттира Руслана:

— Ва, нана, Рамзан а, ХІарон а ву юьрта воьдуш, со ваха хІунда ца мега?

— И хьеха а ма делахь. Сан хьуна дийца цхьа диканиг ду. Аса кхана сарахь дуьйцур ду хьуна.

Нанний, шел йоккхачу йишиний дуьхьал ондда дош дало ца хІуттура Руслан. Берахь дуьйна иштта Іамийна вара иза. Бакъдолчунна тІехь а цаьрца цкъа а ца къовсалора, царна халахетар дарна кхоьруш. Ша цкъа аьлларг дуьззина кхочуш далуш сацам болуш вацара иза.

Нанас кхана дуьйцур ду ша аьлла «диканиг» хІун ду хаа са а ца тесира цо. Иза дара нанассий, Маремий барт бар, лакхарчу гІуллакхехь волу шайн цхьана гергарчуьнгахула Русланна гІалахь балха ваха меттиг

нисъян. Кхана и гергарниг волчу а яхана, цуьнга дехар дан сацийра нанас.

ДоттагIашна хьалха муха хIуттур ву ца хууш гIайгIане вара Руслан. Эххар а сацийра цо, уьш юьрта дIабаххалц царна гуча ца вала, юьрта балха ца воьдуш цкъачунна собар дан цIерачара бохучунна тIе а тайна.

ДIабелира ши бутт.

ХIинццалца цкъа а вогIуш воцу Руслан делкъа хан а хилале веара цIа. Цуьнан гIийла хилар гина нана йоьхна хьаьжира.

— Дашо, хьо цомгаш-м ца хилла, балхара ма хьалхе веана хьо цIа?

— Чекхбели сан болх.

— И бохург хIун ду?

— Балхара мукъа витина со.

— ХIан? Кхетош мукъне дийцахьа.

— Кхин кхето хIумма а дац, со хIинццалца а нехан балхахь вара, ткъа тахана цу балхана хьакъ верг шен диплом а яхьаш веана. Цуьнга дIабелла аса болх.

— ХIун?

— Аса дешнарг цу балхаца догIуш дац. Сан дешар дийнаташна дарбанаш лелор ду.

— И бохург хIун ду? Дешна йоцучу къанъеллачу аса а бийр бара и болх. Ва нах, ма доьналла доцуш а кхоьллина-кх хьо хьо кхоьллинчо! — аьлла, дегIан дохала куьйгаш охьа а дахийтина, йоьгIча санна лаьттара нана кIанте хьоьжуш. Юха цIеххьана дагаелира иза. — Суна хаьа дан дезарг. Аса хьаха ю шун хьаькамана бурч юхкуьйтур.

Руслан кхийтира ненан дагарчух. Цо, вела а къежаш, элира:

— ТIаьхьа ду, нана. Хьан дагарниг вац хIинца шен балхахь.

— Муха вацций?

— Иштта. И бурч цунна йоьхкина цхьа кIира хьалха, цо цхьацца хьарама гIуллакхаш леладар гуча а даьлла.

— Ватта сан дела! — аьлла цецъяьлла гIента охьалахъелира нана.

Керла газета даржош, дивана тIе охьахиира Руслан. Оцу сохьта газета тIера цхьа сурт гина леррина цуьнга хьаьжира иза.

— Нана, нана, — аьлла кхайкхира Руслан. — Хьажахь, ХIаронан сурт ду-кх хIара!

Генна хьалха газет а лаьцна, лаьррина хьаьжира нана.

— Ван а ву, — элира цо.

Дагадеара нанна, ша дуьхьало а ца еш вахийтанехьара шен кIентан сурт а хир дар-кх иштта газета тIе даьккхина, бохург. Масане адамаш хир ду оцу суьрте хьоьжуш! Иштта волу стаг гIара, иштта йоккху стеган цIе.

— Дешахьа. Руслан, хIун бохуш ваьккхина ХIарон газета тIе,— дийхира нанас.

Дог догIуш, хаза хеташ дийшира Руслана.

«Дукха хан йоццуш техникум чекх а яьккхина юьрта балха веана Бибулатов ХIарон. Болх дIаболийна дукха хан ялале берриге а колхозникаша дикачу цIарца хьахаво иза. Шен гIуллакхе даггара безам болуш хиларна дика кхиамаш баьхна цо колхозан дохнна дарбанаш лелорехь».

— ХIай-хIай, хIай-хIай, иштта хила а веза кIант. Хьаха вац хIумма а хьох тера-м.

Руслан чогIа цецвелира.

— И бохург хIун ду? Хьо яц со юьрта балха ца вахийтинарг?

— Яц, аьлча а аса сайн бодане яппарш еттарх

хьайна даггара лууш хилча Iийр вацара хьо ца воьдуш. Со а йогIур яцара моьтту хьуна хьайна тIаьххье юьрта? Со-м юьртахь ян а йина, кхиа а кхиина яй.

Руслан, сиха фуражка схьа а эцна, неIарехьа хьаьдира.

— Ахьа хIун до?

— Министерстве воьду направлени еха.

— ГIо, диканиг, Маремана а карор бу юьртахь болх. Цунна болх бан библиотекаш шортта хир ю юьртахь. Шиъ реза хилча кхозлагIниг тIетаван хала дац.

Руслан гIадвахана араиккхира.

АРТИСТАШ

Соьлж-хи йистехь «Лермонтовн» паркехь гIентахь хиина Iаш вара воккха ши стаг. ЦаI дегIана лекха, векъана вара, къежделла мекхаш доцург кхин цхьа а чо бацара цуьнан юьхь тIехь а, коьрта тIехь а — уьрсаца цIена дIаэцнера дерриге а чоьш.Цуьнан цIе Висарсолта яра. Важа воккха стаг Зяуди нисса бIостаналла йолуш вара Висарсолтица. Лекхачу дегIехь верстина, басар дича санна Iаьржа, дукха еха йоцуш маж а, мекхаш а долуш вара иза. Цуаьнан корта а бара Висарсолтин санна баьшна. И шиъ ши лулахо вара, шинне а догIуш пенси дара. Денна парке а вогIий сакъоьруш хуьлура воккха ши стаг, кхин гIуллакхаш ца хиларе терра.

Тахана а веанера и шиъ цхьаьна парке. И шиъ хиина Iаш дехьарчу аллеехула дIабоьлхуш бара хIинцца тIекхиина кегий нах. ЦIеххьана саца а сецна цхьаммо цаI-м дуьйцуш куьйгаш дIа-схьа а дахийтина хелхаран бухь бугIуш санна кеп хIоттийра. ТIаккха церан лераш хезира воккхачу шина стагана.

— Иштта лоцу цо куьйгаш.

— Аьтту пхьарс жимма саттабой хуьлу.

— Когаш-м ца хуьлу ишта.

Хьалха вистхиллачо къамел хадош элира:

— И санна дика хелха волуш стаг суна-м ца хаьа. Вайн артисташна юккъехь цхьа а вац иштта хаза хелха вала хууш.

Кхин а цхьацца дуьйцуш кегий нах дIабахара. Воккха ши стаг дикка Iийра царна тIаьхьахьоьжуш.

— Ойла йина ца валлал доккха хIума ду хIара, — элира Зяудис, тас санна лепачу коьртах куьг а хьоькхуш. — Вайн хенахь хиллачух тера а бац хIинца кегийра нах.

— Заманца адам а хийцало.

— Бакъду. Вайн хенахь мичара лелара хIинца санна кегийрхой. Мехкарий а, божабераш а цхьаьна балха а лела, деша а оьху, сакъера а оьху.

— Баккхий хийцамаш хилла, — аьлла, тIетайра Висарсолта Зяудина. — Сеца а ца ло хIинца кегийрхой. Доккха дов латтийра аса цIахь сайн берашца. Театре артисташ язлур ду шаьш, бохуш, дара и шиъ. Боккха барт ца баькхича юха ца даккхаделира соьга и шиъ шайн ойланашна тIера. ХIинца ший а суьйренан школе деша оьхуш ду. Кхечарел тIаьхьадиса ца лаьа шайна, бохуш ду ший а.

— Бакъду, яхь йолуш хила деза! — элира Зяудис.

Висарсолтас ма боххура «тIом» латта а лаьттира церан цIахь. Нохч-ГIалгIайн ансамбле артисташ тIеоьцуш хаам хилча Висарсолтин берхIитта шо долу кIант Бауддий, ялхийтта шо долу йоI Зарганний деара дена тIе.

Баудис элира:

— Дада, сой, Зарганний артисташ яздала доллу вайн ансамбле.

Висарсолта оцу сохьта карзахвелира.

— ХIун? И ма дара аша данза! Эхь а ца хетий хьахо а. Артисташ... Шух хила а деза артисташ.

— Ва дада, — аьлла, цуьнан къамел хадийра Бау-

дис. — Тхо хиллах ца Iай цига яздала гIерташ. Юнусеран Маликий, Тамарий, ВахагIеран Салманний, кхин а дуккха а бу цига язлуш.

— Язбалийта шайна луъурш. Амма аша шайн лар ма гайталаш цигахьа йоьдуш. Артисташ, — элира Висарсолтас цавашарца. — Гина суна и артисташ. Бевза суна уьш.

— Маца гина хьуна уьш? Муха бевза хьуна? — аьлла хаьттира Заргана, ден пхьош а ийзош.

— Бевза-кх, гина дела. Жима волуш, БуритIехь гина суна. Цхьана а тайпана эхьан цуьрг йоцуш бу артисташ! — элира Висарсолтас. Оцу сохьта дагадеара цунна ша жима волуш БуритIе вахча шен накъосташца цхьаьна ресторана чохь ах берзина а болуш артисташа — зударий а, божарий а—ресторане сакъера баьхкинчийн самукъадоккхуш, пондаршца хелхарш деш вовшийн марабухкуш, эхь мел дерг лелош...

— Ва дада, — элира Баудис юха а да тIеверзо гIерташ. — ХIетахьлерниг дац хIинца. Артисташ лара а лоруш, халкъо сий а деш белхалой бу хIинца.

— Ма дийца ца хиндерг, ма дийца. Туь, — аьлла, туй кхоьссира Висарсолтас.

Цара и къамел деш, йист а ца хуьлуш, ладоьгIуш йолу нана Кесират а ца Iеелира йист ца хуьлуш.

— И эхь ма дара аша вайна тIедаийтаза. Хьеха а ма делаш.

Висарсолта хьалагIаьттира.

— Кхин хьахо ма хазийталаш суна! — аьлла аравелира иза.

Бауддий, Зарганний вукху цIа чу дахара. Зарган, бIаьргех оьху хиш дIа а дохуш, стоьла хьалха охьахиира. Баудди дIай-схьаь волавелла лелара, ойланаш еш. ЦIеххьана стоьла хьалха Зарганна дуьххьала саца а сецна, элира цо:

— Суна хаьа дан дезарг.

Зарган сиха вешега хьаьжира.

— ХIун дан деза? — хаьттира цо дегайовхонца.

— Вайшиъ вечерни школе деша даха деза.

Зарган цец а яьлла хьоьжура вешега.

— Суна артист хила лаьа, — элира цо.

Бауддис сацам боллуш элира, вела а къежаш:

— Хир ю хьо артист! Со а хир ву артист!

Зарган ца тешаш хьоьжура вешега.

— Дукха цец а ма хила хьо. Дадиний, нанний хьалхахь вайшиъ школе деша оьхург хир ду, ткъа вайшиъ, деша ихина ца Iаш, ансамбле а оьхур ду.

— Хиича?

— Цкъа мацца хиина а хааза-м дуьсур дац, ткъа хIетале хийла хийцамаш хир бу.

Оцу сарахь дIахаийтира цара шиммо дегей, неней шаьш суьйренан школе деша дахар сацийна, аьлла. ХIетахь дуьйна тешна вара да бераш деша оьхуш хиларх, церан дагара ансамбль дIаяларх. Ткъа бераш-м дара ансамблехь болх а беш, деша а доьшуш.

Паркехула схьадогIуш дара Бауддий, Зарганний, Баккхий нах гина царна тIедеара и шиъ.

— Дада, Зяуди, тхуна билеташ делла театре, ткъа тхо деша даха дезаш ду, шу гIойша цига. Вайн нохчийн, гIалгIайн хелхарш деш йоккха концерт хир ю цигахь тховса, — аьлла дIакховдийра Бауддис билеташ.

— ГIо вайша, — аьлла схьаийцира Висарсолтас сийна билеташ. — Хьажа вайша хелхаршка, цаI дацахьара нах а оьхур бацара цига.

— Мегар ду. Буьйса тIееача хIун дийр ду ца хууш хуьлу со. Наб а ца кхета хенахь,— элира Зяудис резахуьлуш.

Бауддис Заргане бIаьрг таIийра.

— Дада кхузахь кхо билет ду. ЦаІ нанийна а ду.

— Дика ду. Цхьаний гІур ду тхо.

ТІееара суьйре. КІеда маьхьсеш а, гІовталш а юьйхина кечвелла хьалхаваьлла Висарсолтий, Зяудий волуш, тІаьхьа хІоьттина Кесират а йолуш дІакхечира баккхий нах театре. Церан меттигаш хьалхарчу рядехь яра. ЧІогІа хазахеташ, лерина кечйинчу зала чухула дІа-схьа хьоьжура воккха ши стаг. Массо а хІума тамашийна хетара.

— Хьовсийша и кирхьа хуьтах тегна дуйца, — бохуш цІечу кирхьане хьоьжура Кесират. — Кхин кхоам ца хеташ олла а оьлланий сел деза хутт кхуза.

— Мехала долу деша товш а ду!— элира Зяудис.

— Хезий хьуна, — аьлла Висарсолте йистхилира Кесират. — Хьайн коьртара куйн дІабаккха, вицвелла хьо Бадис хьайга баьхначунна,— элира цо кІентан цІе Бади аьлла а йоккхуш.

Баьшна кортош къагош, воккхачу шина стага цхьаьний дІадехира куйнаш. Зала чохь цхьа жима лампа бен ца юьсуш важа ерш ерриге а дІаяйра. ЦІехьана кирхьа меллаша дІаделладелира. Сцени тІехь лаьтташ бара артисташ ши могІа бина. Ехий гІабалеш юьйхина мехкарий хьалхарчу могІанехь бара, царна тІехьарчу цхьана лекхачу хІуманна тІехь лаьттара цхьабосса чоьэш дуьйхина, сирачу холхазан куйнаш техника кегий нах. Залехьа букъ берзийна лаьттачу стага ши куьг ластийра, массара а, Димаевс пондар а локхуш, дІадолийра вежараллин илли-кантата. Иллино дуьйцура вайн хазчу, боккхачу Даймахках лаьцна, цо кхойкхура массо а советски адамашка керлачу кхиамашка. ТІаххьара а, вайн боккхачу махкара вежараллин барт кхуллуш, денна и чІагІбеш йолчу партина баркалла а олуш чекхделира илли.

Зрительни зал тІараш детташ екийра. Екхаелла,

гIадъяхана хьоьжура Кесират, гажа а гежна Iачу вокхачу шина стаге.

Висарсолтас пхьаьрсан гола Iоьттира Зяудих.

— Муха хета хьуна? Башха ала ца хууш-м ца эли цара илли.

— Дера дика ма эли. Мукъамехь эли илли-м.

Гучувелира конферансье.

— Хьалхарчу номерехь шуна вайн халкъан артисто Димаев Iумара локхур ю баккхийчу нехан йиш! Тховсалерчу концерте хьовса баьхкина баккхий нах дуккха а бу, церан сий деш, уьш лараруа дIайоьллур ю вай вешан программа!

ТIараш тоьхна, цуьнан дешнаш къобал деш, юха а екийра зал.

Пондар озийра Димаевс. Моьттур дара цуьнан дуткъий пIелгаш цу пондаран цхьа меженаш а йолуш и пондар шашах лекхало. Кхин дика аз дала а долий те цу пондарера аьлча санна дика локхура Димаевс иза.

Эшаре ладоьгIучу бакхийчу нехан ойланаш генна дIаяхара. Шайн жималлехь дуьйна схьабеанчу некъа юккъера тIаьхьий-хьалхий цхьацца суьрташ хьалха хIуьттуш ойланаш йора цара. Пондаран аьзнаш а дара ойланаш йойтур йолуш.

Пондар сецначул тIаьхьа а лаьттира зала чохь жимма тийна, эшаро массо а дIатевича санна. Юха цхьаммо, гIийла, цахIуттуш санна тIараш туьйхира, оцу сохьта зала чохь мел волчо а долийра тIараш детта.

ДIадоладелира хелхарш. Дукхе дукха тIахъаьлла хьийзаш хелхарш дора артисташа. Ерриге а дог-ойла сцени тIехь йолуш, шаьш-шиммо муха хIун до ца хууш, хелхаршка дукха шовкъе хиллачу Висарсолтассий, Зяудиссий хиина Iаччохь меттахъхьедора когаш пондаран эшарехь.

— ХІара ду хьуна гІуллакх! Дош дан а дац иштта халхарш а деш ца диича дуьне!

— Хелхаре кІеж йохуьйтур йолуш бу кІентий-м.

— Дала хан яхйолда шун! — бохуш гІадъяхана Кесират а яра, сцена тІе бІаьргаш а боьгІна, кхин дерг дерриге а диц а делла.

Еха маж йолчу артистой, баккхийчу зударийн бедар юьйхинчу артисткой хелхар дича гуттар гІадваханера Висарсолта.

Ша театрехь хилар диц а делла, мохь туьйхира цо:

—Хьавзаелахь! — аьлла.

Кхин а тайп-тайпана хелхарш а дина, эшарш а лекхна концерт чекхъелира.

ЦІехьа дахара Висарсолтий, Зяудий, Кесираттий. Новкъахь юх-юха дуьйцура цара хелхарех а, эшарех а лаьцна.

— Давала хьан дуьне,— элира Зяудис. — Со велара ткъа шо хан йолуш ма де буьйса ца доккхуш дІаязлур вара со цу асабле.

— Хьаха бу кІентий-м хелхабовла хууш. Тхайнаш ца хили-кх хІуманна а корматалла йолуш.

— Хьаха хир бара, — элира Кесирата, — церан лаам боллучу хенахь ахьа дуьхьало а ца еш дІаязбалийтинехьара.

— ХІе-хІе-хІе, хІинца сан бехк ма белахь. Хьо хьуо яцара эхь тІедогІур ду баьхнарг?

— Яра. Ахьа хьалхара аьлча тІаьхьара олуш хила ца еза со? Хьо вара хьалха дуьхьал ваьлларг.

— Хьанна моттара хІара иштта театр ю, хІорш иштта артисташ бу. Хууш хиллехьара-м кхин дуьйцур дара аса.

— Дера хиллера дахийта дезаш ший а, — элира Зяудис бехк боккхуш.

Оцу буса вехха Іиллира Висарсолта наб ца кхеташ, ха хоьрцуш. БІаьргашна дуьхьалара дІа ца довлура хелхарчийн суьрташ. Етта вота а, пондаран аьзнаш а хІинца а дара лергаш чохь зов деш декаш.

ШолгІачу дийнахь Іуьйранна вовшашка шабар-шибар деш дара Бауддий, Зарганний.

— ХІан-хІа, ахьа ала,— бохура Бауддис.

И шиъ долчу чувеара Висарсолта. Вела а къежаш хаьттира цо:

— Бади, кхин маца дахьар ду ахьа тхуна театре билеташ?

Баудди Заргане хьаьжира. Заргана цергашца лахара балда а лаьцна корта таІийра.

— Хазахийтирий шуна ансамблехь? — хаьттира Бауддис, шега динчу хаттарна дуьхьал жоп а ца луш.

— Дера хийтира дукха хаза-м! Цкъа а кІордор дацара суна цу хелхаршка хьежа... Шу ца хили-кх цхьа а и тайпа говзалла йолуш.

Чуелира нана. Бауддис Заргане бІаьрг а таІийна элира:

— И хелхарш дан-м йоккха говзалла ца оьшу...

— Ца оьшу дера багахь-м, — элира нанас цаяшарца. — Уьш хелхабуьйлуш тергал а бай хьо валалур ву, вац хьажал хьо.

— Мичара! — аьлла куьг тесира Висарсолтас.

— Дика ду хІета,— элира Бауддис, кхин иштта дака аьтту нислур а бац ша йишица цхьаьна ансамбле оьхуш хилар дІахаийта, аьлла дагадеана: — Шушиъ кху чохь саца, аса неІарх пІелг тоххалц. Юха аса хаам ма биннехь, нана, ахьа пластинка лакха йолаялийталахь, — аьлла радиоприемник тІе пластинка а йиллина дехьа чу вахара Баудди, кхайкхина Зарган цу чу дІа а юьгуш.

Жимма хан яьлча неIарх пIелг туьйхира. Нанас приемник дIайолаялийтира. Схьахезира баккхийчу нехан хелхаран йиш. ДIаеллаелира неI. Ден чоий, гIовталлий юьйхина, куйн а тиллина неIарал чоьхьа волшехьа баккхийчу нехан хелхар дIадолийра Бауддис. Цунна тIаьххье хелхар а деш чуелира Зарган, ненан коч а юьйхина, корталий а тиллина. Дений, нанний сийсара гинна хелхар дара хIинца гушдерг а, хелхаволучуьнан цхьа маж ца хилар бен доцуш. ЧIогIа цецдаьллера дай, наний, ший а цхьабосса деладелира. Пластинка саццалца хелхар дира вашассий, йишассий кест-кеста дас мохь а тухуш.

— ХIай-хIай! Диканаш! — олий.

Хелхар чекхдаьлча, сцени тIехь артисташ ма баххара, суждана дахара ваший, йиший дений, нанний хьалха.

— Остопирулла! — бохура цецъяьллачу нанас.

Леррина шен зудчуьнга а хьаьжна берашкахьа вирзира Висарсолта.

— Иштта доьшуш дара шуьшиъ буса деша оьхуш?

— Дера, дада, тхойшиъ вечерни школе деша а ма оьху, цул совнаха ансамбле а ма язделла.

— Шуьшиъ хилла-кх сийсара хелха дийлинарг! Хьажахь! — бохура нанас.

— Дадас дов дарна кхоьруш лачкъийнера оха ансамбле эхар.

— Шайна луъург бен дийр доцуш хилла-кх шуьшиъ, — элира дас.

— Дада, бехк ца биллар доьху оха шуьга бакъдерг ца дийцарна.

— Бехк ца буьллу аса-м. Аша воних ца Iамийна, диканиг Iамийна, цундела къинтIера волу со шуна,— элира Висарсолтас.

— Мегар дуй, дада, тхойшиъ ансамбле эха?

— Мегар ду, — аьлла жоп делира дас. Юха тIетуьйхира: — Мегар ду аша тхуна кест-кеста билеташ дахьар делахь!

— Дахьар ду! — аьлла, цхьабосса жоп делира йишассий, вашассий.

Висарсолта, хьала а гIаьттина, неIарехьа волавелира. Нанас хьаттира:

— Ахьа хIун до?

— Зяуди волчу воьду! — жоп делира Висарсолтас, вела а къежаш.

— ГIо, гIо, — элира нанас цуьнан дагара хууш, хIинцале дуйна йоккха а еш Зяудис тамаша беш тIеоьцу болчу хаамах. ТIаккха берашна тIе а яхана уьш марадоьхкира цо: — Сан диканаш! — олуш.

ЧУЛАЦАМ

1965-чу шаре Нохч-ГІалгІайн чухула лелавахар . . 3
ДоттагІий 66
Вухаверза йиш яц 102
Холмач 113
Юьрта балха 122
Артисташ 131

ДЛЯ ДЕТЕЙ СТАРШЕГО ВОЗРАСТА

Умар Эдилсултанович Гайсултанов

В ГОРАХ КАВКАЗА

(на чеченском языке)

Редактор *М. М. Мусаев.*
Художественный редактор *Евменова Н. И.*
Технический редактор *Кузьменкова Н. Т.*
Корректор *Дадуев А. Д.*

✲

Сдано в набор 16.III 1960 г. Подписано к печати 10.VI 1960 г.
Формат 60x84/16. Объем 8,75 (7,68) п. л. Уч.-изд. л. 5,95
СФ01742 Тираж 3000

Чечено-Ингушское книжное издательство,
Грозный, Ленина, 14.

✲

Заказ 1898.

Типография имени 11 августа 1918 года.
Грозный, проспект Революции, 30|3.
Цена 1 р. 80 к.